

Pamekar Diajar

# **BASA SUNDA**

**KIKD Kurikulum 2013**

**Buku Tuturus Guru SMP/MTs**

## **Kelas VIII**



**DINAS PENDIDIKAN PROVINSI JAWA BARAT**  
**2014**

# Pamekar Diajar BASA SUNDA

KIKD Kurikulum 2013

**Buku Tutorials Guru SMP/MTs Kelas VIII**

Hak cipta © kagungan Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat  
Ditangtayungan ku Undang-undang

**Disklaimer:** Ieu buku téh diajangkeun pikeun guru basa Sunda dina raraga larapna Kurikulum 2013. Ieu buku disusun tur ditalaah ku hiji tim kalawan dikoordinasi ku Balai Pengembangan Bahasa Daerah dan Kesenian (BPBDK) Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat minangka buku kurikulum daerah. Mimitina dipakéna buku taun 2014. Ieu buku téh sipatna “dokumén hirup”. Hartina bakal tuluy disarungsum luyu jeung kabutuh katut panéka jaman. Pangdeudeul ti rupining pihak dipiharep bisa ngundakkeun ajén ieu buku.

---

#### **PANYUSUN:**

Tatang Sumarsono

Ahmad Hadi

Ano Karsana

Asep Ruhimat

Darpan

Dede Kosasih

H. Dingding Haerudin

H. Yayat Sudaryat

Risnawati

#### **PENELAAH:**

Prof. Dr. H. Iskandarwassid, M.Pd.

Dr. Hj. Ai Sofianti, M.Pd.

Drs. H. Elin Syamsuri

Drs. Apip Ruhamdani, M.Pd.

Budi Riyanto

**Rarancang Eusi:** Yoshi Sukadar

**Rarancang Jilid:** Yoshi Sukadar

Eusi ngagunakeun Adobe InDesign CS3 jeung Adobe Photoshop CS3

Aksara ngagunakeun Bembo Std 12 pt – 24 pt.

Dipedalkeun ku:

**DINAS PENDIDIKAN PROVINSI JAWA BARAT**

ISBN: 978-602-1300-22-0 (Jilid Lengkap)

978-602-1300-24-4 (Jilid 2)

Perpustakaan Nasional : Katalog Dalam Terbitan (KDT)

# PANGBAGÉA

## KEPALA DINAS PENDIDIKAN PROVINSI JAWA BARAT

Alhamdulillah, ieu buku pangajaran basa Sunda tiasa ngawujud, enggoning nyaosan implemèntasi Kurikulum 2013, pikeun ngeusian lolongkrang Muatan Lokal Mata Pelajaran Bahasa dan Sastra Daerah di Jawa Barat.

Hasil garapan tim panyusun tèh aya dua rupi buku nyaéta buku murid sareng buku guru. Èta tèh mangrupa bagian tina pakèt Kurikulum Daerah, hususna ngeunaan pangajaran basa jeung sastra daèrah, dumasar kana Permendikbud No. 81A/2013, ngeunaan implementasi kurikulum. Pami diwincik deui, sanès mung buku wungkul bagian èta Permendikbud tèh, tapi deuih ngawengku Kompetensi Inti jeung Kompetensi Dasar (KI-KD), silabus, sareng Rencana Pelaksanaan Pembelajaran (RPP).

Ku medalna ieu buku, dipiharep implementasi kurikulum 2013, hususna ngeunaan pangajaran muatan lokal basa jeung sastra daèrah di Jawa Barat tiasa dilaksanakeun kalawan merenah, luyu sareng udaganana. Saparantosna dialajar ngeunaan basa jeung sastra daèrah, dipiharep dina diri murid aya parobihan anu tètèla, boh unsur sikepna (*attitude*), boh pangaweruhna (*knowledge*), boh kamampuh ngagunakeun katut karancagèan (*performance; behavior*). Singgetna mah èta unsur anu tilu tèh bisa disebut kompetènsi.

Kalungguhan guru dina posisi agèn parobahan utama enggoning ngaimplemèntasikeun kurikulum 2013 teu kinten pentingna. Aya hiji hipotèsis basajan, saupami guru kagungan kompetènsi anu nohonan pasaratan Kurikulum 2013, tangtosna gè kalebet guru basa daèrah deuih, tinangtos èta kurikulum bakal tiasa diimplemèntasikeun kalawan merenah. Ku margi kitu, dina nataharkeun sareng ngaronjatkeun kompetènsi guru tèh, di antawisna ku cara nysusun buku padoman guru, kalebet tarèkah anu kedah kènging pangajèn.

Muga-muga waè harepan urang sadaya ngeunaan ayana parobihan anu tétéla dina dunya atikan ku diimplémentasikeunana Kurikulum 2013 téh tiasa ngawujud, enggoning lahirna *Generasi Emas Indonesia* dina taun 2045 nu badé dongkap.



Bandung, Desember 2013

Kepala Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat,

**Prof. Dr. H. Moh. Wahyudin Zarkasyi, CPA**

Pembina Utama Madya

NIP. 19570807 198601 1 001

# PANGBAGÉA

## KEPALA BALAI PENGEMBANGAN BAHASA DAERAH DAN KESENIAN DINAS PENDIDIKAN PROVINSI JAWA BARAT

Kurikulum 2013 ti wangkid ayeuna parantos ngawitan dianggo sacara nasional. Jalaran kitu, pangajaran basa jeung sastra daérah nu diperenahkeun janten muatan lokal di Jawa Barat kedah luyu sareng Kurikulum 2013 hususna patali luyuna sareng elemén-elemén parobihan anu janten karakteristik Kurikulum 2013 anu ngawengku: *Standar Kompetensi Lulusan, Standar Isi, Standar Prosés, sareng Standar Penilaian*. Éta katangtosan kedah kacangkem sareng kalaksanakeun ku sakumna guru-guru basa jeung sastra daerah anu mancén tugas di SD/MI, SMP/MTs, SMA/MA, sareng SMK/MAK.

Ieu buku bahan ajar téh dijudulan *Pamekar Diajar Basa Sunda*, sadayana aya 24 jilid, ngurung buku siswa 12 jilid sareng buku guru 12 jilid. Kalungguhanana janten buku babon anggoeun di sakola nu aya di Jawa Barat. Buku murid diajangkeun pikeun sakumna murid dumasar kana tingkatan kelas. Buku Murid eusina medar materi ajar sareng pertanyaan-pertanyaan, latihan, tugas/pancen anu raket patalina sareng kompetensi dasar (KD). Buku Guru eusina medar silabus, métodologi pangajaran, sareng évaluasi, ogé mangrupi pangjembar buku murid.

Komponén-komponén anu dimekarkeun boh dina buku murid atanapi buku guru dumasar kana opat kaparigelan basa anu ngawengku ngaregepkeun, nyarita, maca, sareng nulis anu diajarkeun maké pamarekan saintifik sareng penilaian auténtik. Hal ieu dumasar kana karakteristik Kurikulum 2013 nu ngalarapkeun pameran saintifik sareng penilaian auténtik dina prosés pangajaran.


Disusuna ieu buku téh mangrupa lajuning laku tina Surat Edaran Kepala Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat, Nomor 423/2372/Setdisdik, 26 Maret 2013, negunaan Pembelajaran Muatan Lokal Bahasa dan Sastra Daerah pada jenjang SD/MI, SMP/MTs, SMA/MA, SMK/MAK. Sajabi ti eta, ogé

dumasar kana Peraturan Gubernur Jawa Barat Nomor 69 Tahun 2013, ngeunaan Pembelajaran Muatan Lokal Bahasa dan Sastra Daerah pada Jenjang Pendidikan Dasar dan Menengah.

Muga-muga waé ieu buku téh aya manpaatna ka urang sadaya, tur janten cukanglantaran dina merenahkeun sareng memeres basa jeung sastra daerah, anu udagan langkung tebihna pikeun ngamumulé sareng mekarkeun basa jeung sastra daérah, ngalangkungan jalur atikan di Jawa Barat.

Tangtosna ogé ieu buku téh teu acan tiasa disebut sampurna. Ku margi kitu, teu kinten diantos-antosna kamadang ti sadayana. Saukur kakirangan anu nyampak dina ieu buku bakal teras didangdosan, supados tiasa nyumponan pameredih sareng kaayaan pajaman.

Bandung, Desember 2013  
Kepala Balai Pengembangan  
Bahasa Daerah dan Kesenian,



**Drs. H. Husen R. Hasan, M.Pd.**

Pembina Tk. I

NIP. 196110051986031014

# PANGAJAP

Kurikulum 2013 saenyana mangrupa Kurikulum Berbasis Kompetensi (KBK) pikeun nyanghareupan panéka jaman, utamana mah kompetensi atawa kamampuh abad ka-21. Dina ieu abad, daék teu daék butuh karancagéan dina rupining widang, kaasup kamekaran téhnologi, informasi, jeung komunikasi (TIK) milu nangtukeun warna pangajaran basa Sunda.

Luyu jeung éta hal, rumusan kompetensi sikep (agama jeung sosial), kaweruh, jeung kaparigelan nu dipaké dadasar dina Kurikulum 2013 kudu ngaheulakeun pentingna karancagéan jeung komunikasi. Najan kitu, dina pangajaran basa Sunda mah diténahan ogé kahasan basa jeung budaya Sunda minangka média jeung wahana pangajaran basa Sunda.

Téma-téma dina buku pangajaran basa Sunda diluyukeun kana téma-téma dina pangajaran tématis SMP/MTs nu sipatna nasional. Kompetensi nu dipiharep ku barudak SMP/MTs dirumuskeun minangka kamampuh mikir jeung paripolah nu rancagé dina ranah nyamuni (abstrak) jeung nembrak (konkrit). Eta kamampuh téh diécéskeun dina kompetensi inti (KI) anu dipidangkeun ku kaweruh dina basa Sunda anu bener tur merenah, ngéntép seureuh, sarta luyu jeung kontéks situasi. Eta kamampuh téh dirancang dina prosés pangajaran winangun papancén (*project based learning*) jeung ngoréhan (*discovery learning*) anu nyoko kana léngkah-léngkah ngilmiah (*saintifik*) kayaning niténan, nanya, nyoba (nyungsi), nalar, jeung kedaling (ngomunikasikeun).

Ieu buku ngawincik tarékah minimal nu kudu dipilampah ku murid dina ngahontal kompetensi nu dipiharep. Luyu jeung pamarekan dina Kurikulum 2013, murid diperedih gedé kawanina tur kadaék dina ngoréhan kaweruh perkara basa jeung sastra Sunda, anu engkéna parigel maké basa Sunda. Dampakna murid boga sikep anu hadé kana basa jeung sastra Sunda katut hirup kumbuhna, bari teu mopohokeun sikep agama.

Tangtu waé réa kénéh kahéngkérén ieu buku téh. Panyawad katut pangdeudeul pikeun nyampurnakeun ieu buku pohara dianti-atina.

Bandung, Oktober 2013



# DAPTAR EUSI

## PANGBAGEA:

1. Kepala Dinas Pendidikan  
Provinsi Jawa Barat \_ iii
2. Kepala Balai Pengembangan Bahasa Daerah dan Kesenian Dinas  
Pendidikan Provinsi Jawa Barat \_ v

## PANGJAJAP \_ vii

## BAB I: PITUDUH UMUM

A. Ngeunaan Buku Tuturus Guru.....	2
B. Padika Make Buku Tuturus Guru.....	2
C. Tatapakan Formal .....	4
D. Sistim, Prinsip, jeung Pamarekan Pangajaran .....	4
E. Standar Kompetensi Lulusan (SKL) .....	5
F. Proses Pangajaran .....	5
G. Kompetensi Inti (KI) jeung Kompetensi Dasar (KD) Kelas VIII SMP/MTs .....	6
H. Péta Konsép .....	8

## BAB II: PITUDUH HUSUS

### Pangajaran 1: Kawih

A. Ngaregepkeun Kawih.....	11
B. Mahamkeun Eusi Kawih.....	12
C. Medar Eusi Kawih.....	14
D. Pancén.....	24

## **Pangajaran 2: Warta**

A. Maca Warta .....	36
B. Medar Warta .....	37
C. Nyarungsum Eusi Warta.....	38
D. Pancén.....	40

## **Pangajaran 3: Guguritan**

A. Nembangkeun Guguritan dina Pupuh Sinom .....	46
B. Mahamkeun Eusi Guguritan .....	47
C. Nyangkem Guguritan.....	49
D. Nulis Guguritan.....	57
E. Pancén.....	57

## **Pangajaran 4: Sisindiran**

A. Maca Sisindiran dina Paguneman .....	61
B. Nyangkem Sisindiran.....	61
C. Nulis Sisindiran.....	62
D. Maca Sisindiran dina Wangun Drama .....	63
E. Pancén.....	68

## **Pangajaran 5: Biantara**

A. Maca Biantara .....	73
B. Nyangkem Eusi Biantara.....	74
C. Niténan Biantara .....	75
D. Pancén .....	77

## **Pangajaran 6: Bahasan Budaya Sunda**

A. Maca Bahasan .....	80
B. Medar Eusi Bahasan .....	81
C. Nulis Bahasan .....	83
D. Nyarungsum Eusi Bahasan.....	85

## **Pangajaran 7: Surat**

A. Maca Surat Dines .....	101
B. Maca Surat Pribadi.....	103
C. Maca Surat Ondangan Hajat .....	105

D. Medar Surat .....	107
E. Pancén.....	109

### **Pangajaran 8: Carita Pondok**

A. Maca Carita Pondok.....	114
B. Medar Carita Pondok.....	115
C. Niténan Carita Pondok .....	116
D. Pancén Kelompok.....	117
E. Nulis Carita Pondok .....	120
F. Pancén .....	121

## **BAB III: PITUDUH MEUNTEUN**

A. Kritéria Meunteun Katutasan Minimal (KKM).....	124
B. Rubrik Meunteun Sawala (Diskusi) .....	124
C. Rubrik Meunteun Sikep .....	125
D. Rubrik Meunteun Latihan .....	125
E. Rubrik Meunteun Maca.....	125
F. Rubrik Meunteun Nembang.....	126
G. Rubrik Meunteun Biantara .....	126
H. Rubrik Meunteun Ngarang .....	127
I. Rubrik Meunteun Aksara Sunda .....	127
J. Daftar Peunteun Murid .....	127
K. Refleksi Guru .....	128

## **BAB IV: BAHAN PANGJEBAR**

Pangajaran 1: Kawih .....	130
A. Wangun Karya Sastra .....	130
B. BASA .....	131
Pangajaran 2: Warta.....	137
Pangajaran 3: Guguritan.....	142
Pangajaran 4: Sisindiran.....	157
Pangajaran 5: Biantara .....	165
Pangajaran 6: Bahasan Budaya Sunda .....	166

Pangajaran 7: Surat .....	167
Pangajaran 8: Carita Pondok .....	167
A. Kamekaran Carita Pondok.....	167
B. Papasingan Carita pondok.....	170
<b>PABUKON</b> .....	175
<b>BIOGRAFI</b> .....	176

## Bab I

# PituduH Umum

## A. Ngeunaan Buku Tuturus Guru

Ieu buku disusun sangkan guru meunang gambaran anu écés dina ngalaksanakeun kagiatan pangajaran basa Sunda. Eusina ngawengku sawatara hal.

1. Wincikan léngkah-léngkah pangajaran dina raraga méré gambaran ka guru pikeun ngahontal kompetensi dasar (KD) jeung indikator.
2. Susunan léngkah-léngkah kagiatan anu ngagambarkeun pangajaran nu gumulung tur ngamalir.
3. Léngkah pangajaran nu disusun dipiharep bisa ngahontal pangalaman diajar nu miharti (*meaningfulness*) pikeun ngawangun sikep jeung paripolah hadé, ngawasa konsép, kaparigelan mikir nu ilmiah (saintifik), kamampuh ngaréngsékeun masalah, karancagéan, pribadi nu sonagar (répléktif), tur numuwuhkeun rasa basa Sunda.
4. Dadaran rupining téhnik pikeun meunteun kamampuh murid.
5. Wawaran pikeun calecer (acuan) kagiatan rémédiat jeung ngajembaran pangaweruh murid.
6. Pidangan kagiatan diajar nu silih simbeuh tur silih élédan (*sharing*).
7. Pituduh ngeunaan cara maké buku babon murid.

Kagiatan dina ieu buku dirancang pikeun mekarkeun kamampuh (sikep, kaweruh, jeung kaparigelan) murid kalawan gumulung tur rinéka. Ari paripolahna ngawengku:

1. Muka pangajaran ku karep murid saperti maca atawa ngaregepkeun téks, tumanya, ngawih, kaulinan, démonstrasi, pidangan masalah, jsté.
2. Nepikeun tujuan pangajaran nepi ka murid bisa nyangreb wawaran nu ditepikeun.
3. Ngali kaweruh murid samémehna sangkan bisa ngait jeung kaweruh nu bakal diulik.
4. Papancén nu malapah gedang sangkan murid kabantu dina nyangkem konsép.
5. Méré lolongkrang pikeun ngalatih kaparigelan murid.
6. Méré unduring laku (umpan balik) pikeun ngukuhan pamahaman murid.

## B. Padika Make Buku Tuturus Guru

Ieu buku Tuturus Guru téh mibanda kagunaan ganda, jaba ti pituduh maké buku babon murid ogé jadi calecer (acuan) keur kagiatan pangajaran di kelas. Guru dipiharep niténan heula sawatara hal nu dipidangkeun dina ieu buku.

1. Baca heula ieu buku kalawan telik tur imeut unggal kaca.
2. Cangkem heula tiap-tiap KD jeung indikator pangajaran.
3. Tarékahan pikeun ngasupkeun KI-1 jeung KI-2 dina sakumna kagiatan pangajaran. Guru kudu nguatan jeung ngukuhan tarékah pikeun ngawangun sikep, kaweruh, katutg paripolah murid anu hadé.
4. Deudeul kahontalna KI-1 jeung KI-2 ku kagiatan “pembiasaan”, pieunteungeun, pituladeun, jeung kultur di sakola anu hadé.
5. Luyukeun tiap-tiap léngkah kagiatan dina buku tuturus guru jeung buku babon murid.
6. Mekarkeun gagasan rancagé dina milih padika pangajaran. Sungsi ogé kagiatan séjén lamun kaayaan teu luyu jeung naon-naon nu geus dirancang.
7. Rupining stratégi pangajaran nu rék dimekarkeun (kayaning murid niténan, nanya, nyaritakeun, metakeun, ngawih, jsté.) kudu ngalibetkeun muridna sorangan jeung ngalibetkeun warga atawa lingkungan sakola.
8. Guru dipiharep mekarkeun:
  - a. Méthode “pengajaran aktif, inovatif, kréatif, éféktif, dan menyenangkan (PAIKEM)”;
  - b. Timbang-timbang ogé maké pamarekan komunikatif jeung kontékstual;
  - c. Kaparigelan nanya atawa tumanya;
  - d. Kaparigelan muka jeung mungkas pangajaran;
  - e. Kaparigelan ngolah kelas jeung pidangan kelas.
9. Gunakeun media jeung sumber diajar nu aya di sabudeureun sakola atawa patali jeung sosial budaya Sunda.
10. Alokasi waktu nyoko kana struktur kurikulum. Guru bisa nangtukeun sorangan alokasi waktu luyu jeung minggu éféktif, situasi katut kaayaan di sakola.
11. Dina sataun ajaran kelas VIII aya dalapan materi anu kudu dibagi ku guru kalawan proporsional keur dua seméstreun. Kudu ditimbang-timbang ogé alokasi waktu antara seméster I jeung seméster II sangkan pangajaran bisa ditepikeun luyu jeung alokasi waktu anu nyampak.
12. Unggal matéri galeuh rata-rata dirancang keur sabulaneun (4 x lawungan).
13. Kagiatan dina minggu kahiji dimimitian ku niténan bahan, karep réseptif (ngaregepkeun jeung maca), minggu kadua mangrupa kagiatan nyoba jeung ngulik, ari minggu katilu jeung kaopat ngalarapkeun atawa midangkeun (kagiatan kréatif nulis jeung nyarita) hasil tina minggu kahiji jeung kadua. Murid digiring sangkan kaasah daya nalar jeung mikirna kalawan ngaleunjeur. Kagiatan dirancang pikeun méré lolongkrang tumanya jeung ngali wawaran nu deukeut jeung murid.

14. Hasil pagawéan murid jeung bukti peunteun bisa dikumpulkeun dina portofolio murid.
15. Pikeun tarékah ngoméan diri jeung minggu éféktif, jieun catetan réfleksi sanggeus hiji téma atawa bahan réngsé katepikeun.
16. Deudeul murid sina resepeun kana basa Sunda sarta yakinkeun yén manéhna téh cerdas tur bisa.
17. Sangkan tujuan pangajaran kahontal, guru ogé perlu saregep, enya-nya, tur sabar dina nyanghareupan murid. Ari sababna, kamampuh murid téh béda-béda. Katambah-tambah teu sakumna padika pangajaran loyog pikeun sakumna guru, murid, tempat, waktu, jeung bahan ajar.

### **C. Tatapakan Formal**

Bahan ajar basa Sunda anu dipidangkeun dina ieu buku dumasarkana Kurikulum 2013, ngawengku kasang tukang, karakteristik, jeung tujuanan. Kurikulum basa Sunda atawa Kompetensi Inti jeung Kompetensi Dasar (KIKD) Mata Pelajaran Basa jeung Sastra Sunda disusun jeung dikaluarkeun ku Balai Pengembangan Bahasa Daerah dan Kesenian (BPBDK), Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat. Lamun disusun ka luhurna, ngindungna mah tangtu waé kana Kurikulum Tingkat Nasional, da nu ieu mah kaasup kana Kurikulum Daerah (Kurda).

Kurikulum Basa Sunda anu disusun ku BPBDK téh diwincik jadi KIKD, luyu jeung pola struktur Kurikulum Nasional. KIKD disusun mangrupa struktur anu maneuh, tur salawasna kudu jadi padoman dina kagiatan diajar-ngajar. Cindekna, sajeroning guru ngajarkeun basa Sunda, dipahing méngpar tina katangtuan KIKD, téma, jeung alokasi waktu. Ari dina lebah milih bahan katut ngajarkeunana mah guru dibéré lolongkrang keur ngembangkeun karancagéanana.

Ieu buku poma ulah dianggap hiji-hijina sumber keur tuturus guru. Ari sababna, naon-naon nu diperedih ku KIKD téh moal sagemblengna kacumponan mun ukur ngandelkeun tina hiji sumber. Kudu aya sumber-sumber lianna pikeun pangrojong kagiatan diajar-ngajar, di antarana média massa, bagbagan paélmuan lianna, jeung kondisi sosial budaya masarakat Sunda. Nya ka lebah dinya pisan guru kudu rancingeus pikeun néngan jeung ngungkab bahan pangrojong sangkan KIKD bisa kahontal jeung kacumponan.

### **D. Sistim, Prinsip, jeung Pamarekan Pangajaran**

Sakabéh matéri dina ieu buku diluyukeun jeung sistem pidangan buku babon murid, nu dipidangkeun maké sistem spiral; dimitian ti nu babari heula,



terus ningkat ka nu hésé. Heula pandeurina nyusun bahan anu dumasar kana babari héséna téh tumerap kana saban pangajaran.

Sistem spiral anu dignakeun dina ieu buku dumasar kana prinsip proporsional, tur tahapan (gradasina) henteu patarenggang. Hal ieu bisa tumerap dina wangun lahiriahna (panjang-pondokna, basajan-kompleksna) kecap, kalimah, atawa wacana, bisa deuih dina eusi atawa substansina (gampang-henteuna).

E. Standar Kompetensi Lulusan (SKL)

Ranah	SD/MI	SMP/MTs	SMA/SMK/ MA/MAK
Sikep	Nampa, ngajalankeun, ngajénan, jeung ngamalkeun		
	Pribadi nu iman, ahlak mulya, percaya diri jeung tanggung jawab dina patali marga kalawan merenah jeung lingkungan masarakat, alam sabudeureun, sarta dunya katut adabna.		
Kaparigelan	Nampa, nanya, nyoba, ngolah, midangkeun, nalar, jeung ngalarapkeun		
	Pribadi nu mampuh mikir jeung lumampah kalawan merenah tur rancagé dina ranah nyamuni (abstrak) jeung nembrak (konkrit).		
Kaweruh	Mikanyaho, nyangkem, nerangkeun, ngolah, jeung meunteun.		
	Pribadi nu ngawasa élmu kaweruh, téhnologi, seni budaya, sarta wawasan kamunasaan, kabangsaan, kanagaraan, jeung peradaban.		

F. Proses Pangajaran


Prosés pangajaran lumangsung maké pamarekan saintifik, anu léngkah-léngkahna:

1. Niténan (*mengamati*), ku cara maca, ngaregepkeun, atawa nongton;
2. Nanya (*menanya*), ku cara ngayakeun tanya jawab atawa sawala;
3. Nalar (*menalar/mengasosiasi*), ku cara nambahan kaweruh anu leuwih jembar;
4. Nyungsi atawa nyoba (*eksplorasi/eksperimen*);
5. Midangkeun, ngedalkeun, atawa nepikeun (*mengkomunikasikan*)
6. Ngawangun ramatloka (*networking*) ku cara néangan bahan tina sumber anu lian.

## G. Kompetensi Inti (KI) jeung Kompetensi Dasar (KD) Kelas VIII SMP/MTs

KOMPETENSI INTI (KI)	KOMPETENSI DASAR (KD)
8.1 Menghayati dan mengamalkan ajaran agama yang dianutnya	8.1.1 Menghargai, menghayati, dan mensyukuri bahasa Sunda sebagai anugrah Tuhan yang Maha Esa sebagai sarana komunikasi melalui RUMPAKA KAWIH, GUGURITAN, SISINDIRAN, BAHASAN, CARPON, SURAT, WARTA, dan BIANBARA.
8.2 Menghargai dan menghayati perilaku jujur, disiplin, tanggung jawab, peduli (toleransi, gotong royong), santun, percaya diri, dalam berinteraksi secara efektif dengan lingkungan sosial dan alam dalam jangkauan pergaulan dan keberadaannya	<p>8.2.1 Menunjukkan perilaku jujur, tanggung jawab, percaya diri, peduli, dan santun dalam menggunakan bahasa Sunda untuk memahami RUMPAKA KAWIH, GUGURITAN, SISINDIRAN, dan CARPON.</p> <p>8.2.2 Menunjukkan perilaku jujur, tanggung jawab, percaya diri, peduli, proaktif dan santun dalam menggunakan bahasa Sunda untuk memahami WARTA dan SURAT.</p> <p>8.2.3 Menunjukkan perilaku jujur, tanggung jawab, percaya diri, peduli, proaktif dan santun dalam menggunakan bahasa Sunda untuk memahami BIANBARA dan BAHASAN.</p>
8.3 Memahami pengetahuan (faktual, konseptual, dan prosedural) berdasarkan rasa ingin tahunya tentang ilmu pengetahuan, teknologi, seni, budaya terkait fenomena dan kejadian tampak mata	<p>8.3.1 Mengidentifikasi dan menganalisis RUMPAKA KAWIH sesuai dengan kaidah-kaidahnya.</p> <p>8.3.2 Mengidentifikasi dan menganalisis teks WARTA sesuai dengan kaidah-kaidahnya.</p> <p>8.3.3 Mengidentifikasi dan menganalisis GUGURITAN sesuai dengan kaidah-kaidahnya.</p> <p>8.3.4 Mengidentifikasi dan menganalisis SISINDIRAN sesuai dengan kaidah-kaidahnya.</p>

	<p>8.3.5 Mengidentifikasi dan menganalisis teks BIA NTARA sesuai dengan kaidah-kaidahnya.</p> <p>8.3.6 Mengidentifikasi dan menganalisis teks BAHASAN BUDAYA SUNDA sesuai dengan kaidah-kaidahnya.</p> <p>8.3.7 Mengidentifikasi dan menganalisis SURAT sesuai dengan kaidah-kaidahnya.</p> <p>8.3.8 Mengidentifikasi dan menganalisis CARPON sesuai dengan kaidah-kaidahnya.</p>
<p>8.4 Mencoba, mengolah, dan menyaji dalam ranah konkret (menggunakan, mengurai, merangkai, memodifikasi, dan membuat) dan ranah abstrak (menulis, membaca, menghitung, menggambar, dan mengarang) sesuai dengan yang dipelajari di sekolah dan sumber lain yang sama dalam sudut pandang/teori</p>	<p>8.4.1 Menanggapi dan mengekspresikan RUMPAKA KAWIH secara lisan dan tulisan.</p> <p>8.4.2 Menanggapi, meringkas, dan menyajikan teks WARTA sesuai dengan kaidah-kaidahnya.</p> <p>8.4.3 Menanggapi dan mengekspresikan GUGURITAN secara lisan dan tulisan.</p> <p>8.4.4 Menanggapi dan mengekspresikan SISINDIRAN secara lisan dan tulisan.</p> <p>8.4.5 Menanggapi, menyusun, dan memperagakan teks BIA NTARA dengan memperhatikan kaidah-kaidahnya.</p> <p>8.4.6 Menanggapi dan menyusun teks BAHASAN BUDAYA SUNDA dengan memperhatikan kaidah-kaidahnya.</p> <p>8.4.7 Menanggapi dan menyusun teks SURAT dengan memperhatikan kaidah-kaidahnya.</p> <p>8.4.8 Menanggapi dan menyusun teks CARPON dengan memperhatikan kaidah-kaidahnya.</p>



## Bab II

# PituduH Husus

KAWIH

PANGANTEUR

Dina kawih, aya dua widang ulikan, nyaéta widang seni jeung widang basa. Ngawih mah asupna kana widang seni, sedeng rumpakana asup kana widang basa. Dina pangajaran kawih di dieu, tangtu baé dina ulikan basa. Hartina, anu kudu digulanggapér ku murid téh rumpakana. Murid kudu paham kana eusina, ngarti kana kecap-kecap anu dipakéna, mikawanoh mamanis basa atawa purwakarti anu nambahan kaéndahan rumpaka kawih. Parandéné kitu, ari ngahaleuangkeun kawihna mah, najan teu wajib ogé, kawilang perlu. Murid kudu apal kumaha lagamna éta kawih sangkan beuki karasa kaéndahan rumpakana. Di handap dibéréndélkeun léngkah-léngkah kagiatan diajar pikeun ngajarkeun kawih. Tapi najan geus aya béréndélanna ogé, teu nutup kamungkinan guru di kelas nyieun kreativitas séjén sangkan bahan paangajaran babari kacangkem ku murid

KAGIATAN DIAJAR

A. Ngaregepkeun Kawih

NO	KAGIATAN
1.	Sanggeus panitén murid museur ka guru, kakara guru nepikeun tujuan pangajaran poé éta. Dina pangajaran hiji mah murid rék diajar kawih. Sanggeus diajar kawih dipiharep murid bisa mahamkeun eusina, mikaharti kecap-kecapna, néangan purwakantina, jeung ngahaleuangkeunana.
2.	<p>Pikeun museurkeun panitén murid, saméméh der ngawihkeun kawih anu jadi matéri poko pangajaran, aya hadéna guru ngajak murid ngahaleuangkeun kawih Sunda anu geus dipikawanoh ku murid. Upamana Mobil Butut. Murid dibébaskeun némbongkeun eksprésina salila ngahaleuang babarengan. Teu nanaon bari tatalu ogé, méh nambahan sumanget ka barudak.</p> <p>MOBIL BUTUT</p> <p><i>Mobil butut, kaluaran baheula</i> <i>Sajaman jeung, bedil sundut harita</i> <i>Ayeuna mah mobil butut geus jarang</i> <i>Nambangan gé, di kota gé geus dilarang</i></p>

	<p><i>Turutut tut tut, mobil majuna ngidul</i>  <i>Mogok di jalan, radiatorna ngebul</i>  <i>Kenékna turun, nyiuk cai di solokan</i>  <i>Mobilna nginum, kawas kebo dimandian.</i></p>
3	<p>Réngsé ngahaleuang babarengan, guru ngajéntrékeun yén ayeuna rék diajar kawih Sunda anu rupa-rupa témana. Tah pikeun kawih anu munggaran, anu bakal disétél téh kawih anu témana kapahlawanana. Tuluy guru nataharkeun alat pikeun nyetél kawih, bisa VCD jeung TV, atawa laptop jeung infokus. Tapi lamun can sadia alat éléktronik, nya wayahna guru kudu nyontoan ngahaleuang kawih “Pahlawan Toha.” Murid sina ngabandungan sing saregep.</p>
4	<p>Lamun murid can apaleun kawihna, pangajaran ulah waka dituluykeun. Terus baé bulak-balik diajar ngawih babarengan. Mimitina sakelas babarengan. Mun murid geus rada apaleun, tuluy dua baris dua baris. Geus kitu tuluy sabaris-sabaris. Ku cara kitu, murid bakal téréh apalna.</p>

## B. Mahamkeun Eusi Kawih

NO	KAGIATAN
5.	<p>Mun murid geus apal kana kawih <i>Muhamad Toha</i>, kakara guru nerangkeun perkara kawih. Teu kudu panjang lébar nu penting murid apal naon ari kawih téh jeung naon baé conto-contona.</p>
6.	<p>Sabada murid bisa ngawihkeun kawih <i>Muhamad Toha</i> sarta paham kana naon anu disebut kawih, tuluy sina nengetan teks kawih Muhamad Toha anu aya dina buku teks. Sabada maca gemet, murid titah nyaritakeun eusi kawihna. Teu kudu unggal murid, cukup ditunjuk sababaraha urang pikeun ngawakilanana.</p>
7.	<p>Sabada sababaraha urang nyaritakeun eusi kawih, murid migawé latihan hiji. Guru ngaping murid migawé latihanana.</p>
8.	<p><i>Jawaban latihan 1:</i></p> <ol style="list-style-type: none"> <li>1. Kawih anu témana kadaharan: Peuyeum Bandung, Es Lilin, Borondong Garing, Colénak, Kacang Asin, jsb.</li> <li>2. Kawih anu témana kaéndahan alam: Cinta Nusa, Lemah Cai, Lingkung Lembur, Tanah Sunda, Bandung Lembang, jsb.</li> </ol>

8.	<ol style="list-style-type: none"> <li>3. Kawih anu témana cinta: Mawar Bodas, Kabogoh Jauh, Kalangkang, Papatong, Teungteuingeun, Kembang Impian, Maribaya, jsb.</li> <li>4. Kawih anu témana kapahlawanan: Déwi sartika, Karatagan Pahlawan, 17 Agustus 45, Handaru Juang, Invalid Satria Sajati, Bulan Langlayangan Peuting, jsb.</li> <li>5. Pahlawan Toha téh pahlawan ti Bandung Kidul. Anjeunna ngorbankeun nyawa basa ngahuru gudang mesiu pikeun nyegah éta gudang ragrag ka pihak musuh.</li> <li>6. Ku gedé-gédéna jasana dina mangsa perjoangan.</li> <li>7. Lantaran maotna dina keur ngabéla bangsa jeung nagara</li> <li>8. Sedih, kagagas, reueus aya pamuda anu teuneung ludeung jiga Muhammad Toha</li> <li>9. Pikeun pangéling-éling kana jasana Muhammad Toha</li> <li>10. Radén Déwi Sartika</li> </ol>
9.	<p>Dina latihan dua, guru nitah murid nyirian kecap-kecap anu carang dipaké dina paguneman sapopoé atawa anu teu kaharti ku murid. Bari jeung sakalian titah diajar ngalarapkeun kana kalimah anu béda. Upamana:</p> <p>a. Harti kecap jeung larapna dina kalimah</p> <p style="padding-left: 40px;">Dina kawih <i>Pahlawan Toha</i> aya sababaraha kecap anu tara pati dipaké dina paguneman sapopoé. Geura urang cutat sababaraha kecap, tuluy urang larapkeun dina kalimah séjén sangkan leuwih paham kana hartina.</p> <p style="text-align: center;"><b>PAHLAWAN TOHA</b></p> <p style="text-align: center;"> <i>Getih suci nyiram bumi</i>  <i>tulang sétra mulang lemah</i>  <i>babakti sungkem pertiwi</i>  <i>cikal bugang putra bangsa</i>  <i>Nyatana Muhammad Toha</i>  <i>pahlawan Bandung Selatan</i>  <i>patriot ti Dayeuh Kolot</i>  <i>tugu diwangun ngajadi ciri</i>  <i>taraté nu mangkak ligar di émpang</i>  <i>jadi bukti gugurna pahlawan bangsa</i> </p>



	<ol style="list-style-type: none"> <li>1. <i>sétra</i> hartina beresih , suci, tempat suci, daérah médan perang Larapna dina kalimah: a. Néng Intan mah keur geulis téh putih ati <i>sétra</i> manah. b. Lamun hayang hirup tengtrem kudu <i>sétra</i> pipikiran.</li> <li>2. <i>Lemah</i> hartina taneuh tempat dijuruken atawa nagara asal Larapna dina kalimah: a. Indonésia <i>lemah</i> cai kuring. b. Bandung <i>lemah</i> kadeudeuh.</li> <li>3. <i>cikal bugang</i> hartina cikal nu hirup/lanceukna nu pangheulana dijuruken, maot. Dina kawih mah ngandung harti konotatif. Muhamad Toha dianggap <i>cikal bugang</i>, lantaran pangorbananana ngahuru sumanget pajuang Jawa Barat séjénna pikeun tandang ngalawan nu ngajajah. Larapna dina kalimah: a. Bung Karno téh <i>cikal bugangna</i> bangsa Indonésia. b. Pa Harto <i>cikal bugangna</i> pangawangunan di Indonésia.</li> </ol>
	<ol style="list-style-type: none"> <li>4. Patriot hartina...</li> <li>5. <i>mangkak</i> hartina kembang nu tadina kocop mekar/muka. Larapna dina kalimah: a. Leuh kembang eros beureum keur meumeujeuhna <i>mangkak</i>, mani éndah pisan. b. Kembang samoja <i>mangkak</i> luhur kuburan</li> <li>6. <i>ligar</i> hartina kembang nu geus muka, nepi ka kekebulna, kukumisanana (gagang kekebul) di jero témbong; sawaréh kembang ligar sok seungit jeung sok digembrong ku kukupu atawa seungseureudan Larapna dina kalimah: a. Kembang sedep malem mun <i>ligar</i> téh kacida seungitna. b. Samoja keur meujeuhna <i>ligar</i>, kacida éndahna.</li> <li>7. <i>émpang</i> hartina balong atawa kulah anu gedé/lega Larapna dina kalimah: a. Wa Haji kamari ngabedahkeun <i>émpangna</i>. b. <i>Empang</i> téh pinuh ku lauk guramé, mani tinggudibeg atak resep nu ningali.</li> </ol>

## C. Medar Eusi Kawih

### 1. Karatagan Pamuda Indonésia (Pancén kelompok hiji jeung dua)

NO	KAGIATAN
10.	Murid dikelompokkeun, unggal kelompok anggotana opat urang. Murid sina milih sorangan jeung saha batur sakelompokna, sangkan dina migawé pancénna leuwih sumanget. Tuluy kelompok hiji jeung dua dibéjaan kudu nalungtik jeung mesék kawih <i>Karatagan Pamuda Indonésia</i> . Kadé dua kelompok ieu diukna ulah padeukeut, bisi silibéjaan.
11.	Guru nyontoan ngawih atawa nyetél kasét kawih <i>Karatagan Pamuda Indonésia</i> . Sababaraha balikan nyetélna ambéh murid babari apal.
12.	Murid kelompok hiji jeung dua diajar kawih <i>Karatagan Pamuda Indonésia</i> nepi ka bisana.
13.	<p>Murid néangan kecap-kecap anu teu kaharti dina kamus sarta dilarapkeun kana kalimah:</p> <ol style="list-style-type: none"> <li>1). <i>Rempug Jukung</i> hartina babarengan sauyunan, sabilulungan kana kahadéan. Larapna dina kalimah: <ol style="list-style-type: none"> <li>a. Masarakat Kabupatén Garut <i>rempug jukung</i> ngawangun masjid Agung.</li> <li>b. Masarakat Kabupatén Subang <i>rempug jukung</i> urunan réréongan sarupi.</li> </ol> </li> <li>2). <i>Ariyatna</i> asal kecapna iatna hartina ati-ati atawa enya-nya. Ariyatna hartina arati-ati. Larapna dina kalimah: <ol style="list-style-type: none"> <li>a. Sing ariyatna mun aya di panyabaan, bisi cilaka.</li> <li>b. Ayeuna usum bangsat, kudu <i>ariyatna</i> mun ninggalkeun imah kadé koncian heula.</li> </ol> </li> <li>3). <i>Raksa jaring</i> hartina miara atawa ngajaga supaya luput tina bahaya. Kecap <i>raksa jaring</i> ukur jadi mamanis basa, kecap puitis anu biasa dipaké dina kawih atawa sajak. Jadi tara dilarapkeun kana kalimah sagemblengna. Mun dilarapkeun kana kalimah biasa kudu ditambahan ku rarangkén, upamana ngaraksa jeung ngajaring.</li> </ol>

13.	<p>4). <i>Raga</i> hartina wujud jelema nyaéta raga badag anu katénjo. Larapna dina kalimah:</p> <ol style="list-style-type: none"> <li>Manéhna nangkarak baeud, nyawa paturay jeung <i>raga</i>.</li> <li><i>Raga</i> badag mah aya ngajentul, tapi lelembutanna mah teuing di mana. (Kecap <i>Raga</i> langka dipaké dina paguneman biasa mah, da sok maké kecap awak waé. Kecap <i>raga</i> mah biasana dipaké dina sajak atawa kawih/tembang).</li> </ol> <p>5). <i>Sukma</i> hartina roh atawa jiwa Larapna dina kalimah:</p> <ol style="list-style-type: none"> <li>Caritaanna nyerep kana <i>sukma</i>.</li> <li><i>Sukmana</i> ngalayang ninggalkeun raga badagna. (Kecap <i>sukma</i> ogé kaasup kecap puitis anu biasa dipaké dina karya sastra, da lamun dina paguneman biasa mah sok maké kecap nyawa waé).</li> </ol> <p>6). <i>Kukuh pengkuh</i> hartina katetepan haté.</p> <ol style="list-style-type: none"> <li>Lamun hirup hayang tengtrem, kudu <i>kukuh pengkuh</i> nyekel ajaran agama.</li> <li>Masyarakat Kampung Adat Ciptagelar, <i>kukuh pengkuh</i> nyekel tradisi warisan karuhunna.</li> </ol>
	<p>7). <i>Teguh</i> hartina nu kahiji kukuh, kuat, teteg haté, nu kadua hartina nebak hal anu tacan kanyahoan, upamana tatarucingan.</p> <ol style="list-style-type: none"> <li>Sing <i>teguh</i> nya patékadan dina nyanghareupan pagawéan anu sakumaha beuratna ogé.</li> <li>Cik <i>teguh</i> sabaraha hiji kaléci anu aya di jero kaléng.</li> </ol> <p>8). <i>Nempuh</i> hartina kecap pagawéan ngalakonan gawé kalawan hésé-béléké. Asal kecapna tina tempuh.</p> <ol style="list-style-type: none"> <li>Leumpang ti Bandung ka Dayeuh Kolot bisa ditempuh ku badarat jero dua jam.</li> <li>Di Bandung macét téh di mana-mana, <i>nempuh</i> jalan ti Setiabudi ka Cihampelas aya kana tilu jamna.</li> </ol>
14.	<p>Téma kawih <i>Karatagan Pamuda Indonésia</i> nyaéta Pancén Pamuda Indonésia dina ngeusi kamerdékaan.</p>

15.	<p>Kecap-kecap anu murwakanti dina kawih Karatagan Pamuda Indonésia:</p> <ol style="list-style-type: none"> <li>1. Rempug jukung (murwakanti dina sora u)</li> <li>2. Pamuda Indonésia (murwakanti dina sora a)</li> <li>3. Tingkahna waspada ariyatna (murwakanti dina sora a)</li> <li>4. Raksa raga sukma (murwakanti dina sora a)</li> <li>5. Kukuh pengkuh (murwakanti dina sora u)</li> <li>6. Kuat nahan cocoba (murwakanti dina sora a)</li> <li>7. Lemah cai merdékana abadi (murwakanti dina sora a jeung i)</li> <li>8. Urang pada kagiliran (murwakanti dina sora a)</li> <li>9. Teguh nempuh (murwakanti dina sora u)</li> <li>10. Perjuangan rakyat Indonésia (murwakanti dina sora a)</li> <li>11. Darajat bangsa (murwakanti dina sora a)</li> </ol>
16.	<p>Nyaritakeun eusi kawih <i>Karatagan Pamuda Indonésia</i>:  Dina nyaritakeun eusi kawih, murid dituyun sina nyaritakeun maké basa sorangan. Murid sina maca heula nepi ka tamat kawihna, tuluy diparaprasekeun/ditulis deui dina basa lancar. Conto eusi kawih <i>Karatagan Pamuda Indonésia</i> anu dicaritakeun deui ku basa sorangan:</p> <ol style="list-style-type: none"> <li>1. Pada kahiji  Eusi kawih <i>Karatagan Pamuda Indonésia</i> nyaéta nyaritakeun parapamuda Indonésia anu babarengan sauyunan, teu weléh waspada caringring pageuh kancing saringset pageuh iket, ngariksa raga sukma, sarta kuat dina nahan rupa-rupa cocoba. Pamuda anu kuat jasmani reujeung rohanina, beuki kuat lantaran sauyunan jeung baturna.</li> </ol>
	<ol style="list-style-type: none"> <li>2. Pada kadua  Dina ngeusian kamerdékaan kabéh bakal kagiliran, kudu jejem (konsistén) enggoning ngalakonan berjuang pikeun ngajungjung darajat bangsa.</li> </ol>
17.	<p>Mun geus bérés mesék kawihna, kelompok hiji jeung dua bagilir ka hareup. Kagiatan kahiji nembangkeun kawihna babarengan. Kagiatan anu kadua, macakeun hasil paniténna kana kawih <i>Karatagan Pamuda Indonésia</i>. Dua kelompok dibandingkeun hasil paniténna, kelompok séjénna sina ngoméntaran, nepi ka jadi diskusi kelas.</p>
18.	<p>Kelompok hiji jeung kelompok dua dituyun nyindekkeun hasil diskusi.</p>

## 2. Kawih Sabilulungan (Pancén kelompok tilu jeung opat)

NO	KAGIATAN
19.	Murid kelompok tilu jeung kelompok opat diperenahkeun pikeun nalungtik mesék kawih <i>Sabilulungan</i> . Sarua ieu ogé diukna ulah padeukeut.
20.	Guru nyontoan ngawih atawa nyetél kasét kawih <i>sabilulungan</i> sababaraha balikan.
21.	Murid anggota kelompok tilu jeung opat diajar ngawih kawih <i>sabilulungan</i> nepi ka bisana.
22.	<p>Murid néangan kecap-kecap anu teu kaharti dina kamus sarta dilarapkeun kana kalimah:</p> <ol style="list-style-type: none"> <li><i>sabilulungan</i> hartina sapapait-samamanis, silih tulungan dina pareng meunang kasusah, sahaté, satujuan, sauyunan, saka-suka saka-duka, babarengan dina keur suka-duka. Larapna dina kalimah: <ol style="list-style-type: none"> <li>Jeung babaturan téh kudu <i>sabilulungan</i>.</li> <li>Masyarakat Désa Ciasem <i>sabilulungan</i> dina ngalaksanakeun program pamaréntah.</li> </ol> </li> <li><i>genténg</i> hartina tapak bedog nu dikadékk-kadékkeun kana kai nu teu diteruskeun atawa teu dianggeuskeun nepi ka palebah tapak bedog dengkéng/aya tapak ngageret urut meungkeut tarik teuing. Larapna dina kalimah: <ol style="list-style-type: none"> <li>Pigeulang leungeunna <i>genténg</i> urut karét geulang.</li> <li>Suku korsi <i>genténg</i> tapak ngadékan budak.</li> </ol> </li> <li><i>tohaga</i> hartina dibasakeun kana wawangunan anu kuat pisan nepi ka umurna bisa lila pisan upamana sasak (jambatan) jeung gedong <ol style="list-style-type: none"> <li>Wangunan Candi Borobudur <i>tohaga</i> pisan.</li> <li>Jalan tol di tengah laut di Pulo Bali, kacida <i>tohagana</i>.</li> </ol> </li> <li><i>rohaka</i> hartina pohara <ol style="list-style-type: none"> <li>Mani <i>rohaka</i> nyieun imah téh, lega-lega teuing.</li> <li>Wangunan Stadion Siliwangi gedéna <i>rohaka</i> pisan.</li> </ol> </li> <li><i>teguh</i> hartina kukuh, kuat, teteg haté <ol style="list-style-type: none"> <li>Sing <i>teguh</i> nyekel prinsip hirup, ulah babari kabawa ku sakabakaba.</li> <li><i>Teguh</i> nyekel pamadegan pikeun ngahontal maksud</li> </ol> </li> </ol>

6. *tanggoh* hartina tagen, wani jeung sanggup
  - a. Héndrawan/Mohammad Aksan tim ganda bulutangkis Indonésia anu pang*tanggohna*.
  - b. Evan Dimas pamaén bola u-19 anu *tanggoh*.
7. *perbawa* hartina bawana hiji barang, boh mawa hadé atawa mawa goréng, sok disebut ogé pribawa at. prabawa.
  - a. *Perbawa* sial, datang ka sakola kalah kabeurangan.
  - b. *Perbawa* ucing bulu hiris téh cenah sok babari kana rejeki.
8. *sajiwa* asal kecapna jiwa, hartina lelembutan nu ngancik di badan jelema jeung sasatoan, nyawa nu hirup, lelembutan anu hirup atawa roh. Sajiwa téh mun basa Inggrisna mah soulmate téa.
  - a. Susi jeung Nani mah geus *sajiwa*, atuda sosobatan ti SD kénéh.
  - b. Nu geus *sajiwa* mah pasti satujuan dina miagwé pagawéan téh.
9. *segut* hartina dibasakeun ka jelema anu hadé dedeganna tur dangdananna pantes sarta singset
  - a. Budak téh mani *segut* pisan, komo mun maké jas jeung dasi.
  - b. Isuk-isuk geus *segut*, jiga rék indit ka tempat nu jauh waé.
10. *singkil* hartina dibasakeun kana papakéan jelema anu rék digawé badag maké calana pokék, dibaju kaos atawa suku calana komprang jeung leungeun baju panjang disérélékkeun
  - a. Isuk-isuk Mang Didi geus *singkil* rék ka sawah.
  - b. Poé Minggu masarakat Kampung Rancakandong *singkil* gotong-royong ngaberesihan saluran cai.
11. *pasalingsingan* hartina kahiji pasalia karep atawa maksud, kadua béda jalan nepi ka teu tepung di tengah jalan.
  - a. Mun jeung batur loba *pasalingsingan*, bakal nambahan musuh.
  - b. Sakitu geus jangjian, teu tulus tepung da *pasalingsingan* di jalanna.
12. *sauyunan* hartina babarengan bari saniat.
  - a. Hirup mah kudu *sauyunan* jeung batur, ulah sok aing-aingan.
  - b. Geura bakal karasa nikmatna mun bisa hirup *sauyunan* mah.
13. *silipikahéman* hartina silikarunya, silipikanyaah
  - a. Jeung batur sakelas téh kudu *silipikahéman*, méh asa loba dulur.
  - b. Ari jeung dulur kudu akur, silipikanyaah *silipikahéman*, ulah sok paséa waé.
14. *tulung-tinulungan* hartina silihtulungan
  - a. Ulah sok bedegong, jeung batur kudu daék *tulung-tinulungan*.
  - b. Komo jeung tatangga mah, kudu daék *tulung-tinulungan*, sasat batur pangdeukeutna.

	<p>15. <i>kukuh</i> hartina katetepan haté</p> <ol style="list-style-type: none"> <li>Agus mah mun geus milih hiji barang téh mani <i>kukuh</i>, teu beunang disisilihan.</li> <li>Tékadna <i>kukuh</i> pisan hayang lulus ujian nasional.</li> </ol> <p>16. <i>samakta</i> hartina lengkep, teu aya kurangna</p> <ol style="list-style-type: none"> <li>Pulisi geus <i>samakta</i> pakarangna.</li> <li>Nu rék ka sawah mani <i>samakta</i> mawa pacul, koréd, bedog, jeung arit.</li> </ol> <p>17. <i>teuneung</i> hartina sikep ludeung teu aya karisi, wanian, sok disebut ogé tegér</p> <ol style="list-style-type: none"> <li>Ari ngarasa bener mah kudu <i>teuneung</i> nyanghareupan masalah naon baé ogé.</li> <li>Anu rék biantara téh kaciri tina léngkahna <i>teuneung</i> pisan.</li> </ol> <p>18. <i>saihwan</i> hartina harti sabenerna: dulur; jelema nu sapaham, satujuan, sarua karep, sobat, batur ulin.</p> <ol style="list-style-type: none"> <li>Hésé néangan sobat anu <i>saihwan</i> téh.</li> <li>Jeung nu <i>saihwan</i> mah urang téh bisa silibélaan.</li> </ol> <p>19. <i>nanjung</i> hartina darajat atawa milik atawa bagja anu gedé tur mayeng, jaya.</p> <ol style="list-style-type: none"> <li>Usaha dagang colénakna <i>nanjung</i> pisan.</li> <li>Keur <i>nanjung</i> mah ku batur ogé diajénan.</li> </ol>
23.	Téma kawih di luhur nyaéta pentingna hirup sabilulungan
24.	<p>kecap-kecap anu murwakanti dina kawih <i>Sabilulungan</i> nyaéta:</p> <ol style="list-style-type: none"> <li>gotong-royong (murwakanti dina sora ong). Dina sapada kahiji murwakanti dina sora ong.</li> <li>tohaga, rohaka (murwakanti dina sora a)</li> <li>perbawa sabilulungan (murwakanti dina sora a)</li> <li>sadia, sajiwa (murwakanti dina sora a)</li> </ol>
	<ol style="list-style-type: none"> <li>singkil ngabasmi pasalingsingan (murwakanti dina sora i)</li> <li>sabilulungan, sauyunan (murwakanti dina sora an)</li> <li>sabilulungan silihpikehém (murwakanti dina sora an)</li> <li>sabilulungan tulung tinulungan (murwakanti dina sora u jeung an)</li> <li>sabilulungan kukuh persatuan (murwakanti dina sora u jeung an)</li> </ol>

25.	<p>Eusi kawih <i>Sabilulungan</i>.</p> <p>a. Pada kahiji: Kawih sabilulungan ngajak ka masarakat Sunda sangkan hirup sabilulungan, gotong-royong jeung silihrojong keur némbongkeun beungkeutan (persatuan). Ku hirup sabilulungan kakuatan rayat téh bakal leuwih kuat jeung rongkah. Kitu deui mun geus sajiwa, moal aya pacogrégan antara rayat jeung rayat.</p> <p>b. Pada kadua: Ngajak hirup sauyunan, silihpikeuhéman, jeung silihtulungan sangkan beungkeutan (persatuan) beuki kuat. Rayat bakal raharja sarta samakta (samagréng ku pakarang) mawa kana sikep teuneung ludeung enggoning nanjeurkeun kawibawaan.</p>
26.	Sabada réngsé, kelompok tilu jeung kelompok opat, giliran ka hareup, ngawihkeun jeung macakeun hasil paniténa kana kawih <i>Sabilulungan</i> . Kagiatan anu ieu ogé ditungtungan ku diskusi kelas.
27.	Kelompok dua jeung kelompok tilu babarengan nyindekkeun hasil diskusi.

### 3. Kawih Ka Bulan (Pancén kelompok lima jeung genep)

NO	KAGIATAN
28.	Guru merenahkeun kelompok lima jeung kelompok genep pikeun nalungtik jeung medar kawih <i>Ka Bulan</i> . Sarua kelompok ieu gé tempat diukna ulah dideukeutkeun.
29.	Guru nyontoan ngawih atawa nyetél kasét kawih <i>Ka Bulan</i> .
30.	Murid kelompok lima jeung genep diajar kawih sabilulungan nepi ka bisana.
31	<p>Murid néangan kecap-kecap anu teu kaharti dina kamus sarta dilarapkeun kana kalimah:</p> <p>1. <i>Pareng</i>, hartina kabeneran (bisa ngalaksanakeun maksud) Larapna dina kalimah:</p> <p>a. Mun <i>pareng</i> nyaba ka Jakarta, arék meuli kerak telur sing loba. b. Mun <i>kabeneran</i> kalaksanakeun mah hayang sakola ka Amérika.</p>



	<p>2. <i>sagara</i>, hartina laut Larapna dina kalimah: a. Pamayang ngala lauk di <i>sagara</i>. b. Pamayang ngala lauk di <i>laut</i>.</p> <p>3. <i>ngaronjatkeun</i>, hartina ningkatkeun/ngamajukeun Larapna dina kalimah: a. Pamaréntah nyieun rupa-rupa tarékah pikeun <i>ngaronjatkeun</i> budaya Sunda. b. Pamaréntah nyieun rupa-rupa tarékah pikeun <i>ningkatkeun</i> budaya Sunda.</p>
32.	Téma/jejer kawih Ka Bulan nyaéta kanyaah kana budaya Sunda.
33.	<p>Purwakanti kecap dina kawih Ka Bulan nyaéta:</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>- Nincak ka bulan (murwakanti dina sora a)</li> <li>- hayang mawa, baraya (murwakanti dina sora a)</li> <li>- moal réa barangbawa (murwakanti dina sora a)</li> <li>- dibawa, kabaya (murwakanti dina sora a)</li> <li>- hayu batur (murwakanti dina sora u)</li> <li>- bulan, nagara (murwakanti dina sora a)</li> <li>- urang rumah tangga (murwakanti dina sora a)</li> <li>- loba siga di dunya (murwakanti dina sora a)</li> <li>- bulan mah, béja, béda, dunya (murwakanti dina sora a)</li> <li>- ukur batu (murwakanti dina sora u)</li> <li>- ngahaja, baraya (murwakanti dina sora a)</li> <li>- nandéan, cimata (murwakanti dina sora a)</li> <li>- nincak ka bulan (murwakanti dina sora a)</li> <li>- hayang, budaya Sunda (murwakanti dina sora a)</li> <li>- ketuk tilu (murwaanati dina sora u)</li> <li>- sanajan pindah ka bulan (murwakanti dina sora a)</li> <li>- ka bulan urang ka bulan (murwakanti dina sora a)</li> </ul>
34.	<p>Eusi kawih <i>Ka Bulan</i> téh nyaritakeun hiji jalma anu ngalamun sugan hiji waktu diparengkeun nincak ka bulan. Cenah rék mawa nini aki jeung baraya. Lian ti éta mah moal mawa nanaon deui iwal samping jeung kabaya anu jadi ciri pakéan wanoja Sunda. Tuluy manéhna ngajak nyieun nagara. Tapi lamun pareng rumah tangga ulah loba budak jiga keur di dunya, meureun bisi heurin usik jiga di dunya. Najan hésé cai, teu jadi pasualan, rék mandi mah ngumpul waé ceurik babarengan. Cimatana ditandéan kana batok, keur mandi. Mun geus nyieun nagara di bulan, manéhna boga tékad rék ngaronjatkeun budaya Sunda. Jadi, ketuk tilu jaipongan ogé moal leungit sanajan geus cicing di bulan. Tah kitu lalamunan anu nyieun kawih téh.</p>

35.	Diskusi anu katilu, giliran kelompok lima jeung genep anu maju, ngawihkeun jeung macakeun hasil paniténa kana kawih <i>Ka Bulan</i> . Sarua kagiatan ieu ogé ditungtungan ku diskusi kelas.
36.	Kelompok lima jeung kelompok genep babarengan nyindekkeun hasil diskusi.

#### 4. Kawih Mojang Priangan

NO	KAGIATAN
37.	Murid kelompok tujuh jeung dalapan diperenahkeun pikeun nalungtik jeung medar kawih <i>Mojang Priangan</i> . Jiga kelompok séjénna, kelompok ieu ogé diukna ulah dideukeutkeun.
38.	Guru nyontoan ngawihkeun atawa nyetél kasét kawih <i>Mojang Priangan</i> .
39.	Murid kelompok tujuh jeung dalapan diajar kawih <i>Mojang Priangan</i> nepi ka bisana.
40.	<p>Murid néangan kecap-kecap anu teu kaharti dina kamus:</p> <ol style="list-style-type: none"> <li><i>ngagandeuang</i> hartina angkat gagah bari léngkahna rada panjang jeung beungeut rada tanggah. Larapna di kalimah: <ol style="list-style-type: none"> <li>Itu Bapa Lurah mapahna mani <i>ngagandeuang</i>.</li> <li>Ibu geulis téh mapahna <i>ngagandeuang</i> matak resep nu ningali.</li> </ol> </li> <li><i>karingrang</i> hartina risi, hariwang, salempang; karingrang. <ol style="list-style-type: none"> <li>Resep ningali Polwan, mun leumpang téh bangun taya <i>karingrang</i>.</li> <li>Kudu loba sabar jeung sukur méh hirup taya <i>karingrang</i>.</li> </ol> </li> <li><i>larak-lirik</i> hartina kecap pagawéan nénjo ka gigir ku jalan siki mata digilerkeun <ol style="list-style-type: none"> <li>Abong nu geulis, <i>larak-lirik</i>na éstu matak deungdeuleueun.</li> <li>Naha jelema téh ti tadi ngan <i>larak-lirik</i> waé, wawuheun kitu?</li> </ol> </li> <li><i>nyari</i> hartina ngarasa sarina, ngarasa sarian <ol style="list-style-type: none"> <li>Karang dina pipina kalah nambahan <i>nyari</i> waé.</li> <li>Pasakanna karasa <i>nyari</i>, abong lulusan tataboga.</li> </ol> </li> <li><i>diraksukan</i> hartina dibaju, maké baju <ol style="list-style-type: none"> <li>Kulit bodas <i>diraksukan</i> pulas héjo, mani cahayaan.</li> <li><i>Raksukan</i> batik téh has ti Indonésia.</li> </ol> </li> </ol>

40.	<p>6. <i>lenjang</i> hartina potongan awéwé jangkung-leutik jeung badanna ngeusi; sok disebut ogé lampanyat, langsing</p> <p>a. Anu awakna <i>lenjang</i> mah dibaju naon waé ogé teu weléh pantes.</p> <p>b. Ibu kapala téh anu salirana <i>lenjang</i>.</p> <p>7. <i>dénok</i> hartina ukuran geulis di pasisian</p> <p>a. Néng Idah téh Si <i>Dénok</i> ti lembur Pasirpiring.</p> <p>b. Abong nu <i>dénok</i>, matak resep nu ningali.</p>
41.	Téma kawihna nyaéta kageulisan mojang Priangan (Sunda) nu teu aya bandingna.
42.	<p>Purwakanti dina kawih nyaéta:</p> <p>a. angkat ngagandeuang murwakanti dina sora a</p> <p>b. taya karingrang murwakanti dina sora a</p> <p>c. sinjang dilamban murwakanti dina sora a</p> <p>d. mojang priangan murwakanti dina sora a</p> <p>e. imut lucu murwakanti dina sora u</p> <p>f. lirik nyari murwakanti dina sora i</p> <p>g. rarat keupat murwakanti dina sora a</p> <p>h. mojang priangan murwakanti dina sora a</p> <p>i. diraksukan kabaya murwakanti dina sora a</p> <p>j. nambahan cahayana murwakanti dina sora a</p> <p>k. dangdosan sederhana murwakanti dina sora a</p> <p>l. mun disanggul ayu murwakanti dina sora u</p> <p>m. disinjang lenjang murwakanti dina sora a</p> <p>n. dierok dénok murwakanti dina sora o</p>
43.	Eusi kawih <i>Mojang Priangan</i> téh nyaritakeun kumaha geulisna Mojang Sunda. Tina leumpang, tina imut nepi ka ngarérétna, éstuning taya kacawadna. Mun ceuk babasan mah geulis kawanti-wanti éndah kabina-bina. Maké kabaya jeung disanggul, beuki bijil cahayana. Maké erok ogé beuki kaciri dénokna. Cindeknna mah dibaju kumaha baé teu weléh payus, matak resep nu ningalina.
44.	Réngsé migawé pancénna, kelompok tujuh jeung dalapan ka hareup bagilir ngawihkeun jeung ngalaporkeun hasil paniténna kana kawih <i>Mojang Priangan</i> . Kagiatan anu ieu ogé sarua ditungtungan ku diskusi kelas.

## D. Pancén

NO	KAGIATAN	
45.	<p>Ngabandingkeun kawih Sabilulungan jeung <i>Mojang Priangan</i>.  Ieu kawih téh dijieunna dina jaman anu béda. <i>Sabilulungan</i> mah jaman béh ditu, jaman perjoangan kénéh. Sedengkeun kawih <i>Mojang Priangan</i> mah dijieunna jaman béh dieu, sabada urang Sunda ngahenang-ngahening da nagara geus merdéka, sarta keur ceuyah ku kawih-kawih dina wanda pop, kapangaruhan ku kakawihan modéren.. Atuh dina téma, eusi, karakter kawih, jeung kecap-kecap anu digunakeunna ogé bakal béda pisan. Geura titénan waé tabél-tabél di handap!</p>	
	<p><b>SABILULUNGAN</b>  <i>Sabilulungan dasar gotong- royong</i>  <i>sabilulungan dasar silihrojong</i>  <i>sabilulungan genténg ulah potong</i>  <i>sabilulungan persatuan témbong</i>  <i>Tohaga</i>  <i>rohaka</i>  <i>teguh tanggoh perbawa</i>  <i>sabilulungan</i>  <i>sadia</i>  <i>sajiwa</i>  <i>segut singkil ngabasm</i>  <i>pasalingsingan</i>  <i>Sabilulungan hirup sauyunan</i>  <i>sabilulungan silihpikehman</i>  <i>sabilulungan tulung tinulungan</i>  <i>sabilulungan kukuh persatuan</i>  <i>Santosa</i>  <i>samakta</i>  <i>teuneung ludeung ngajaring</i>  <i>kawibawaan</i>  <i>saihuan</i>  <i>sapaham</i>  <i>nagri nanjung berekah</i>  <i>sabilulungan</i></p>	<p><b>MOJANG PRIANGAN</b>  <i>Angkat ngagandeuang</i>  <i>Bangun taya karingrang</i>  <i>Nganggo sinjang dilamban</i>  <i>Mojang Priangan</i>  <i>Umat-imut lucu</i>  <i>Larak-lirik nyari</i>  <i>Rarat-rérét keupat</i>  <i>Mojang Priangan</i>  <i>Diraksukan kabaya</i>  <i>Nambahan cahayana</i>  <i>Dangdosan sederhana</i>  <i>Mojang Priangan</i>  <i>Mun disanggul ayu</i>  <i>Mun disinjang lenjang</i>  <i>Mun dierok dénok</i>  <i>Mojang Priangan</i>  <i>Gareulis maranis</i>  <i>Disinjang laleng</i>  <i>Éstu surup nu nempo</i>  <i>Mojang priangan</i></p>

## BABANDINGAN KAWIH

46.	Kawih Sabilulungan	Kawih Mojang Priangan
	<p><i>Bédana:</i> Témana ngeunaan perluna hirup gotong royong (kamasarakatan)</p> <p><i>Eusina:</i> Ngajak hirup gotong royong sauyunan sangkan bisa beungkeutan tohaga, pikeun ngamajukeun kahirupan di ieu nagara.</p>	<p>Témana ngeunaan kageulisan mojang Sunda</p> <p>nyaritakeun kageulisa mojang Sunda anu kakoncara ka mana-mana. Lungguh timpuh disanggul jeung dikabaya, dangdanan basajan ogé teu ngurangan kageulisanana. Maké baju naon baé, teu weléh matak resep nu ningali.</p>
	<p><i>Kecap-kecap anu digunakeunna:</i></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>- lantaran témana ngajak hirup gotong-royong sarta karakter kawihna pinuh sumanget (gagah), atuh kecap-kecap anu digunakeunana ogé anu ngahudang sumanget. Najan maké purwakanti, tapi teu leungit sipat gagahna éta kawih.</li> <li>- kekecapanna loba anu geus carang dipaké dina paugeman sapopoé lantaran éta kawih dijieunna rada béh ditu.</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>- Anu ieu mah geus jelas nyaritakeun kageulisan mojang Sunda. Karakter kawihna pinuh ku pamuji, atuh kecap-kecap anu digunakeunana ogé ngahudang kaéndahan. Basana, leuwih romantis teu gagah jiga dina kawih Sabilulungan.</li> <li>- kekecapanna anu biasa kapanggih dina paguneman sapopoé, lantaran dijieunna ogé béh dieu sarta dina wanda kawih pop.</li> </ul>
	<p><i>Sasaruaanna:</i></p> <ol style="list-style-type: none"> <li>1. Nyaritakeun kaayaan masrakat Sunda kekecapanana direumbeuy ku purwakanti.</li> <li>2. Ngagunakeun kecap-kecap anu pinilih.</li> </ol>	
47	<p>Murid dibéré pancén néangan kawih Sunda séjénna, boh tina CD boh tina internét. Tuluy nyieun tabél saha pangarangna, saha nu ngawihna, jeung naon waé judul kawihna. Sabada ngainventarisir sababaraha kawih tuluy murid milih salahsahiji kawih anu bakal ditalungtik jeung dipesékna pikeun laporkeuneun hareupeun kelas sarta jadi bahan diskusi kelas.</p>	

	Conto tabél ngumpulkeun kawih:		
	Pangarangna	Penyanyina	Judul Kawihna
	Mang Koko	Ida Rosida	Kembang Tanjung Panineungan
	Nano S.	Nining Meida/Barman S	Kalangkang, Potret Manehna.
	Doel Sumbang	Doel Sumbang, Nini Karlina	Somseu, Bulan Batu Hiu, Pangandaran
	Uka Héndarto	Darso	Mawar Bodas, Kabogoh Jauh, Cucu Deui, Dina Amparan Sajadah
48.	Mun murid geus milih salasahiji kawihna, guru ngajéntrékeun pancén anu kudu dipigawé ku murid. Mimitina diajar ngawihkeun éta kawih, tuluy néangan kecap-kecap anu teu kaharti sarta néangan hartina dina kamus. Geus kitu eusi kawihna dicaritakeun maké basa sorangan.		
49.	Sabada sakabéh murid réngsé migawé pagawéanana, bagilir saurang-saurang ngahaleuangkeun kawihna sarta ngalaporkeun hasil paniténa hareupeun kelas. Babaturan sakelasna meunang ngoméntaran hasil pagawéanana.		
50	<p>1. Jawaban hasil ngalengkepan kawih:</p> <p style="text-align: center;"><b>Angin Priangan</b></p> <p><i>Seungit angin Priangan</i>  <i>ngusapan embun-embunan</i>  <i>duh embun-embunan</i>  <i>hawar-hawar reureundahan ngahariring</i>  <i>ayun ambing ayun ambing</i>  <i>Seungit angin kayangan</i>  <i>sumerep na lelembutan</i>  <i>duh na lelembutan</i>  <i>hawar-hawar reunreundahan ngahariring</i>  <i>éling-éling mangka éling</i>  <i>Dengkleung déngdék</i>  <i>Dengkleung déngdék sisi lamping</i>  <i>Anu déwék enya anu kuring</i>  <i>Tanah wasiat tanah duriat</i>  <i>Anu matak tibelat na rarasaan</i>  <i>Dengkleung déngdék</i>  <i>Dengkleung déngdék sisi lamping</i>  <i>Anu déwék enya anu kuring</i>  <i>Tanah katresna jadi sarakan</i>  <i>Anu tetep marengan na lelembutan</i></p>		

50.	<p>2). Kembang Tanjung Panineungan</p> <p><i>Anaking jimat awaking basa ema mulung tanjung rebun-rebun di pakarangan nu reumis kénéh harita keur kakandungan ku hidep</i></p>
	<p><i>geus opat taun ka tukang ema nyipta mulung béntang nu marurag peuting tadi béntang seungit ditiiran pangangguran Anaking jimat awaking basa ema mulung tanjung rebun-rebun bet henteu sangka aya nu datang ti gunung rék ngabéjakeun bapa hidep nu opat poé teu mulang ngepung gunung pager bitis cenah tiwas peuting tadi layonna keur ka dieukeun dipulangkeun Harita waktu layonna geus datang ema ceurik ieung balilihan ras ka hidep ieung na kandungan utun inji budak yatim deudeuh teuing Harita waktu layon geus digotong ema inget ieung kana tanjung dikalungkeun na pasaran kembang asih panganggeusan ieung ti duaan Anaking jimat awaking Lamun ema mulung tanjung reujeung hidep Kasuat-suat nya pipikiran Tapina kedalna téh ku hariring Hariring éling ku éling Kana tanjung nu dipulung éh Kembang tanjung nu nyeungitan pakarangan Nu nyeungitan haté urang panineungan</i></p> <p>3. Duh Indung</p> <p><i>duh indung ngaraksa ngajaring anak najan rungsing matak pusing teu weléh deudeuh mikanyaah asih dimomong jeung dititiman</i></p>

*duh indung ngatik ngadama-dama anak  
ngamumulé buah haté  
ngajungjung tur ngugung-ngugung  
anak dijieun puputon*

*duh indung duh indung  
nimang titi ngamomong anak  
duh indung aduh indung  
teu kendat ngadudu'a*

4. kecap-kecap anu kapanggih pikeun ngalengkepan kawih di luhur nyaéta:

a. Kawih Angin Priangan

- 1). seungit hartina aambeuan anu ngeunah kaambeuna,  
sabalikna tina bau  
Larapna dina kalimah:  
Kembang malati mani seungit ngadalingding.
- 2). embun-embunan hartina puncakna sirah  
Larapna dina kalimah:  
Budak anu keur ceurik téh ditiupan embun-embunanana,  
ngarah répéh.
- 3). reureundahan hartina sora anu sakapeung tarik sakapeung  
laun kabawa ku angin  
Larapna dina kalimah:  
Sora angin ti kajauhan kakuping reureundahan.
- 4). priangan hartina tanah (wewengkon) Sunda sok disarebut  
tanah Priangan  
Larapna dina kalimah:  
Tanah Priangan kasohor kaéndahanana.
- 5). sumerep hartina asal kecapna serep hartina parat, nembus  
Larapna dina kalimah:  
Cariosna Bapa nuju mapatahan, mani sumerep kana haté.
- 6). lelembutan hartina roh, sukma, jiwa  
Larapna dina kalimah:  
Lantaran reuwas, manéhna ngadégdég lelembutanna can  
kumpul kabéh.
- 7). hawar-hawar hartina sora ti jauhna anu kakupingna samar.  
Larapna dina kalimah:  
Hawar-hawar kakuping sora nu adan ti masjid RW 01.
- 8). lamping hartina tanah anu ngagawir ngadingding ka luhur  
Larapna dina kalimah:  
Imahna di lamping gunung Galunggung



	<p>9). duriat hartina rasa kacinta, kanyaah, kaasih Larapna dina kalimah: Basa sakolana pindah ka Kalimantan, Andi asa dipegat duriat ka tanah Sunda.</p> <p>10). Tibelat hartina inget waé teu daék poho Larapna dina kalimah: Najan geus cicing di Amérika, haténa mah tibelat waé ka tanah Sunda.</p> <p>11). Sarakan hartina tempat cicing, pangancikan Larapna dina kalimah: Bungah pisan bisa balik ka lembur sarakan.</p> <p>b. Kawih Kembang Tanjung Panineungan</p> <p>1). awaking hartina awak sorangan, diri sorangan Larapna dina kalimah: Anak téh jimat awaking.</p> <p>2). Mulung hartina nyokot barang anu geus teu kapaké Larapna dina kalimah: Mun butuh botol kosong mah mulung wé di gudang.</p> <p>3). Pakarangan hartina buruan imah, tanah anu aya hareupeun imah Larapna dina kalimah: Pakarangan anu sakitu legana téh dipelakan jukut mani ngémploh.</p> <p>4). Kakandungan hartina indung anu rék boga budak, dikandung jero beuteungna Larapna dina kalimah: Bu Atin nuju kakandungan putra anu kadua.</p> <p>5). Tukang hartina tempat anu aya tukangeun, waktu anu geus kaliwat, ahli pagawéan nu tangtu Larapna dina kalimah: - Tuh paculna diteundeun di tukang, deukeut kandang hayam. - Ulah sok nginget-nginget waktu ka tukang, bisi jadi panyakit. - Tukang tani mah pagawéanna ogé guyang dina leutak.</p> <p>6). Nyipta hartina ngabayangkeun, ngalamun Larapna dina kalimah: Keur nyipta-nyipta hayang dahar nu haneut-haneut, jebul tukang baso.</p>
--	-------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------

- 7). Marurag asal kecapna murag, barang anu geus lésot tina tempatna sarta ragrag kana taneuh  
Larapna dina kalimah:  
Lebar pisan buah téh ngora kénéh geus marurag ku angin.
- 8). Ditiiran hartina ditojosan sina ngaruntuy  
Larapna dina kalimah:  
Lauk meunang nguseup téh ditiiran.
- 9). Jimat hartina anu dipusti-pusti  
Larapna dina kalimah:  
Budak ngan hiji-hijina teu sirikna dijieun jimat bakating ku nyaah.
- 10). henteu sangka hartina henteu boga pikiran bakal kajadian  
Larapna dina kalimah:  
Budak téh henteu sangka di kelasna réngking kahiji.
- 11). Gunung hartina taneuh anu muncugug gedé jeung luhur  
Larapna dina kalimah:  
Gunung tangkuban Parahu ngaluarkeun haseup, rék bitu jigana.
- 12). Mulang hartina balik ka tempat asal  
Larapna dina kalimah:  
Iraha mulang ka lembur?
- 13). pager bitis hartina basa tentara ngepung gorombolan di leuweung, rékép pisan nepi ka jiga pager bitis (suku)  
Larapna dina kalimah:  
Ari dikepung pager bitis mah, hayam téh teu wurung beunang.
- 14). Tiwas hartina maot atawa jadi korban  
Larapna dina kalimah:  
Anu katabrak mobil téh tiwas di dinya kénéh.
- 15). Layonna hartina mayitna, raga anu geus teu nyawaan  
Larapna dina kalimah:  
Layonna digotong ku opatan.
- 16). Balilihan hartina ceurik kanyenyerian  
Larapna dina kalimah:  
Indung anu kaleungitan anak ceurik mani balilihan.
- 17). utun inji hartina calon budak anu di jero beuteung kénéh  
Larapna dina kalimah:  
Si Utun Inji ngulisik dina jero beuteung.
- 18). Tanjung hartina ngaran kembang, jojontor karang sisi laut anu nyolodor ka tengah.

	<p>Larapna dina kalimah: Isuk-isuk Mamah mulung kembang tanjung di buruan. Ulin mah ka ditu geura, ka Tanjung Lisung di Banten.</p> <p>20). Pasaran nyaéta paragi ngagotong mayit mun rék dibawa ka kuburan</p> <p>Larapna dina kalimah: Mayit téh diasupkeun kana pasaran, tuluy digotong.</p> <p>21). Panganggeusan hartina panungtungan</p> <p>Larapna dina kalimah: Ayeuna téh diajar poé panganggeusan, isuk mah rék ulangan umum.</p> <p>22). Reujeung hartina bareng, jeung</p> <p>Larapna dina kalimah: Bapa jeung Si Adé tuangna reujeung sapiring. Andi reujeung Udi keur balap lumpat.</p> <p>23). Ka suat-suat hartina kainget-inget deui</p> <p>Larapna dina kalimah: Mun nempo anu sarupa jeung si jenat téh sok kasuat-suat inget ka nu tos teu aya.</p> <p>24). Kedalna hartina kaluarna tina jero haté jadi lisan</p> <p>Larapna dina kalimah: Kabungah téh kedalna ku surak ajrag-ajragan.</p> <p>25). Hariring hartina ngawih lalaunan ngagalindeng</p> <p>Larapna dina kalimah: Pék hariringkeun lagu Tanah Sunda babarengan!</p> <p>26). Nyeungitan hartina méré aambeuan seungit</p> <p>Larapna dina kalimah: Kembang sedep malem nyeungitan rohang tamu.</p> <p>27). Panineungan hartina hal-hal anu geus kaliwat anu aya dina pikiran</p> <p>Larapna dina kalimah: Ayeuna mah Mang Koko téh ukur aya dina panineungan.</p> <p>c. Kawih Duh Indung</p> <p>1). Ngaraksa hartina milu miara</p> <p>Larapna dina kalimah: Urang kudu daék ngaraksa alam lingkungan, sangkan teu kakurangan cai.</p> <p>2). Rungsing hartina teu daék répéh, teu puguh nu dirasa (biasana orok)</p> <p>Larapna dina kalimah: Ari keur harééng budak téh sok rungsing.</p>
--	----------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------

- 3). Weléh hartina angger, tetep, kendat  
 Larapna dina kalimah:  
 - Ditéangan dikotéktak, weléh teu kapanggih.  
 - Najan anakna sok ngalawan, indung mah teu weléh nyaah.
  - 4). Dititimang hartina dijaga dihadé-hadé, diengkleung-engkleung ku dampal leungeun  
 Larapna dina kalimah:  
 Najan keur ceurik, ari dititimang mah orok téh tuluy répéh.
  - 5). Ngadama-dama hartina dijaga dipupusti apik pisan, ngurus hadé pisan  
 Larapna dina kalimah:  
 Budak téh diurus didama-dama, sangkan jadi budak soléh.
  - 6). Ngamumulé hartina ngajaga, miara, ngaping  
 Larapna dina kalimah:  
 Urang Sunda kudu ngamumulé basana, ngarah teu kapopohokeun.
  - 7). Ngugung-ngugung hartina ngagul-ngagul, diistiméwakeun  
 Larapna dina kalimah:  
 Budak téh ku indungna teu weléh diugung-ugung, atuda keur mah kasép katurug-turug bageur pisan.
  - 8). Puputon hartina jimat  
 Larapna dina kalimah:  
 Anak téh dijieun puputon ku indung mah.
  - 9). Ngamomong hartina ngogo, ngajaga dihadé-hadé  
 Larapna dina kalimah:  
 Bapa mah sok ngamomong pisan ka Si Adé téh, sagala kahayangna dilaksanakeun.
  - 10). Kendat hartina pegat, weléh  
 Larapna dina kalimah:  
 Najan geus pajauh ogé kanyaah mah teu kendat, nganteng baé.
6. Kecap-kecap anu murwakanti dina kawih:
- a. Seungit Angin Priangan  
*Seungit angin Priangan (murwakanti dina sora i)*  
*ngusapan embun-embunan (murwakanti dina sora an)*  
*duh embun-embunan (murwakanti dina sora u)*  
*hawar-hawar reureundahan ngahariring (murwakanti dina sora a)*  
*ayun ambing ayun ambing (murwakanti dina sora a, u, i)*

Seungit angin kayangan (murwakanti dina sora i)  
 sumerep na lelembutan (murwakanti dina sora a)  
 duh na lelembutan (murwakanti dina sora a)  
 hawar-hawar reunreundahan ngahariring (murwakanti dina sora a)  
 éling-éling mangka éling (murwakanti dina sora i)

Dengkleung déngdék

Dengkleung déngdék sisi lamping (murwakanti dina sora i)

Anu déwék enya anu kuring (murwakanti dina sora a jeung u)

Tanah wasiat tanah duriat (murwakanti dina sora a)

Anu matak tibelat na rarasaan (murwakanti dina sora a)

Dengkleung déngdék

Dengkleung déngdék sisi lamping (murwakanti dina sora i)

Anu déwék enya anu kuring (murwakanti dina sora a, u)

Tanah katresna jadi sarakan (murwakanti dina sora a)

Anu tetep marengan na lelembutan (murwakanti dina sora e, a)

## 2). Kembang Tanjung Panineungan

Anaking jimat awaking (murwakanti dina sora a, i)

basa ema mulung tanjung rebun-rebun (murwakanti dina sora a,u)

di pakarangan nu reumis kénéh

harita keur kakandungan ku hidep (murwakanti dina sora a)

geus opat taun ka tukang (murwakanti dina sora a)

ema nyipta mulung béntang (murwakanti dina sora a)

nu marurag peuting tadi (murwakanti dina sora i)

béntang seungit ditiiran pangangguran (murwakanti dina sora a,i)

Anaking jimat awaking (murwakanti dina sora a, i)

basa ema mulung tanjung rebun-rebun (murwakanti dina sora a,u)

bet henteu sangka aya nu datang (murwakanti dina sora a)

ti gunung rék ngabéjakeun bapa hidep

nu opat poé teu mulang (murwakanti dina sora a)

ngepung gunung pager bitis (murwakanti u)

cenah tiwas peuting tadi (murwakanti dina sora a, i)

layonna keur ka dieukeun dipulangkeun (murwakanti dina sora a,eu)

Harita waktu layonna geus datang (murwakanti dina sora a)

ema ceurik ieung balilihan (murwakanti dina sora a,i)

ras ka hidep ieung na kandungan (murwakanti a)

utun inji budak yatim deudeuh teuing (murwakanti dina sora i)

Harita waktu layon geus digotong (murwakanti dina sora o)

ema inget ieung kana tanjung (murwanti dina sora a)

dikalungkeun na pasaran (murwakanti dina sora a)

kembang asih panganggeusan ieung ti duaan (murwakanti dina sora a)

*Anaking jimat awaking (murwakanti dina sora i)*  
*Lamun ema mulung tanjung reujeung hidep (murwanati dina sora u)*  
*Kasuat-suat nya pipikiran (murwakanti dina sora a)*  
*Tapina kedalna téh ku hariring (murwakanti dina sora a)*  
*Hariring éling ku éling (murwakanti dina sora i)*  
*Kana tanjung nu dipulung éh (murwakanti dina sora u)*  
*Kembang tanjung nu nyeungitan pakarangan (murwakanti dina sora a)*  
*Nu nyeungitan haté urang panineungan (murwakanti dina sora a)*

### 3. Duh Indung

*duh indung ngaraksa ngajaring anak (murwakanti dina sora u,a)*  
*najan rungsing matak pusing (murwakanti dina sora a,u,i)*  
*teu weléh deudeuh mikanyaah asih*  
*dimomong jeung dititimang*  
*duh indung ngatik ngadama-dama anak (murwakanti dina sora a)*  
*ngamumulé buah haté (murwakanti dna sora é)*  
*ngajungjung tur ngugung-ngugung (murwakanti dina sora u)*  
*anak dijieun puputon*  
*duh indung duh indung (murwakanti dina sora u)*  
*nimang titi ngamomong anak (murwakanti dina sora a)*  
*duh indung aduh indung (murwakanti dina sora u)*  
*teu kendat ngadudu'a (murwakanti dina sora a)*

### 7. Nyaritakeun eusi kawih:

#### 1. Kawih Angin Priangan

Nyaritakeun kaayaan tanah Priangan anu matak tibelat hésé mopohokeunana. Anginna ogé tangga kaambeu seungit, ku matak betah-betahna. Najan aya di mana waé, tanah Priangan jadi tanah sarakan anu tetep marengan dina pikiran.

#### 2. Kawih Kembang Tanjung Panineungan

Nyaritakeun lalakon hiji indung anu keur kakandungan mulung kembang tanjung di buruan imahna. Ari mulung kembang tanjungna téh sok isuk- isuk. Hiji waktu, masih keur mulung kembang tanjung, aya nu ngabéjaan ti gunung, salakina maot basa keut milu pager bitis ngepung gorombolan. Dina ieu kawih dicaritakeun kumaha kasedih éta indung, ditinggalkeun maot ku salaki. Heug keur kakandungan. Manéhna ceurik balilihan.

Satuluyna, basa anakna geus lahir, sok dibawa mulung kembang tanjung di buruan imahna kénéh. Indungna sok ngarasa sedih, kasuat-suat inget deui ka salakina anu geus maot téa.

#### 3. Kawih Duh Indung

Nyaritakeun kanyaah indung ka anakna, anu najan kumaha waé kaayaan anakna, tetep nyaah. Anakna diurus dihadé-hadé, dijieun jimat. Dititimang jeung teu weléh didu'akeun.

51.	Murid ngadiskusikeun hasil pagawéanana jeung babaturan sakelas. Guru ngaping jeung ngajejeran, ngabebener bisi aya konsép anu salah.
-----	--------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------

## PANUTUP

Sabada diajar kawih, dipiharep murid mikawanoh rupa-rupa wanda kawih Sunda anu geus gelar. Alusna mah guru néangan deui bahan-bahan (matéri) séjén anu can kasabit dina buku pikeun nambahan pangaweruh murid. Pangpangna kawih anu keur jadi kacapangan dina mangsa ieu pangajaran ditepikeun. Mun aya kénéh waktu, bisa babarengan dipesék rumpakana.

## WARTA

### PANGANTEUR

Warta téh jaman kiwari mah geus jadi lalab sapopoé. Komo sanggeus média éléktronik jeung internét nyebar ka suklakna-ka siklukna mah. Hiji kajadian di tempat anu jauh, bisa harita kénéh kanyahoan ku anu séjén ngaliwatan média éléktronik jeung internét. Ku kituna, kaparigelan nulis warta sangkan teu nimbulkeun balukar anu negatif, kacida perluna. Dipiharep murid bisa nulis warta anu proporsional, informatif, nyumponan padika-padika nulis warta anu bisa ngahudang minat anu maca, sarta méré pangaruh hadé ka balaréa.

### KAGIATAN DIAJAR

#### A. Maca Warta

NO	KAGIATAN
1.	Sanggeus panitén murid museur ka guru, kakara guru nepikeun tujuan pangajaran ayeuna. Dina pangajaran dua, murid bakal diajar mikawanoh warta. Sanggeus diajar ngeunaan warta dipiharep murid bisa mikawanoh wangunna, mahamkeun eusina, néangan rumusanna, nepi ka nulis wartana. Keur warta anu dina televisi mah dipiharep murid bisa macakeunana kalawan hadé.
2.	Pikeun ngahudang karesep murid kana ieu pangajaran, aya hadéna guru macakeun sababaraha warta pondok anu dimuat dina koran atawa majalah poé éta. Lian ti éta, tambahan ku nyaritakeun eusi warta anu isuk-isuk ditepikeun ku televisi swasta kasohor anu husus ngalaporkeun warta. Pilihan anu ramé, pikaresepeun, ngahudang rasa sosial, sarta gedé mangpaatna pikeun nambahan pangaweruh murid.
3.	Sangkan murid milu aktip, guru ogé bisa nitah murid macakeun salasahiji warta anu tadi dibawa téa. Cara nunjuk muridna bisa ku cara kieu: Ayeuna tanggal sabaraha? Upamana tanggal 20. Sok ayeuna ngitung dimimitian ti kénca, nu itunganna pas 20, luyu jeung tanggal poé ieu, ka hareup macakeun warta! Engké deui bisa ku nanyakeun poé dibabarkeunna R.A. Kartini atawa Rd. Déwi Sartika, atawa tokoh-tokoh séjénna. Bisa ogé ku poé-poé penting anu sok dipiéling. Upamana, hari pahlawan, sumpah pemuda, hari ibu, hari guru, jsb. Ku cara kitu, bisa nambahan pangaweruh murid dina widang séjénna. Sanggeus dibaca, tuluy babarengan dikoméntaran eusina. Pangpangna kudu kanyahoan kumaha sikep murid kana eusi éta warta.



4.	Sanggeus bérés, kakara guru ngajak murid muka buku pangajaran anu dicekel ku murid. Tuluy murid titah maca warta anu judulna <i>Seni Unggulan Midang Di Bandung</i> . Bari maca téh murid dituyun sina nyirian hal-hal penting anu kapanggih dina éta warta.
5.	Bérés kabéh maca warta, diayakeun tanya-jawab ngeunaan hal-hal anu aya dina warta tadi. Teu kudu waka nyosok jero, hal-hal anu énténg baé pikeun nganyahokeun naha murid daria henteu maca wartana.

## B. Medar Warta

NO	KAGIATAN
6.	Sabada katitén murid daria macana, guru medar perkara warta. Dijéntrékeun warta téh harti saujuratna mah béja atawa iber. Ngan dina pangajaran ayeuna mah anu bakal dititénan téh warta anu disebut berita téa, anu biasa dimuat dina media massa atawa dibacakeun dina média éléktronik. Dina warta aya sababaraha unsur anu kapanggih, kahiji jejer atawa téma jeung kaduana rumusan warta anu ngawengku 5W+1H. Lian ti kitu, dijéntrékeun ogé cara ngaringkes warta sangkan murid bisa nyirian anu parentingna.
7.	Dina buku murid geus dipérélékeun hasil niténan warta anu dibaca tadi. Jadi murid tinggal nuluykeun waé maca nepi ka réngsé pedaran warta anu kahiji. Mun aya pananya ti murid, kakara guru ngajéntrékeun deui leuwih pérélé.
8.	Satuluyna, murid sina maca conto warta dina televisi. Anu ieu mah macana sina dibulak-balik nepi ka apal. Geus kitu, tunjuk salasaurang murid anu macana alus sarta sorana béntés, macakeun éta warta hareupeun kelas. Pasang petana kudu jiga nu maca warta dina televisi. Geus bérés saurang,
	tawarkeun ka anu séjén saha waé anu deuk macakeun. Kitu jeung kitu baé, salila budak hayangeun midang di hareup mah sina maju baé, pangajaran ulah waka dituluykeun. Keun baé itung-itung latihan. Guru ngabebener lentong, cara ngucapkeun kecapna, riuk beungeut, jeung pasang peta awak waktu maca warta.
9.	Bérés maraju, kakara murid dituyun deui maca pedaran ngeunaan eusi warta anu bieu dibacakeun. Kabéh aya dina buku anu dicekel ku murid.

10.	<p>Jawaban pikeun latihan kahiji:</p> <ol style="list-style-type: none"> <li>1. Kagiatan naon anu diayakeunna? Jawabanana: Pasanggiri drama tingkat SMP/Mts sa-Jawa Barat.</li> <li>2. Saha anu ngayakeunana? Jawabanana: Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat</li> <li>3. Saha anu miluanana? Jawabanana: Murid SMP/Mts. Wawakil ti unggal kabupatén/kota.</li> <li>4. Di mana diayakeunana? Jawabanana: Gedong Kasenian Rumentang Siang Bandung</li> <li>5. Iraha éta kagiatan dilaksanakeunana? Jawabanana: ti tanggal 5 nepi ka tanggal 15 Agustus 2013</li> <li>6. Naha Gedong Kasenian Rumentang Siang ngadadak ramé? Jawabanana: Lantaran loba anu datang, boh anu miluan pasanggiri boh anu ngadon lalajo.</li> <li>7. Naha panitia ngarasa reugreug? Jawabanana: Lantaran loba anu lalajo.</li> <li>8. Kumaha tanggapan ti kabupatén/kota? Jawabanana: Hadé pisan. Buktina unggal kabupatén/kota ngirimkeun wawakilna, aya anu ngirimkeun hiji wawakil aya ogé anu nepi ka dua atawa tilu wawakil.</li> </ol>
-----	--------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------

### C. Nyarungsum Eusi Warta

NO	KAGIATAN
11.	<p>Murid sina maca warta anu judulna <i>FFB Ngeureuyeuh Ngajén Pilem</i>. Ti méméh maca, murid dibéjaan sina nyirian kalimah-kalimah anu eusina 5W +1H téa.</p> <ol style="list-style-type: none"> <li>a. Jejer/téma warta nyaéta pangajén Forum Film Bandung (FFB) kana pilem anu diputer di bioskop jeung televisi salila taun 2012.</li> <li>b. Ringkesanna: Poé Saptu tangal 15 Juni 2013, di lapang Gazibu Bandung bakal diayakeun pamasrahan pangajén kana pilem bioskop jeung sinétron anu diputer salila taun 2012. Ieu acara anu diayakeun ku Forum Film Bandung (FFB) téh bakal disiarkan langsung ku stasiun televisi swasta SCTV. Pilem anu diajén salila taun 2012 téh aya 92 judul pilem nasional jeung 140 judul pilem impor. Sedeng sinétron aya 335 judul. Tina sakitu téh anu ditetepkeun asup nimonasi ngan 13 judul pilem nasional jeung 12 judul pilem impor. Kitu ceuk katerangan H. Eddy D. Iskandar pupuhu FFB.</li> </ol>

12.	c. Rumusanna:	
Kalimah Tanyana	Rumusan Wartana	Larapna dina Warta
1. Kagiatan naon anu diayakeunna? 2. pilem naon anu diajénna?	Naon/what	1. Pamasrahan pangajén kana pilem nasional jeung sinétron taun 2013. 2. Pilem bioskop, boh nasional boh impor, jeung sinétron anu diputer salila taun 2012.
2. Saha anu ngayakeun kagiatanana ? 2. Saha anu méré katerangan ka wartawan?	Saha/who	1. Forum Film Bandung (FFB) 2. H. Eddy D. Iskandar pupuhu FFB
1. Di mana diayakeunana éta kagiatan?	di mana/where	1. Di Lapang Gazibu Bandung
1. Iraha diayakeunana?	iraha/when	1. Poé saptu tanggal 15 Juni 2013
1. Naon sababna éta kagiatan diayakeun?	Naha/why	1. Pikeun netepkeun pilem anu meunang pamuji atawa anu pantes dipuji salila taun 2012.
1. Kumaha pangbagéa masarakat pilem Indonésia kana éta kagiatan? 2. Kumaha hasilna?	Kumaha/how	1. Kacida hadéna. 2. FFB netepkeun 13 judul pilem nasional jeung 12 judul pilem impor jadi nominasi, tina 92 judul pilem bioskop nasional, 140 judul pilem bioskop impor, jeung 335 judul sinétron.

## D. Pancén

NO	KAGIATAN
13.	Pikeun ngalaksanakeun pancén nu ieu, minggu saméméhna murid dibéré pancén sina néangan warta dina koran, majalah, jeung internét. Dina waktuna diajar téh sakabéh murid geus mawa potocopy atawa print outna. Geus kitu, saurang-saurang sina macakeun warta bawana. Anu téma wartana sarua, dihiijikeun dina hiji kelompok.
14.	Pikeun pangeuyeub-euyeub, guru ogé mawa koran atawa majalah Sunda anu ngamuat warta. Alusna mah sajumlah murid baé, méh teu parebut. Murid sina néangan langsung warta di kelas. Ku cara kitu, bakal kanyahoan murid anu geus bisa ngaidentifikasi warta jeung anu acan.
15.	Pancén anu kahiji, murid sina ngabédakeun antara warta anu sok dimuat dina koran/majalah jeung warta anu sok dijieun ku televisi bacakeuneun.

### BEDANA WARTA:

Wangunna	Eusina
<p>Warta dina Majalah:</p> <ol style="list-style-type: none"> <li>1. Ditulis dina wangun basa lancar anu ngaguluyur.</li> <li>2. Ditulis dina kalimah-kalimah sarta ngagunakeun tanda baca anu bener (titik, koma, tanda tanya, panyeluk,</li> <li>3. Teu maké tabél</li> <li>4. Teu maké kop ngaran majalah/koran di bagian luhurna.</li> <li>5. Ditulis hurup gedé jeung leutik luyu jeung éjahan</li> </ol>	<p>Warta dina Majalah:</p> <ol style="list-style-type: none"> <li>1. Téma/jejer warta langsung gumulung dina tulisan.</li> <li>2. Dina warta anu péndék mah biasana tara maké headline (kepala berita). Mun dina warta anu panjang atawa tulisan jenis feature, sok maké headline. Jadi dina conto warta di luhur ogé teu maké headline.</li> </ol>
<p>Warta dina televisi:</p> <ol style="list-style-type: none"> <li>1. Ditulis dina wangun tabél.</li> <li>2. Maké kop ngaran televisi di bagian luhurna</li> <li>3. Disebutkeun tanggal dibacakeunna warta</li> <li>4. Disebutkeun saha anu macakeunana, saha kaméraména, jeung saha operatorna.</li> </ol>	<p>Warta dina televisi:</p> <ol style="list-style-type: none"> <li>1. Jejer/téma ditulis misah kolom pangluhurna, henteu gumulung dina tulisan.</li> <li>2. Headline ogé ditulis misah dina kolom.</li> <li>3. Eusina ngan warta anu poko wungkul.</li> </ol>

<p>5. Poko/jejer warta disebutkeun di luhur.</p> <p>6. Aya katerangan video tampilanna naon, jeung audio naon anu dibacakeunana.</p> <p>7. Ditulis dina hurup gedé kabéh, sangkan jelas kabaca ku réporter.</p> <p>8. Tanda baca kabéh dileungitkeun, diganti ku garis miring. Mun garis miringna hiji hartina koma, mun garis miringna dua hartina titik.</p> <p>9. Dina tabél ogé ditétélakeun saha anu jadi narasumberna.</p>	
----------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------	--

16.	Murid néangan warta sorangan dina koran jeung majalah anu disadiakeun ku guru. Tuluy ditéangan naon téma/jejerna jeung ditangtukeun rumusanana ku cara nyieun pananya dumasar kan rumus $5W + 1H$ . Rumusan jeung larapna dina kalimah dilaporkeun dina wangun tabél jiga conto.
17.	Murid nyieun ringkesan warta anu dibacana maké basa sorangan. Guru ngajéntrékeun carana ngaringkes bacaan. Mimitina, bacaan dibaca heula nepi ka tamat, bari dicirian hal-hal anu pentingna. Sanggeus kitu kakara dicaritakeun deui maké basa sorangan. Kadé lain mondokkeun bacaan nu aya, tapi nyaritakeun deui eusina. Kekecapan anu dina bacaan ulah ditéplak dipindahkeun.
18.	Murid néangan conto warta pikeun televisi dina internét. Bisa néangan dina website televisi anu sok nepikeun warta dina basa Sunda. Warta anu dipilihna sina diprint out, tuluy diapalkeun di imah. Minggu hareupna, pancén téa ditagih ku cara sina ka hareup saurang-saurang macakeun warta anu meunang ngapalkeun téa. Anu diajén, cara macana, boh lentong, ngucapkeun kecap, boh riung beungeut jeung réngkak paripolah waktu maca anu ngarojong kana eusi warta.
	<p>Dina pancén nomer tilu, murid maca conto wawancara antara Wartawan jeung Andika sing gemet. Jawaban pancénna:</p> <p>a. Sebutkeun pertanyaan nu luyu jeung rumus <math>5W + 1H</math></p> <p>1) naon/what</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>- Dupi hadiahna naon baé?</li> <li>- Kanggo naon tah hadiahna?</li> </ul>

19.

- 2) saha/who
  - Dupi jenengan lengkep sadérék saha sareng wawakil ti mana?
  - Saha anu ngalatihna?
- 3) di mana/where
  - Dupi sakolana?
- 4) iraha/when
  - Dina pasanggiri biantara taun ieu, sadérék janten pinunjul kahiji tingkat Jawa Barat. Leres?
  - Ti iraha sadérék sok ngiringan pasanggiri biantara?
  - Sateuacanna, teu acan kantos ngiringan pasanggiri?
- 5) naha/why
  - Naha sadérék bet milih ngiring biantara?
- 6) kumaha/how
  - Upami badé ngiringan biantara, kumaha tah tah tataharna, lami henteu?
  - Kumaha tah perasaan sadérék janten pinunjul di tingkat provinsi téh?

b. Naskah hasil wawancara muatkeuneun dina majalah

### **Andika nu Pinter Nyarita**

*Dina pasanggiri biantara tingkat SMP sa-Jawa barat taun 2013 anu diayakeun ku Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat, Andika Pratama wawakil ti Kabupatén Subang, jadi pinunjul kahiji, ngéléhkeun pamilon ti kabupatén séjénna.*

*Nurutkeun pangakuan Andika, miluan pasanggiri di tingkat provinsi téh kakara taun ieu sarta langsung jadi juara. Saméméhna Andika nu keur SD-na kungsi jadi pinunjul di tingkat kecamatan, miluan pasanggiri di tingkat sakola jeung di tingkat kabupatén. Tangtu baé dua kalianana ogé jadi pinunjul kahiji, nu matak tuluy diutus jadi wawakil kabupatén pikeun makalangan di tingkat provinsi.*

*Hayang jadi pinunjul kahiji téh teu gampang. Kitu ceuk Andika. Kudu daék ngorbankeun waktu, tanaga, jeung pikiran pikeun latihan. Lain waktu sakeudeung latihan téh, nepi ka dua bulanna. Mimitina mah cenah latihan téh sok sorangan baé di imah, ngan basa rék milu pasanggiri di tingkat kabupatén kakara dilatih ku Guru Basa Sundana. Kitu deui basa rék miluan pasanggiri ka tingkat provinsi, dilatih ku pangaping anu ditunjuk ku Dinas Pendidikan Kabupatén.*

*Tina ieu kajuaraan, Andika meunang piala ti gubernur, piagem, jeung duit anu gedéna dua juta rupia. Duitna cenah rék dtabungkeun keur bekel engké sakola ka SMA.*

c. Naskah hasil wawancara bacakeuneun dina televisi

<p>SUNDA TELEVISI DIVISI PEMBERITAAN</p>		<p>TANGGAL: 05 -03- 2013 REPORTER: DADAN CAMERAMAN: DIKI EIC: JATNIKA</p>
<p>POKOK BERITA Pasanggiri Biantara tingkat SMP sa- Jawa Barat</p>		
VIDEO		AUDIO
PENYIAR		<p>Andika Pratama/ wawakil ti Kabupatén Subang/ jadi pinunjul kahiji dina pasanggiri biantara tingkat SMP sa- Jawa Barat//nurutkeun pangakuanana, ieu téh pangalaman anu munggaran pikeun dirina//</p> <p>..... VOICE OVER .....</p> <p>Dina taun ieu/anu jadi pinunjul biantara tingkat SMP sa-Jawa Barat téh/Andika Pratama wawakil ti Kabupatén Subang//Andika téh kakara kelas dalapan/ tapi kamampuhna nyarita hareupeun balaréa/geus kacida asakna// Saméméhna/ Andika jadi pinunjul di tingkal sakola jeung kabupatén//Pikeun tingkat provinsi mah mangrupa pangalaman anu munggaran/kitu ceuk pangakuan Andika/dina wawancarana jeung Dadan ti Majalah Sunda//Méméh miluan pasanggiri téh/ Andika latihan sok nepi ka dua bulanna//Mimitina sok latihan sorangan di imah/satuluyna diaping ku Guru Basa Sundana//</p> <p>Teu anéh lamun hasilna ogé nyugemakeun/da geuning tataharna ogé sakitu lilana//Tina ieu kajuaraan/Andika meunang hadiah piala ti gubernur/piagem/jeung duit anu lobana dua juta rupia//Hadiah duitna ditabungkeun/pikeun bekel sakolana nuluykeun ka SMA//Kitu ceuk katerangan ti Andika Pratama//</p> <p>..... STATEMEN .....</p>
Andika Pratama Pinunjul Biantara		DADAN/SUNDA TV//

20.	Murid diajar nulis warta. Kudu dituyun ku guru. Mimitina murid sina milih jejer/téma anu geus disadiakeun dina buku. Tuluy sina nyusun daptar pananya luyu jeung rumus $5W + 1H$ . Tina daptar pananya éta, sina dijieun jawabanana dumasar kana naon anu kungsi kaalaman atawa katingali nu patali jeung jejer téa. Tah tina jawaban-jawaban éta kakara bisa disusun jadi hiji warta.
21.	Murid nulis warta dumasar kana bahan anu dikumpulkeunana. Sabada réngsé, dibacakeun saurang-saurang hareupeun kelas.
22.	Murid séjénna ngabandungan warta anu dibacakeun ku babaturanana, tuluy dirojong sangkan ngoméntaran kana hasil gawé babaturanna téa. Lamun perlu jawaban, anu maca di hareup kudu ngajéntrékeun. Dina ngajéntrékeunana bisa dibantuan ku guru. Kudu diarahkeun sangkan jadi diskusi kelas.
23.	Murid néangan warta pondok anu geus dimuat dina majalah, tuluy dituyun ku guru ngarobah warta anu dipilihna kana wangun warta bacakeuneun dina televisi.
24.	Murid sina milih warta anu geus disadiakeun dina buku cecekelanana, tuluy latihan macakeun jiga keur maca warta dina televisi. Geus kitu dites saurang-saurang ka hareup.

## PANUTUP

Kawas sasari, unggal réngsé pangajaran, guru jeung murid medar perkara pancén-pancén anu geus dipigawé ku murid, boh pancén kelompok boh pancén mandiri. Lantaran dina kagiatan diajar-ngajar aya kagiatan diskusi, guru medar ngeunaan kagiatan diskusi anu geus lumangsung, pangpangna kudu ngalempeng konsép-konsép pamanggih murid anu salah. Pamungkas, guru jeung murid nyindekkeun matéri pangajaran anu geus dicangkem ku murid.



GUGURITAN

PANGANTEUR

Dina pangajaran ieu, murid bakal diajak mikawanoh anu disebut guguritan. Mémang kiwari mah nu nulis guguritan téh geus langka. Atuh karya guguritanna ogé geus langka dipidangkeun. Tapi lantaran guguritan téh kaasup karya sastra anu ngandung ajén luhur, katimbang perlu pikeun diajarkeun di sakola. Saméméh ngajarkeun guguritan, guru ngayakeun apersépsi ku nembangkeun sababaraha conto pupuh anu geus dipikawanoh ku murid, pikeun museurkeun panitéнна.

Sanggeus museur kabéh panitéнна, kakara ngajéntrékeun tujuan pangajaran anu bakal ditepikeun ayeuna nyaéta saréngséna kagiatan diajar ngajar, murid mikawanoh wangun guguritan dina pupuh sinom, pupuh kinanti, pupuh asmarandana, jeung pupuh mijil. Sabada wanoh kana wangunna, murid paham kana eusina, patokan pupuhna, jeung purwakanti kecapna. Lamun éta kabéh geus kacangkem, murid kudu bisa nulis pupuh sarta nyusun guguritan.

KAGIATAN DIAJAR

A. Nembangkeun Guguritan dina Pupuh Sinom

NO	KAGIATAN
1.	<p>Lantaran anu bakal dipedarna guguritan dina wangun pupuh sinom, aya hadéna guru nembangkeun heula pupuh sinom anu geus kawentar. Upamana:</p> <p><i>Aya hiji rupa kembang, Raranggeuyan tapi leutik, Rupana bodas kacida, Matak lucu liwat saking, Hanjakalna teu seungit, Lamun ku urang diambung, Kitu téh mun ti beurang, Ari seug mungguh ti peuting, Sumeleber nyambuang sapakarangan.</i></p>

	<p>Atawa pupuh nu ieu:</p> <p><i>Sinom nu jadi piwulang,          Piwulang ka murangkalih,          Anu eukeur sarakola,          Mambrih salamet nya diri,          Ingetkeun beurang peuting,          Tungkus dina jero kalbu,          Picontoeun salawasna,          Kaitkeun di jero ati,          Ulah pisan hirup tinggal ti wiwaha.</i></p>
2.	<p>Sabada nyontoan nembang pupuh sinom, ayakeun heula tanya-jawab ngeunaan pupuh bieu. Murid bébas nanyakeun naon waé nu patali jeung wangun atawa eusi. Mun murid geus nanya, guru bisa malik nanya, sugan aya murid anu apaleun pupuh sinom séjénna. Mun aya, alusna tembangkeun babarengan.</p>
3.	<p>Bérés muka pangajaran ku rupa-rupa nembangkeun pupuh sinom, guru nataharkeun VCD jeung CD pupuh sinom. Tuluy murid sina ngaregepkeun pupuh anu disetél dina VCD. Teu kudu maké TV sagala, cukup sora wungkul ogé. CD tuluy diputer sababaraha balikan, bari murid sina nurutan lagamna. Mun murid geus taram-taram apal kana lagamna, kakara sina muka buku pangajaran anu dicekelna.</p>
4.	<p>Guru jeung murid babarengan nembangkeun guguritan dina pupuh sinom anu judulna <i>Ka Alun-alun Bandung</i>. Murid sina apal kana lagam pupuh sinom. Sangkan babari apal, mimiti nembang babarengan sakelas. Geus kitu, nu nembang murid awéwé wungkul, ditéma ku murid lalaki. Bérés éta, nu nembang dua baris-dua baris bangku. Bérés dua baris-baris, tuluy sabaris-sabaris. Kitu jeung kitu waé nepi ka murid bener-bener apal lagam pupuh sinom.</p>
5.	<p>Sabada apal lagamna, murid titah maca pedaran ngeunaan guguritan <i>Ka Alun-alun Bandung</i>. Guru nuyun murid sangkan paham kana eusi pedaran.</p>

## B. Mahamkeun Eusi Guguritan

### 1. Guguritan dina Pupuh Sinom

NO	KAGIATAN																																																																																
6.	Sangkan paham kana eusi guguritanna mah cukup ku maca pedarna dina buku murid baé. Di dinya diwincik naon eusina. Kitu deui jejer/ téma guguritanna.																																																																																
7.	<p>Satuluyna guru nuyun murid ngarucat patokan pupuh, néangan guru lagu jeung guru wilanganana. Istilah pada jeung padalisan ogé kudu diwanohkeun. Luyu jeung eusi pedaran anu aya dina buku murid. Mun dina buku murid anu dirucat téh pada kahiji, bisa ditambahan ku pada kadua. Bisa ogé genep padaanna anu aya dina pupuh sinom, dirucat ku murid. Tujuanana mah sangkan murid diajar cara ngarucat kecap saengang-saengang. Contona:</p> <table><tr><th>Padalisan</th><th>Pupuh sinom</th><th>Guru wilangan</th><th>Guru lagu</th></tr><tr><td>1.</td><td>ku-ring-wa-war-tos-ka-ba-pa</td><td>8</td><td>a</td></tr><tr><td>2.</td><td>teu-ki-at-ho-yong-ka-ca-i</td><td>8</td><td>i</td></tr><tr><td>3.</td><td>sa-ur-ba-pa-ta-han-heu-la</td><td>8</td><td>a</td></tr><tr><td>4.</td><td>sa-ke-dap-deu-i-gé-du-gi</td><td>8</td><td>i</td></tr><tr><td>5.</td><td>di-pa-yun-téh-pom-béng-sin</td><td>7</td><td>i</td></tr><tr><td>6.</td><td>di-d-nya-bi-sa-ta-ru-run</td><td>8</td><td>u</td></tr><tr><td>7.</td><td>bi-sa-ba-ri-ja-jan-heu-la</td><td>7</td><td>a</td></tr><tr><td>8.</td><td>nga-da-go-an-ngeu-si-béng-sin</td><td>8</td><td>i</td></tr><tr><td>9.</td><td>mun-man-jing-mah-bi-sa-ba-ri-lo-hor-heu-la</td><td>12</td><td>a</td></tr></table> <table><tr><th>Padalisan</th><th>Pupuh sinom</th><th>Guru wilangan</th><th>Guru lagu</th></tr><tr><td>1.</td><td>ja-lan-ma-cét-geus-ka-li-wat</td><td>8</td><td>a</td></tr><tr><td>2.</td><td>Si-A-dé-geus-seu-ri-deu-i</td><td>8</td><td>i</td></tr><tr><td>3.</td><td>Ma-mah-gé-ha-ha-ri-ring-an</td><td>8</td><td>a</td></tr><tr><td>4.</td><td>teu-li-la-ne-pi-pom-béng-sin</td><td>8</td><td>i</td></tr><tr><td>5.</td><td>geu-wat-ku-ring-ka-ca-i</td><td>7</td><td>i</td></tr><tr><td>6.</td><td>lum-pat-ba-ri-ra-da-ru-suh</td><td>8</td><td>u</td></tr><tr><td>7.</td><td>a-tu-da-tos-teu-ki-at</td><td>7</td><td>a</td></tr><tr><td>8.</td><td>ho-yong-ka-ca-i-ti-ta-di</td><td>8</td><td>i</td></tr><tr><td>9.</td><td>tos-bé-rés-mah-ra-ra-sa-an-ngem-plong-pi-san</td><td>12</td><td>a</td></tr></table>	Padalisan	Pupuh sinom	Guru wilangan	Guru lagu	1.	ku-ring-wa-war-tos-ka-ba-pa	8	a	2.	teu-ki-at-ho-yong-ka-ca-i	8	i	3.	sa-ur-ba-pa-ta-han-heu-la	8	a	4.	sa-ke-dap-deu-i-gé-du-gi	8	i	5.	di-pa-yun-téh-pom-béng-sin	7	i	6.	di-d-nya-bi-sa-ta-ru-run	8	u	7.	bi-sa-ba-ri-ja-jan-heu-la	7	a	8.	nga-da-go-an-ngeu-si-béng-sin	8	i	9.	mun-man-jing-mah-bi-sa-ba-ri-lo-hor-heu-la	12	a	Padalisan	Pupuh sinom	Guru wilangan	Guru lagu	1.	ja-lan-ma-cét-geus-ka-li-wat	8	a	2.	Si-A-dé-geus-seu-ri-deu-i	8	i	3.	Ma-mah-gé-ha-ha-ri-ring-an	8	a	4.	teu-li-la-ne-pi-pom-béng-sin	8	i	5.	geu-wat-ku-ring-ka-ca-i	7	i	6.	lum-pat-ba-ri-ra-da-ru-suh	8	u	7.	a-tu-da-tos-teu-ki-at	7	a	8.	ho-yong-ka-ca-i-ti-ta-di	8	i	9.	tos-bé-rés-mah-ra-ra-sa-an-ngem-plong-pi-san	12	a
Padalisan	Pupuh sinom	Guru wilangan	Guru lagu																																																																														
1.	ku-ring-wa-war-tos-ka-ba-pa	8	a																																																																														
2.	teu-ki-at-ho-yong-ka-ca-i	8	i																																																																														
3.	sa-ur-ba-pa-ta-han-heu-la	8	a																																																																														
4.	sa-ke-dap-deu-i-gé-du-gi	8	i																																																																														
5.	di-pa-yun-téh-pom-béng-sin	7	i																																																																														
6.	di-d-nya-bi-sa-ta-ru-run	8	u																																																																														
7.	bi-sa-ba-ri-ja-jan-heu-la	7	a																																																																														
8.	nga-da-go-an-ngeu-si-béng-sin	8	i																																																																														
9.	mun-man-jing-mah-bi-sa-ba-ri-lo-hor-heu-la	12	a																																																																														
Padalisan	Pupuh sinom	Guru wilangan	Guru lagu																																																																														
1.	ja-lan-ma-cét-geus-ka-li-wat	8	a																																																																														
2.	Si-A-dé-geus-seu-ri-deu-i	8	i																																																																														
3.	Ma-mah-gé-ha-ha-ri-ring-an	8	a																																																																														
4.	teu-li-la-ne-pi-pom-béng-sin	8	i																																																																														
5.	geu-wat-ku-ring-ka-ca-i	7	i																																																																														
6.	lum-pat-ba-ri-ra-da-ru-suh	8	u																																																																														
7.	a-tu-da-tos-teu-ki-at	7	a																																																																														
8.	ho-yong-ka-ca-i-ti-ta-di	8	i																																																																														
9.	tos-bé-rés-mah-ra-ra-sa-an-ngem-plong-pi-san	12	a																																																																														

Padalisan	Pupuh sinom	Guru wilangan	Guru lagu
1.	sing-get-na-i-eu-ca-ri-ta	8	a
2.	ka-a-lun-a-lun-geus-ne-pi	8	i
3.	geu-ning-lo-ba-tê-tên-jo-an	8	a
4.	ra-mé-na-ka-li-wat-sa-king	8	i
5.	i-tu-a-ya-K-F-C	7	i
6.	Si-A-dé_ma-ni-tu-tun-juk	8	u
7.	ji-ga-na-la-par-pi-san	7	a
8.	ku-ring-gé-nya-ki-tu-deu-i	8	i
9.	nya-mu-pa-kat-sa-ré-ré-a-da-har-heu-la	12	a

Padalisan	Pupuh sinom	Guru wilangan	Guru lagu
1.	Tos-wa-reg-mah-ja-lan-ja-lan	8	a
2.	a-sup-téh-ka-Ma-ta-ha-ri	8	i
3.	ba-ju-ma-ni-lo-ba-pi-san	8	a
4.	beu-reum-ko-néng-hé-jo-deu-i	8	i
5.	és-tu-ning-war-na-war-ni	7	i
6.	ma-tak-re-sep-ma-tak-u-ruy	8	u
7.	ku-ring-ti-tah-mi-lih-an	7	a
8.	ma-na-a-nu-cop-jeung-a-ti	8	i
9.	ka-lu-ar-téh-meu-nang-sa-ké-ré-sék-é-wang	12	a

Padalisan	Pupuh sinom	Guru wilangan	Guru lagu
1.	Pa-so-so-ré-tu-luy-mu-lang	8	a
2.	heug-ka-pe-gat-ma-cét-deu-i	8	i
3.	ka-ci-da-ma-tak-a-ral-na	8	a
4.	u-rut-bu-ngah-ke-sel-deu-i	8	i
5.	ja-lan-heu-rin-ku-mo-bil	7	i
6.	ma-tak-bi-ngung-nu-ti-lem-bur	8	u
7.	bi-a-sa-ja-lan-la-le-ga	7	a
8.	nga-lam-an-nu-heu-rin-u-sik	8	i
9.	ma-tak-ka-pok-em-bung-nga-du-a-ka-li-an	12	a

## C. Nyangkem Guguritan

### 1. Guguritan dina Pupuh Kinanti

NO	KAGIATAN
8.	<p>Saméméh mahamkeun guguritan dina pupuh kinanti anu judulna Bandung Ayeuna , guru nyontoan heula ngahaleuang pupuh kinanti anu geus dipikawanoh ku saréréa. Mun murid geus arapaleun mah kana pupuhna, sakalian bari diajak nembang babarengan. Upamana:</p> <p style="text-align: center;"><i>Budak leutik bisa ngapung, Babaku ngapungna peuting, Kalayang kakalayaan, Néangan nu amis-amis, Sarupaning bungbuahan, Naon baé nu kapanggih.</i></p> <p>Atawa anu hiji deui:</p> <p style="text-align: center;"><i>Kembang ros ku matak lucu Nya alus rupa nya seungit, Henteu aya papadana, Ratuning kembang sajati, Papaés di patamanan, Seungit manis ngadalingding.</i></p>
9.	<p>Murid sina maca kalawan gemet guguritan dina pupuh kinanti anu judulna <i>Bandung Ayeuna</i>. Geus kitu, diajar nembangkeunana. Saréréa kudu nepi ka apal. Salila can apaleun mah tuluy waé bulak-balik nembangkeun pupuhna. Bisi capé nyontoan, bisa ngagunakeun VCD/CD. Malah alusna mah disetél ogé conto pupuh raéhan hasil kréasi panganyarna, sangkan murid beuki resep diajarna.</p>
10.	<p>Anu jadi jejer/téma dina guguritan di luhur nyaéta kaayaan Kota Bandung nu geus jadi salin jinis jadi kota balanja (kahirupan sosial).</p>

11.	Sabada arapaleun, murid dibéré pancén pikeun néangan guru lagu jeung guru wilangan dina pupuh kinanti. Titénan ieu di handap!			
	Padalisan	Pupuh Kinanti	Guru wilangan	Guru lagu
	1	To-ko-to-ko-pa-ra-ri-nuh	8	u
	2	tro-to-ar-heu-rin-ku-par-kir	8	i
	3	pa-beu-lit-jeung-nu-ba-lan-ja	8	a
	4	pa-hi-but-nu-ba-rang-beu-li	8	i
	5	a-du-ta-war-ra-mé-pi-san	8	a
	6	ka-sa-wur-ku-so-ra-mo-bil	8	i
	Padalisan	Pupuh Kinanti	Guru wilangan	Guru lagu
	1	So-ra-na-pa-ting-ga-re-rung	8	u
	2	ang-kot-pa-beu-lit-jeung-tak-si	8	i
	3	ri-weuh-né-ang-an-pa-num-pang	8	a
	4	pa-da-pa-da-em-bung-ru-gi	8	i
	5	pu-guh-di-u-dag-se-tor-an	8	a
	6	ba-lik-ku-du-meu-nang-ba-ti	8	i
	Padalisan	Pupuh Kinanti	Guru wilangan	Guru lagu
	1	Ka-ki-li-ma-eng-geus-pu-guh	8	u
	2	wu-wuh-nam-bah-heu-rin-u-sik	8	i
	3	mé-mang-ra-os-nu-ba-lan-ja	8	a
	4	ta-pi-heu-rin-ka-nu-u-lin	8	i
	5	Ban-dung-ko-ta-keur-ba-lan-ja	8	a
	6	Ko-ta- Kem-bang-sa-lin-ji-nis	8	i

## 2. Guguritan dina Pupuh Asmarandana

NO	KAGIATAN
12.	<p>Saméméh murid niténan guguritan dina pupuh asmarandana, aya hadéna guru ngajak murid ngahaleuangkeun pupuh asmarandana anu geus dipiwanoh. Kadé murid diajar ngahaleuangkeun pupuh asmarandanana sing nepi ka bisa. Upamana:</p> <p><i>Éling-éling masing éling, Rumingkang di bumi alam, Darma wawayangan baé, Raga taya pangawasa, Lamun kasasar lampah, Napsu nu matak kaduhung, Badan anu katempuhan.</i></p>

13.	Murid dikelompokkeun anu sakelompokna téh lima urang. Sabada diukna ngariung jeung kelompokna, kakara titah muka buku pakét anu dicekelna tuluy titah maca guguritan dina pupuh asmaranadana anu judulna <i>Budak Bangor</i> , bari dibéjaan ti méméhna kudu nyirian kecap-kecap anu teu kaharti. Eta kecap anu teu kaharti téa sina disalin kana buku tulis, teu meunang curat-corét dina buku pakét anu dicekelna.
14.	<p>Kecap-kecap anu Teu kaharti téa, sina ditéangan hartina dina kamus. Upamana:</p> <ol style="list-style-type: none"> <li>1). <i>Kacatur</i> hartina kacarita Larapna dina kalimah: a. Jaman baheula <i>kacatur</i> rayat hirupna tengtrem. b. Jaman baheula <i>kacarita</i> rayat hirupna tengtrem.</li> <li>2). <i>Wangkelang</i> hartina tara daék dititah atawa dihiras, gawéna ngan ngalawan waé, lamun dipapatahan kana bener tara nurut anggur sagala mawa karep sorangan; sok disebut ogé bedang. Larapna dina kalimah: a. Na budak téh mani <i>wangkelang-wangkelang</i> teuing, teu beunang dipapatahan. b. Na budak téh <i>gawéna ngan ngalawan waé</i>, tara beunang dipapatahan.</li> <li>3). <i>Baradami</i> hartina kecap pagawéan madungdengkeun sahiji hal atawa pagawéan anu bakal dihanca. Kecap lemesna badanten Larapna dina kalimah: a. Kelas 8a keur <i>baradami</i> rék ulin ka Tangkuban Parahu. b. Kelas 8a keur <i>madungdengkeun</i> rék ulin ka Tangkuban Parahu.</li> <li>4). <i>Suwung</i> hartina euweuh atawa teu nyampak Larapna dina kalimah: a. Hanas rurusuhan, ari heug Bapa Guruna nuju <i>suwung</i>. b. Hanas rurusuhan, ari heug Bapa Guruna nuju <i>teu nyampak</i>.</li> <li>5). <i>Lantip</i> hartina panjang pikiran, tara gancang ambek, tara gancang ngahukum Larapna dina kalimah: a. Sing <i>lantip</i> nanyana, ngarah budakna daék balaka. b. Sing <i>panjang pikiran nanyana</i>, ngarah budakna daék balaka.</li> <li>6). <i>Éléh déét</i> hartina kapaksa ngéléhan, henteu keukeuh ngukuhan karep sorangan Larapna dina kalimah: a. Tadina mah hayang piknik ka Garut ngan babaturan milih ka Cirebon, nya <i>éléh déét</i> kuring nyatujuan. b. Tadina mah hayang piknik ka Garut ngan babaturan milih ka Cirebon, nya <i>kapaksa ngéléhan</i> kuring nyatujuan.</li> <li>7). <i>Balaka</i> hartina wakca (terus terang) Larapna dina kalimah: a. <i>Balaka</i> waé kuring mah teu sanggup ari kudu mayar mahal mah. b. <i>Wakca</i> waé kuring mah teu sanggup ari kudu mayar mahal mah.</li> </ol>

	<p>8). <i>Nyingkur</i> asal kecapna singkur hartina jauh ka tempat nu ramé. <i>Nyingkur</i> hartina cicing di tempat anu singkur.</p> <p>Larapna dina kalimah:</p> <p>a. Geus capé hirup di kota, nu matak ayeuna mah <i>nyingkur</i> di lembur.</p> <p>b. Geus capé hirup di kota, nu matak ayeuna mah <i>cicing</i> di lembur.</p>																																
15.	<p>Unggal kelompok titah nunjuk salasaurang wawakilna pikeun nyaritakeun deui eusi guguritan <i>Budak Bangor</i> maké basa sorangan. Teu nanaon dikotrét heula ogé, sangkan omonganana ngaleunjeur sarta kaharti ku saréréa maksudna. Eusi guguritan dina pupuh asmaranada <i>Budak Bangor</i>, nyaritakeun dua budak nyaéta Arman jeung Andi, anu di sakolana ngan heureuy waé diajar sadaék manéhna tara beunang dipapatahan. Hiji poé maranéhna kabur ti sakola ngadon arulin di warnét. Untung kanyahoan ku Ibu Guru Biologi. Tuluy laporan ka Pembina OSIS, ku Pembina OSIS teu diengkékeun deui, tuluy ditéang ka warnét. Enya baé éta budak anu dua téh kasampak keur anteng internétan. Tuluy baé budak anu dua téh dibawa ka sakola. Duanana tarungkul da ngarasa éra.</p>																																
16.	<p>Jejer/téma guguritan <i>Budak Bangor</i>, nyaritakeun kalakuan budak sakola anu teu pantes ditiru (atikan).</p>																																
17.	<p>Guru wilangan jeung guru lagu pupuh asmarandana titénan dina tabél di handap!</p> <table><tr><th>Padalisan</th><th>Pupuh Asmarandana</th><th>Guru Wilangan</th><th>Guru lagu</th></tr><tr><td>1</td><td>Ka-ca-tur-Ar-man-jeung-An-di</td><td>8</td><td>i</td></tr><tr><td>2</td><td>bu-dak-sa-ko-la-ti-ko-ta</td><td>8</td><td>a</td></tr><tr><td>3</td><td>di-ke-las-ngan-heu-reuy-ba-é</td><td>8</td><td>é/o</td></tr><tr><td>4</td><td>di-a-jar-sa-ka-ha-yang-na</td><td>8</td><td>a</td></tr><tr><td>5</td><td>la-mun-di-pa-pa-tah-an</td><td>7</td><td>a</td></tr><tr><td>6</td><td>ta-ra-i-euh-da-ék-nu-rut</td><td>8</td><td>u</td></tr><tr><td>7</td><td>da-sar-a-dat-na-wang-ke-lang</td><td>8</td><td>a</td></tr></table>	Padalisan	Pupuh Asmarandana	Guru Wilangan	Guru lagu	1	Ka-ca-tur-Ar-man-jeung-An-di	8	i	2	bu-dak-sa-ko-la-ti-ko-ta	8	a	3	di-ke-las-ngan-heu-reuy-ba-é	8	é/o	4	di-a-jar-sa-ka-ha-yang-na	8	a	5	la-mun-di-pa-pa-tah-an	7	a	6	ta-ra-i-euh-da-ék-nu-rut	8	u	7	da-sar-a-dat-na-wang-ke-lang	8	a
Padalisan	Pupuh Asmarandana	Guru Wilangan	Guru lagu																														
1	Ka-ca-tur-Ar-man-jeung-An-di	8	i																														
2	bu-dak-sa-ko-la-ti-ko-ta	8	a																														
3	di-ke-las-ngan-heu-reuy-ba-é	8	é/o																														
4	di-a-jar-sa-ka-ha-yang-na	8	a																														
5	la-mun-di-pa-pa-tah-an	7	a																														
6	ta-ra-i-euh-da-ék-nu-rut	8	u																														
7	da-sar-a-dat-na-wang-ke-lang	8	a																														

NO	KAGIATAN
18.	<p>Murid migawé latihan pupuh asmarandana <i>Budak Bangor</i>. Jawaban latihanana:</p> <p>1. Anu jadi tokoh/palaku dina guguritan <i>Budak Bangor</i> nyaéta Arman jeung Andi</p>



	<ol style="list-style-type: none"> <li>2. Anu mimiti manggihan dua budak nu leungit nyaéta Ibu Guru Biologi</li> <li>3. Eta dua budak téh indit ka warnét</li> <li>4. Watek éta dua budak téh bangor, wani ngarempak aturan sakola</li> <li>5. Balukarna ngarasa éra da kanyahoan sarta ditéang ku pembina OSIS ka warnét</li> <li>6. Goréng pisan, sarta ulah diturutan, lantaran maranéhna wani bolos ti sakola. Lamun ti leuleutik geus diajar ngarempak aturan, bisi ka bawa nepi ka gedé</li> <li>7. Runtuyan kajadianana: <ol style="list-style-type: none"> <li>a. Arman jeung Andi budak anu adatna wangkelang, tara beunang dipapatahan</li> <li>b. Hiji poé maranéhna baradami rék bolos ti sakola, rék arulin ka warnét</li> <li>c. Maranéhna arulin ka warnét deukeut pasar</li> <li>d. Kacaritakeun Ibu Guru Biologi ka kelas, héraneun pédah di kelas jempling taya nu heureuy. Tuluy nanyakeun ka barudak. Singhoréng budak anu sok heureuyna, Arman jeung Andi, euweuh di kelas.</li> <li>é. Sabada nalék barudak, kanyahoan wéh buda anu dua téh kabur ti kelas, ngadon ka warnét.</li> <li>f. Guru Biologi geuwat lapor ka Pembina OSIS. Pembina OSIS teu ngengkékeun deui, tuluy néang ka warnét téa.</li> <li>g. Néangna dibarengan ku satpam. Budak anu dua dibawa ka sakola. Maranéhna tarungkul da ngarasa éra ku babaturanana di sakola.</li> </ol> </li> </ol>
19.	Sabada murid migawé latihan, tuluy jieun kelompok anu anggotana masing-masing lima urang. Murid dituyun pikeun migawé pancénna!
20.	<p>Jawaban pancén kelompok:</p> <ol style="list-style-type: none"> <li>1. Dilaksanakeun langsung</li> <li>2. kecap-kecap anu teu kaharti <ol style="list-style-type: none"> <li>a. kacatur hartina kacaritakeun</li> <li>b. wangkelang hartina bedegong, hayang ngalawan waé, teu beunang dipapatahan, Mawa karep sorangan.</li> <li>c. baradami hartina ngobrol pikeun nyieun/nyokot hiji kaputusan</li> <li>d. nurut laku hartina nuturkeun kalakuan</li> <li>e. ngawulang hartina ngajar</li> <li>f. suwung hartina euweuh, teu nyampak</li> </ol> </li> </ol>

	<p>g. lantip hartina mariksa kalawan ati-ati, carana lemes</p> <p>h. éléh déét hartina kapaksa ngéléhan</p> <p>i. balaka hartina terus terang saayana, teu disumput-sumput</p> <p>j. nyingkur hartina nyingkir ka tempat nu sepi, ngajauhan tempat anu ramé</p> <p>k. wareg hartina seubeuh</p> <p>l. geuwat hartina gancang, buru-buru</p> <p>m. kasampak hartina keur aya</p> <p>3. Prakték langsung</p> <p>4. Langsung kelompok</p> <p>5. téma/jejer guguritanana kalakuan budak anu resep ngarempak aturan sakola</p> <p>6. Guru wilangan jeung guru laguna:</p> <p>1). Ka-ca-tur-Ar-man-jeung-An-di (8-i)</p> <p>2). Bu-dak-sa-ko-la-ti-ko-ta (8-a)</p> <p>3). Di-ke-las-ngan-heu-reuy-ba-é (8-é)</p> <p>4). Di-a-jar-sa-ka-ha-yang-na (8-a)</p> <p>5). La-mun-di-pa-pa-tah-an (7-a)</p> <p>6). Ta-ra-i-euh-da-ék-nu-rut (8-u)</p> <p>7). Da-sar-a-dat-na-wang-ke-lang (8-a)</p>
--	---------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------

### 3. Guguritan dina Pupuh Mijil

NO	KAGIATAN
21.	<p>Sabada murid paham kana pupuh sinom, kinanti, jeung asmaradana, ayeuna diajak niténan pupuh mijil. Saméméh der ngawanohkeun pupuh mijil, guru ngajak murid ngahaleuangkeun pupuh mijil anu geus dipikawanoh ku balaréa. Upamana:</p> <p style="text-align: center;"><i>Mesat ngapung putra Sang Arimbi, Jeung méga geus awor. Beuki lila beuki luhur baé, Larak-lirik ningali ka bumi, Milari Kang Rayi, Pangéran Bimanyu.</i></p> <p>Saméméh murid apal lagamna mah tuluy baé bulak-balik diajar nembang. Lamun murid geus apal kana lagamna, engké bakal leuwih babari nembangkeun pupuh nu bakal diajarkeun, najan rumpakana diganti.</p>

22.	<p>Sabada saréréa apal kana lagamna, tuluy murid diajak niténan rumpaka guguritan <i>Di Mekah Tépung Silaturahmi</i>. Pancenna perkelompok, <i>unggal</i> kelompok anggotana masih anu tadi baé. Bari sakalian sina nyirian kekecapan anu teu kaharti. Éta kekecapan anu kapanggih téh sina disalin kana buku tulis, tuluy téangan hartina dina kamus.</p> <ol style="list-style-type: none"> <li>1). <i>Katut</i> hartina kabawa, jeung/sareng Larapna dina kalimah: <ol style="list-style-type: none"> <li>a. Pa Lurah <i>katut</i> padamel kalurahan uleman ka Cisarua.</li> <li>b. Pa Lurah <i>sareng</i> padamel kalurahan uleman ka Cisarua.</li> </ol> </li> <li>2). <i>Patakon</i> hartina anggeran, watesan Larapna dina kalimah: <ol style="list-style-type: none"> <li>a. Nyieun pupuh téh kudu luyu jeung <i>patokanna</i>.</li> <li>b. Nyieun pupuh téh kudu luyu jeung <i>watesanna</i>.</li> </ol> </li> <li>3). <i>Dedegan</i> hartina potongan awak Larapna dina kalimah: <ol style="list-style-type: none"> <li>a. Pa Dadang téh anu <i>dedeganna</i> jangkung gedé.</li> <li>b. Pa Dang téh anu <i>potongan awakna</i> jangkung gedé.</li> </ol> </li> <li>4). <i>Kataji</i> hartina katarik haté ku omongan manis atawa ku lulucon Larapna dina kalimah: <ol style="list-style-type: none"> <li>a. Cariosnanna éstuning matak <i>kataji</i> anu ngabandungan.</li> <li>b. Cariosanna éstuning matak <i>katarik</i> haté nu ngabandungan.</li> </ol> </li> <li>5). <i>Runtut raut</i> hartina tara paséa, akur Larapna dina kalimah: <ol style="list-style-type: none"> <li>a. Jeung babaturan téh kudu <i>runtut raut</i> sauyunan.</li> <li>b. Jeung babaturan téh kudu <i>akur</i> sauyunan.</li> </ol> </li> <li>6). <i>Tanggoh</i> hartina percaya kana kakuatan sorangan, wani gelut atawa wani perang Larapna dina kalimah: <ol style="list-style-type: none"> <li>a. Muhamad Toha téh pajuang ti Jawa Barat anu <i>tanggoh</i>.</li> <li>b. Muhamad Toha téh pajuang ti Jawa Barat anu <i>percaya kana kakuatan sorangan</i>.</li> </ol> </li> </ol>
	<p>Unggal kelompok titah nunjuk wawakilna sina nyaritakeun eusi guguritan <i>Di Mekah Tépung Silaturahmi</i> maké basa sorangan. Murid titah nyieun heula konsépna, sangkan basana ngaleunjeur jeung matak kaharti ku saréréa maksudna. Eusi guguritan <i>Di Mekah Tépung Sulaturahmi</i> téh nyaritakeun kaayaan di tanah Mekah dina usum munggah haji. Jalma ti rupa-rupa bangsa anu jadi umat Nabi kumpul kabéh di Mekah.</p>

23.	Parajamaah bisa nepungkeun tali silaturahmi, najan béda kulit béda rupa, teu ieuh jadi halangan pikeun ngantengkeun tali duduluran da puguh tunggal dulur saagama. Jalma anu rupa, dedegan, kulit, jeung pakéan téh bisa silitanya siliwanohkeun diri. Nu nulis ngarasa bagja jadi umat muslim lantaran loba dulur loba baraya, bisa sosonoan jeung sasama muslim di sakolong langit saméméh mulang ka alam kubur (maot).			
24.	Anu jadi jejer/téma karanganna nyaéta karukunan umat muslim sadunya dina waktu ngalaksanakeun ibadah haji di Mekah (kaagamaan).			
25.	Guru lagu jeung guru wilangan pupuh mijil, titénan tabél di handap!			
	Padalisan	Pupuh Mijil	Guru wilangan	Guru lagu
	1	Ja-ma-ah-téh-a-sal-bé-da-nag-ri	8	u
	2	ti-wé-tan-ka-ku-lon	8	i
	3	nag-ri-ki-dul-ka-tut-nag-ri-ka-lér	8	a
	4	ru-pa-ru-pa-bang-sa-pa-da-ha-dir	8	i
	5	mung-guh-u-mat-na-bi	8	a
	6	ka-béh-gé-ka-sa-ur	8	i
26.	Babandingan guguritan Budak Bangor jeung Di Mekah Tepung Silaturahmi, titénan tabél di handap!			
	Babandinganna	Budak Bangor (asmarandana)	Di Mekah Tepung Silaturahmi (mijil)	
	Eusi	nyaritakeun kalakuan budak sakola anu bangor jeung bedegong bolos ti sakola tapi pamustunganana kanyahoan ku guru	nyaritakeun kajadian di Mekah dina mangsa munggah haji, dina waktuna umat muslim saalam dunya tepung dina beungkeutan silaturahmi.	
	Téma	atikan	kaagamaan	
	kecap anu dipakéna	Kecap anu digunakeunna anu biasa dipaké dina paguneman sapopoé, sarta ngandung harti saujurtna (sabenerna)	sarua, najan ditulisna béda waktu tapi basa nu digunakeunana basa anu biasa dipaké dina paguneman sapopoé.	
27.	Sabada unggal keompok ka hareup nyaritakeun hasil paniténna, guru ngajak murid diskusi ngeunaan laporan kelompok tadi. Guru mingpin diskusi antar kelompok. Unggal kelompok didorong atawa dibéré kalalauasaan nepikeun koméntarna ka kelompok séjén. Lantaran gedé kamungkinanana dina nyurahan eusi guguritan téh unggal kelompok henteu sarua.			

## D. Nulis Guguritan

NO	KAGIATAN
28.	Guru ngamotivasi murid pikeun diajar nulis guguritan. Bisa ku nyaritakeun rupa-rupa eusi guguritan anu gedé manpaatna keur saréréa, bisa ogé ku hahaleuangan rupa-rupa pupuh. Atawa sangkan henteu matak bosen, bisa diselang ku nyetél CD pupuh raéhan. Murid sina nurutan nembang.
29.	Pikeun pituduh nulis guguritan geus lengkep dina buku murid, guru tinggal nuyun langsung dumasar kana léngkah-léngkah anu geus dipérélékeun. Murid saurang-saurang dituyun langsung, lantaran bisi teu paham kana maksud anu geus dipérélékeun téa.
30.	Pupuh jeung guguritan anu geus jadi dina prosés diajar nulis, ditembangkeun babarengan. Mimiti anu ditembangkeun téh guguritan anu aya dina buku murid, tos kitu saurang-saurang dituyun nembangkeun pupuh meunang nulis séwang-séwangan.
31.	Sabada salahsaurang murid nembangkeun pupuh karanganana hareupeun kelas, murid séjénna diajak ngoméntaran pupuhna. Naha kekecapanana pantes, naha patokanna bener, jsb.

## E. Pancén

NO	KAGIATAN
32.	Murid nembangkeun guguritan Ka Kebon Binatang jeung <i>Kabeurangan ka Sakola</i> , saurang-saurang ka hareup. Guru nganiléy.
33.	Murid nyaritakeun eusi guguritan Ka Kebon Binatang jeung <i>Kabeurangan ka Sakola</i> . Carana, sabada ngahaleuang, murid téh langsung sina nyaritakeun. Jadi, sakali ka hareup murid téh migawé dua kagiatan, nembang jeung nyaritakeun eusi guguritan.
	<p>Murid nganggeuskeun guguritan:</p> <p>1. Pupuh Sinom</p> <p><i>Di kelas mani hareudang, saeutik gé taya angin, panon kalah nundutan, diuk nyanggéyeng ka gigir, ditoél ku Andini, kuring mani ngagurubug, kacida reuwasna, panyangka téh kanyahoan ku Bu Guru</i></p>

34.	<p>2. Guguritan dina pupuh kinanti  <i>Ayeuna diajar pupuh,  pupuhna pupuh kinanti,  téma kaéndahan alam,  di kebon entéh nu asri,  tuluy na diajar nembang,  matak suka bungah ati</i>  <i>Nguping soanten Bu Guru,  matak raos kana cepil,  soanten halimpu pisan,  éstuning matak kataji,  tambah resep nu diajar,  pikeun nambahan pangarti.</i></p> <p>3. Guguritan dina pupuh asmarandana  <i>Ayeuna téh poé kemis,  pangajaran basa Sunda,  barudak garandéng baé,  matak pusing kakupingna,  henteu beunang dicaram,  untung sumping Ibu Guru,  prak diajar kakawihan.</i>  <i>Saréréa rampak ngawih,  patarik-tarik sorana,  matak katorékan embé,  keur mah sorana sarumbang,  tapi parédé pisan,  teu sadar sora sarilung,  ngawihna gogorowokan.</i></p> <p>4. Gururitan dina pupuh mijil  <i>Budak bageur ngaranna téh Dandi,  nyobatna jeung Nonon,  tapi diuk ngaréndéng jeung André  hareupeunna diuk Ahmad Uzi,  sabangku jeung Deni,  jajaran katilu.</i>  <i>Di kelasna dandi réngki hiji,  ngéléhkeun nu bangor,  peunteunna téh sok haradé baé,  meureun pédah diajarna rajin,  ku guru dipuji,  picontoeun batur.</i></p>
35.	<p>Murid dikelompokkeun, anu jumlah anggotana unggal kelompok opat urang. Tuluy dibéré pancén migawé pancén kelompok anu aya dina buku cecekelanana.</p>

36.	Dina migawé pancén kelompok nu nomer hiji, murid bari dituyun ku guru sangkan dina migawéna henteu méngpar tina paréntah.
37.	Sabada réngsé nyieun pupuh anu témana milih dina buku, unggal kelompok kudu nembangkeun pupuh meunang nyieunna. Babarengan baé ka hareup.
38.	Kelompok séjénna ngabandungan, sarta ngoméntaran pagawéan babaturanna. Alusna mah tuluy diskusi kelas ngeunaan prosés kréatif waktu nyusun pupuh téa, sangkan nambahan pangaweruh ka kelompok séjénna. Cindekna mah silihtépakeun pangalaman.
39.	Satuluyna murid migawé pancén nomer dua. Unggal kelompok nyieun opat pada pupuh anu béda. Alusna saurang nyieun hiji pupuh, méh pagawéanna adil.
40.	Sabada réngsé, sakelompok maju ka hareupeun kelas, tuluy nembangkeun pupuh karanganana, saurang-saurang, luyu jeung pupuh anu dikarangna.
41.	Murid séjén ngabandungan, sarta diajak ngoméntaran pidangan ti kelompok anu di hareup. Dituyun sangkan lumangsung diskusi kelas.

## PANUTUP

Sabada réngsé kagiatan diajar, guru jeung murid babarengan nyindekkeun matéri anu geus diajarkeun. Guru ngalempeng konsép anu méngpar. Satuluyna, medar pancén anu geus dipigawé ku murid ogé pancén anu kudu dipigawé di imah, bawaeun minggu hareupna.

# SISINDIRAN

## PANGANTEUR

Guru ngayakeun aprsési anu matak ngahudang karep diajar murid. Alusna mah lian ti matalikeun pangajaran anu saméméhna jeung anu rék ditepikeun ayeuna, bisa ogé ditambahan ku heureuy anu patali jeung bahan pangajaran, sangkan suasana diajar henteu kaku sarta uteuk murid jadi santéy. Upamana ayeuna rék diajar sisindiran, guru bisa nyieun sisindiran kieu:

*Ngala tisuk ka Cikumpay  
Taringgul jalan ka candi  
Isuk-isuk enggeus heuay  
Pasti tadi acan mandi*

*Cuuuung saha anu can mandi?.....*

*Taringgul jalan ka candi  
Dagang jagong teu digaleuh  
Ngaku-ngaku enggeus mandi  
Dina panon aya cileuh.....*

Lamun murid geus seuseurian, hartina suasana diajar geus kondusif, guru bisa ngamimitian ngawahan asup kana pangajaran poko.

## KAGIATAN DIAJAR

### A. Maca Sisindiran dina Paguneman

NO	KAGIATAN
1.	Méméh diajar, guru nepikeun tujuan pangajaran poé éta nyaéta saréngséna kagiatan diajar ngajar, murid paham kana wangun jeung eusi sisindiran, bisa ngabédakeun antara paparikan, rarakitan, jeung wawangsalan, sarta bisa nulis dina wangun sisindiran.



2.	Guru ngajak murid muka buku dina pangajaran opat, nyaéta sisindiran. Lantaran dina bagéan maca sisindiran anu dibaca teks paguneneman, guru nunjuk murid anu bakal merankeun Andi, Dadan, Rina, jeung Nunur. Sésana jadi barudak. Peran guru mah langsung waé ku guruna, sangkan murid bisa nurutan lentong nyaritana. Dina macakeun sisindiranna, bisa ku lagam biasa, bisa ogé bari dikawihkeun dina lagam pantun.
3.	Sanggeus tamat sakali pagunemanana, alusna dibalikan deui. Tapi anu merankeunna diganti. Lian ti méré kasempetan ka murid sina maca, ogé sangkan murid bisa paham kana eusina. Suga ari dibalikan deui dibalikan deui mah aya nu nyerep eusina.
4.	Mun geus sababaraha balik dipagunemkeun, kakara guru jeung murid ngayakeun tanya-jawab ngeunaan sisindiran anu aya dina paguneman tadi. Teu kudu nyosok jero, cukup medar naon anu ditanyakeun ku murid wungkul.

## B. Nyangkem Sisindiran

NO	KAGIATAN
	<p>Sabada réngsé ngaragakeun paguneman tadi, guru mimiti medar naon anu dimaksud sisindiran. Saméméh nincak kana matéri anu aya dina buku murid, guru ngajéntrékeun heula kieu:</p> <p>Sisindiran dina sastra Sunda sarua jeung pantun dina sastra Indonesia. Wangunna aya cangkang aya eusi. Diwangun ku opat jajar, dua jajar cangkang dua jajar eusi. Nurutkeun wangunna, aya nu disebut paparikan, rarakitan, jeung wawangsalan. Kecap paparikan asal kecapna parikan tina basa Jawa. Asal kecapna tina parik anu hartina sarua jeung parek nyaéta deukeut. Kecap parek ogé aya dina basa Sunda sarta hartina sarua deukeut.</p>

5.	<p>Ngan kecap parikan dina basa Jawa teu ditarjamahkeun jadi parekan dina basa Sunda, lantaran kecap parekan dina basa Sunda mah miboga harti anu dekeut jeung raja atawa sok disebut ogé selir. Lantaran bisi saru hartina, nya kecap parikan dina basa jawa dirajék dwipurwa, jadi paparikan.</p> <p>Rarakitan ngandung harti papasangan. Pantun sok disebut rarakitan lantaran aya anu sapasang-sapasang nyaéta cangkang jeung eusi. Tapi dina sisindiran basa Sunda mah anu disebut papasangan téh lain cangkang jeung eusina, tapi aya kecap dina cangkang anu dibalikan deui dina eusi. Jadi sapasang-sapasang atawa sarakit-sarakit. Contona:</p> <p><i>Sapanjang</i> jalan Soréang  <i>Moal weléh</i> diaspalan  <i>Sapanjang</i> tacan kasorang  <i>Moal weléh</i> diakalan</p> <p>Sedeng wawangsalan sarua kecapna tina basa Jawa, wangsalan. Anu ieu mah teu diwangun ku opat jajar, tapi ngan dua jajar. Sajajar cangkang jeung sajajar eusi. Dina cangkang rék jiga tatarucingan atawa teteguhan. Sedeng dina jajaran eusi ogé henteu langsung kaciri nonggérak, tapi nyumput dina kecap anu murwakanti jeung eusi tarucingna.</p>
6.	<p>Sabada dibéré panganteur jiga tadi, kakara murid dituyun sina maca bagéan B (Nyangkem Sisindiran) dina buku cecekelan murid. Guru kudu parigel ngajéntrékeun naon anu aya dina buku murid, sangkan murid bener-bener paham kana maksudna. Ieu hal kacida pentingna, lantaran murid diperedih bisa nulis sisindiran.</p>
7.	<p>Murid ngimeutan pedaran ngeunaan sisindiran anu aya dina paguneman, nepi ka bisa nyangkem maksudna. Nu kudu kacangkem téh papasingan sisindiran dumasar kana wangun jeung eusina.</p>



















### C. Nulis Sisindiran

NO	KAGIATAN
8.	Guru nuyun murid saurang-saurang salila diajar nulis sisindiran. Ti mimiti néangan kecapna nepi ka ngitung jumlah engangna.
9.	Sangkan teu ripuh teuing bisa ngagunakeun metodeu tutor sebaya téa. Murid anu geus paham sina nuyun murid can paham. Ku cara kitu, murid bakal leuwih aktip dina kagiatan diajar-ngajar.

10.	Sangkan murid téréh paham, guru ngayakeun tanya-jawab ngeunaan matéri bagéan ieu. Murid anu geus ti heula paham bisa milu ngajéntrékeun dina waktu tanya-jawab.
-----	--------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------

#### D. Maca Sisindiran dina Wangun Drama

NO	KAGIATAN
11.	Murid sina maca teks drama anu aya dina buku cecekelanna kalawan gemet. Saméméhna dibéjaan heula kudu bari nyirian sisindiran anu aya dina éta teks, naha asup kana paparikan, kana rarakitan, atawa kana wawangsalan. Eusina naha papatah, naha silihasih, atawa banyol/heureuy.
12.	Sabada réngsé maca sakabéh naskah, murid dibagi kelompok, sakelompokna opat urang. Tuluy titah ngajawab pananya ngeunaan sisindiran wangun drama.
13.	<p>Murid néangan kecap-kecap anu teu kaharti anu kapanggih dina sisindiran. Upamana:</p> <ol style="list-style-type: none"> <li>1). <i>Kaul</i> hartina naon-naon anu diucapkeun dina waktu aya kasusah, minangka tanda suka sanggeus lésot tina kasusah Larapna dina kalimah: a. Lamun lulus ujian, kuring <i>kaul</i> arék meuncit domba. b. Lamun lulus ka SMA 1, kuring <i>kaul</i> rék ngaji yasin tilu balikan.</li> <li>2). <i>Pakait ati</i> hartina ngahiji haté Larapna dina kalimah: a. Kuring jeung manéhna geus <i>pakait ati</i>. b. Kuring jeung manéhna geus <i>ngahiji haté</i>.</li> <li>3). <i>Kalémpohan</i> hartina langlayeuseun, béakeun tanaga Larapna dina kalimah: a. Panas poé leumpang jauh, mani asa <i>kalémpohan</i>. b. Panas poé leumpang jauh, mani asa <i>béakeun tanaga</i>.</li> <li>4). <i>Pangarti</i> hartina kanyaho, pangabisa Larapna dina kalimah: a. Sing getol nyiar <i>pangarti</i>, ngarah jadi jalma pinter. b. Sing getol nyiar <i>pangabisa</i>, ngarah jadi jalma pinter.</li> <li>5). <i>Bakatul</i> hartina kulumud béas sosoheun Larapna dina kalimah: a. Pais <i>bakatul</i> téh ngeunah jaba loba gizina. b. Pais <i>kulumud</i> béas sosoheun téh ngeunah jaba loba gizina.</li> </ol>

	<p>6). <i>Sungapan</i> hartina tempat ngocorkeun cai ti walungan ka sawah-sawah Larapna dina kalimah: a. <i>Sungapan</i> cai Cikapundung téh geus kotor pisan. b. <i>Tempat ngocorna</i> cai Cikapundung téh geus kotor pisan.</p> <p>7). <i>Babut</i> hartina ngarabutan binih paré di pabinihan , tandurkeuneun Larapna dina kalimah: a. Isuk kénéh nu <i>babut</i> geus loba beubeunanganna. b. Isuk kénéh nu <i>ngarabutan binih</i> paré geus loba beubeunanganna.</p> <p>8). <i>Ngagaru</i> hartina ngancurkeun taneuh ku garu a. Ayeuna keur usum <i>ngagaru</i> di sawah téh. b. Ayeuna keur usum <i>ngancurkeun taneuh ku garu</i> di sawah téh.</p>																		
14.	<p>Sisindiran anu kaasup paparikan dina naskah drama tadi:</p> <table><tr><td>1). <i>Manuk bueuk ditalian</i> <i>Manuk aul jeung titiran</i> <i>Mun lanceuk lulus ujian</i> <i>Arék kaul sisindiran</i></td><td></td><td>murwakanti dina sora an</td></tr><tr><td>2). <i>Meuli piring ka Gang Tengah</i> <i>Ceuk béja hargana murah</i> <i>Adi-adi ngiring bingah</i> <i>Ki lanceuk kénging ijazah</i></td><td></td><td>murwakanti dina sora ah</td></tr><tr><td>3). <i>Korsi jok bahanna hoé</i> <i>Hanjakal teu pati rapih</i> <i>Tuman amprok unggal poé</i> <i>Isukan bakal patebih</i></td><td></td><td>Jajaran hiji jeung tilu murwakanti dina sora oé, jajaran dua jeung opat murwakanti dina sora ih</td></tr><tr><td>4). <i>Rék ngala manuk japati</i> <i>Deukeut kadu sisi cai</i> <i>Can lila pakait ati</i> <i>Meureun kudu putus deui</i></td><td></td><td>jajaran hiji jeung tilu murwakanti dina sora ti, jajaran dua jeung opat murwakanti dina sora i.</td></tr><tr><td>5). <i>Melak lobak dua jajar</i> <i>Ripuh kalah kalémpohan</i> <i>Ka sakola rék diajar</i> <i>Lain kalah bobogohan</i></td><td></td><td>jajaran kahiji jeung katilu murwakanti dina sora ar, jajaran kadua jeung kaopat murwakanti dina sora han</td></tr><tr><td>6). <i>Tumpak béca rék ka pasar</i> <i>Balanja kacang jeung uyah</i> <i>Bébéja arék diajar</i> <i>Padahal nganjang ka Isah</i></td><td></td><td>jajaran kahiji jeung katilu murwakanti dina sora ar, jajaran kadua jeung kaopat murwakanti dina sora ah</td></tr></table>	1). <i>Manuk bueuk ditalian</i> <i>Manuk aul jeung titiran</i> <i>Mun lanceuk lulus ujian</i> <i>Arék kaul sisindiran</i>		murwakanti dina sora an	2). <i>Meuli piring ka Gang Tengah</i> <i>Ceuk béja hargana murah</i> <i>Adi-adi ngiring bingah</i> <i>Ki lanceuk kénging ijazah</i>		murwakanti dina sora ah	3). <i>Korsi jok bahanna hoé</i> <i>Hanjakal teu pati rapih</i> <i>Tuman amprok unggal poé</i> <i>Isukan bakal patebih</i>		Jajaran hiji jeung tilu murwakanti dina sora oé, jajaran dua jeung opat murwakanti dina sora ih	4). <i>Rék ngala manuk japati</i> <i>Deukeut kadu sisi cai</i> <i>Can lila pakait ati</i> <i>Meureun kudu putus deui</i>		jajaran hiji jeung tilu murwakanti dina sora ti, jajaran dua jeung opat murwakanti dina sora i.	5). <i>Melak lobak dua jajar</i> <i>Ripuh kalah kalémpohan</i> <i>Ka sakola rék diajar</i> <i>Lain kalah bobogohan</i>		jajaran kahiji jeung katilu murwakanti dina sora ar, jajaran kadua jeung kaopat murwakanti dina sora han	6). <i>Tumpak béca rék ka pasar</i> <i>Balanja kacang jeung uyah</i> <i>Bébéja arék diajar</i> <i>Padahal nganjang ka Isah</i>		jajaran kahiji jeung katilu murwakanti dina sora ar, jajaran kadua jeung kaopat murwakanti dina sora ah
1). <i>Manuk bueuk ditalian</i> <i>Manuk aul jeung titiran</i> <i>Mun lanceuk lulus ujian</i> <i>Arék kaul sisindiran</i>		murwakanti dina sora an																	
2). <i>Meuli piring ka Gang Tengah</i> <i>Ceuk béja hargana murah</i> <i>Adi-adi ngiring bingah</i> <i>Ki lanceuk kénging ijazah</i>		murwakanti dina sora ah																	
3). <i>Korsi jok bahanna hoé</i> <i>Hanjakal teu pati rapih</i> <i>Tuman amprok unggal poé</i> <i>Isukan bakal patebih</i>		Jajaran hiji jeung tilu murwakanti dina sora oé, jajaran dua jeung opat murwakanti dina sora ih																	
4). <i>Rék ngala manuk japati</i> <i>Deukeut kadu sisi cai</i> <i>Can lila pakait ati</i> <i>Meureun kudu putus deui</i>		jajaran hiji jeung tilu murwakanti dina sora ti, jajaran dua jeung opat murwakanti dina sora i.																	
5). <i>Melak lobak dua jajar</i> <i>Ripuh kalah kalémpohan</i> <i>Ka sakola rék diajar</i> <i>Lain kalah bobogohan</i>		jajaran kahiji jeung katilu murwakanti dina sora ar, jajaran kadua jeung kaopat murwakanti dina sora han																	
6). <i>Tumpak béca rék ka pasar</i> <i>Balanja kacang jeung uyah</i> <i>Bébéja arék diajar</i> <i>Padahal nganjang ka Isah</i>		jajaran kahiji jeung katilu murwakanti dina sora ar, jajaran kadua jeung kaopat murwakanti dina sora ah																	

	<p>7). <i>Cikamurang Kebon Jati</i>  <i>Melak céngék sisi wésé</i>  <i>Mun urang loba pangarti</i>  <i>Nyiar gawé moal hésé</i></p> <p>8). <i>Boboko wadah bakatul</i>  <i>Kumbaheun mah diémbéran</i>  <i>Mun bodo katambah kedul</i>  <i>Hirup moal diajénan</i></p> <p>9). <i>Jalan Cagak Sariater</i>  <i>Jalanna nanjak jeung muter</i>  <i>Lamun jaga enggeus pinter</i>  <i>Tong hilap ka almamater</i></p> <p>10). <i>Sungapan caina biru</i>  <i>Usum babut jeung ngagaru</i>  <i>Anggapan anu kaliru</i>  <i>Lamun nyebut urut guru</i></p> <p>11). <i>Gunung Guntur Gunung Guntur</i>  <i>Jalanna ka peupeuntasan</i>  <i>Amit mundur amit mundur</i>  <i>Wiréh badé parantosan</i></p> <p>12). <i>Saninten buah saninten</i>  <i>Saninten di parapatan</i>  <i>Hapunten abdi hapunten</i>  <i>Bilih aya kalepatan</i></p> <p>13). <i>Cikuray Gunung Cikuray</i>  <i>Jalanna ka Cikamiri</i>  <i>Paturay urang paturay</i>  <i>Mugi ditepangkeun deui</i></p>
15.	<p>Sisindiran anu kaasup kana rarakitan:</p> <p><i>Sing getol nginum jajamu</i>  <i>Nu guna nguatkeun urat</i>  <i>Sing getol nya nyiar élmu</i>  <i>Nu guna dunya ahérat</i></p>

jajaran kahiji jeung katilu  
murwakanti dina sora ti.  
jajaran kadua jeung kaopat  
murwakanti dina sora sé

jajaran kahiji jeung katilu  
murwakanti dina sora ul.  
jajaran kadua jeung kaopat  
murwakanti dina sora an.

murwakanti dina sora ter

murwakanti dina sora ru

jajaran kahiji jeung katilu  
murwakanti dina sora ur.  
jajaran kadua jeung kaopat  
murwakanti dina sora an.

jajaran kahiji jeung katilu  
murwakanti dina sora en.  
jajaran kadua jeung kaopat  
murwakanti dina sora an.

jajaran kahiji jeung katilu  
murwakanti dina sora ray.  
jajaran kadua jeung kaopat  
murwakanti dina sora i.

jajaran kahiji jeung katilu  
murwakanti dina sora mu.  
jajaran kadua jeung kaopat  
murwakanti dina sora at.

16.	<p>Sisindiran anu kaasup wawangsalan:</p> <ol style="list-style-type: none"> <li>1). <i>Awi lintas lintas buku</i> <i>Sumangga geura bral miang</i></li> <li>2). <i>Lampah iseng leungeun usil</i> <i>Mugia sing hasil maksud</i></li> <li>3). <i>Beulit cinggir simpay réma</i> <i>Ulah lali ka sim abdi</i></li> </ol>
17.	<p>Sisindiran anu eusina papatah:</p> <ol style="list-style-type: none"> <li>1). <i>Melak lobak dua jajar</i> <i>Ripuh kalah kalémpohan</i> <i>Ka sakola rék diajar</i> <i>Lain kalah bobogohan</i></li> <li>2). <i>Cikamurang Kebon Jati</i> <i>Melak céngék sisi wésé</i> <i>Mun urang loba pangarti</i> <i>Nyiar gawé moal hésé</i></li> <li>3). <i>Boboko wadah bakatul</i> <i>Kumbaheun mah diémbéran</i> <i>Mun bodo katambah kedul</i> <i>Hirup moal diajénan</i></li> <li>4). <i>Jalan Cagak Sariater</i> <i>Jalanna nanjak jeung muter</i> <i>Lamun jaga enggeus pinter</i> <i>Tong hilap ka almamater</i></li> <li>5). <i>Sungapan caina biru</i> <i>Usum babut jeung ngagaru</i> <i>Anggapan anu kaliru</i> <i>Lamun nyebut urut guru</i></li> <li>6). <i>Sing getol nginum jajamu</i> <i>Nu guna nguatkeun urat</i> <i>Sing getol nya nyiar élmu</i> <i>Nu guna dunya ahérat</i></li> </ol>
18.	<p>Sisindiran anu eusina silihasih:</p> <ol style="list-style-type: none"> <li>1). <i>Korsi jok bahanna hoé</i> <i>Hanjakal teu pati rapih</i> <i>Tuman amprok unggal poé</i> <i>Isukan bakal patebih</i></li> <li>2). <i>Rék ngala manuk japati</i> <i>Deukeut kadu sisi cai</i> <i>Can lila pakait ati</i> <i>Meureun kudu putus deui</i></li> </ol>

	<p>3). <i>Tumpak béca rék ka pasar</i>  <i>Balanja kacang jeung uyah</i>  <i>Bébéja arék diajar</i>  <i>Padahal nganjang ka Isah</i></p>
19.	<p>Sisindiran anu kaasup heureuy/banyol:</p> <p>1). <i>Manuk bueuk ditalian</i>  <i>Manuk aul jeung titiran</i>  <i>Mun lanceuk lulus ujian</i>  <i>Arék kaul sisindiran</i></p> <p>2). <i>Meuli piring ka Gang Tengah</i>  <i>Ceuk béja hargana murah</i>  <i>Adi-adi ngiring bingah</i>  <i>Ki lanceuk kénging ijazah</i></p> <p>3). <i>Jalan Cagak Sariater</i>  <i>Jalanna nanjak jeung muter</i>  <i>Lamun jaga enggeus pinter</i>  <i>Tong hilap ka alnamater</i></p> <p>4). <i>Gunung Guntur Gunung Guntur</i>  <i>Jalanna ka peupeuntasan</i>  <i>Amit mundur amit mundur</i>  <i>Wiréh badé parantosan</i></p> <p>5). <i>Saninten buah saninten</i>  <i>Saninten di parapatan</i>  <i>Hapunten abdi hapunten</i>  <i>Bilih aya kalepatan</i></p> <p>6). <i>Cikuray Gunung Cikuray</i>  <i>Jalanna ka Cikamiri</i>  <i>Paturay urang paturay</i>  <i>Mugi ditepangkeun deui</i></p>
20.	<p>Eusi wawangsalan anu aya dina naskah drama:</p> <p>1). <i>Awi lintas lintas buku</i>  <i>Sumangga geura bral miang</i>  <i>(wangsalna tamiang)</i></p> <p>2). <i>Lampah iseng leungeun usil</i>  <i>Mugia sing hasil maksud</i>  <i>(wangsalna hasud)</i></p> <p>3). <i>Beulit cinggir simpay réma</i>  <i>Ulah lali ka sim abdi</i>  <i>(wangsalna ali/cingcin)</i></p>

## E. Pancén

NO	KAGIATAN
21.	<p>Kegiatan ka-1:</p> <p>a. Conto paparikan 10 pada:</p> <ol style="list-style-type: none"> <li>1. <i>ka pasar urang ka pasar (ar)</i>  <i>Ka pasar tumpak skuter (ter)</i>  <i>Diajar urang diajar (ar)</i>  <i>Sangkan jadi jalma pinter (ter)</i></li> <li>2. <i>Meuli gelas tengah sasih (sih)</i>  <i>Di pasar ngahunyud runtah (tah)</i>  <i>Lamun kelas bararesih (sih)</i>  <i>Diajar gé pasti betah (tah)</i></li> <li>3. <i>Jalan tol ka Sukarajin (jin)</i>  <i>Ngaliwat ka Wisma haji (ji)</i>  <i>Budak getol sarta rajin (jin)</i>  <i>Di kelas réngking kahiji (ji)</i></li> <li>4. <i>Ngaliwat ka wisma haji (ji)</i>  <i>Tumpak angkot ka kulonkeun (keun)</i>  <i>Mun hayang réngking kahiji (ji)</i>  <i>Wayahna kudu ngapalkeun (keun)</i></li> <li>5. <i>Leumpang muter jeung Si Topan (pan)</i>  <i>Ngaliwat lembur Cigaru (ru)</i>  <i>Budak pinter reujeung sopan (pan)</i>  <i>Hormat tilawat ka guru (ru)</i></li> <li>6. <i>Meuli kolek maké gelas (las)</i>  <i>Dipasak dina kompor gas (gas)</i>  <i>Lamun hayang naék kelas (las)</i>  <i>Sing lengkep ngumpulkeun tugas (gas)</i></li> <li>7. <i>Masak hayam ku cipati (ti)</i>  <i>Meunang ngala kalapana (na)</i>  <i>Mun hayang loba pangarti (ti)</i>  <i>Ulah sok loba alpina (na)</i></li> <li>8. <i>Ka Cibadak caritana (na)</i>  <i>Ngundeur tésping jeung pohpohan (han)</i>  <i>Barudak jaman ayeuna (na)</i>  <i>Leutik-leutik bobogohan (han)</i></li> <li>9. <i>Boboko wadah bakatul (ul)</i>  <i>Dianyam carang nungtutan (tan)</i>  <i>Budak bodo sarta kedul (ul)</i>  <i>Gawéna ukur nundutan (tan)</i></li> </ol>



	<p>10. Panjang jalan Cihampelas (las)  Mun leumpang sok cangkeul suku (ku)  Nundutan di jero kelas (las)  Kadé ngacay kana bangku (ku)</p>
22.	<p>b. Rarakitan 10 pada:</p> <ol style="list-style-type: none"> <li>1. Batur mah dibaju hideung (eung)  Kuring mah kabaya baé (baé)  Batur mah dipikatineung (eung)  Kuring mah sangsara baé (baé)</li> <li>2. Mun hayang komidi puter (ter)  Kudu ngaliwat ka pasar (ar)  Mun hayang jaradi pinter (ter)  Kudu getol dialajar (ar)</li> <li>3. Lamun urang ka Cikolé (é)  Moal hésé tumpak kahar (har)  Lamun urang boga gawé (é)  Moal hésé barangdahar (har)</li> <li>4. Rarasaan melak cau (u)  Teu nyaho mun melak jahé (hé)  Rarasaan matak lucu (u)  Teu nyaho mun matak réhé (hé)</li> <li>5. Rarasaan ngala mayang (yang)  Teu nyaho cangkeuteuk leuweung (eung)  Rarasaan konéng umyang (yang)  Teu nyaho cakeutreuk hideung (eung)</li> <li>6. Sok hayang nyaba ka Bandung (dung)  Sok hayang nyaho nanjakna (na)  Sok hayang nanya nu pundung (dung)  Sok hayang nyaho nyentakna (na)</li> <li>7. Daék téh ka Sukarajin (jin)  Alim nyaba ka Cikundul (dul)  Daék téh ka budak rajin (jin)  Alim ka budak nu kedul dul)</li> <li>8. Mun teu tulus ka paseukna (na)  Ka pacirna ogé hadé (dé)  Mun teu tulus ka lanceukna (na)  Ka adina ogé hadé (dé)</li> </ol>

	<p>9. <i>Lamun urang ninun kantéh (éh)</i>  <i>Ulah resep maké poléng (éng)</i>  <i>Lamun urang leutik kénéh (éh)</i>  <i>Ulah resep ngomong goréng (éng)</i></p> <p>10. <i>Rarasaan melak céri (ri)</i>  <i>Teu nyaho melak rambutan (tan)</i>  <i>Rarasaan matak seuri (ri)</i>  <i>Teu nyaho matak nundutan (tan)</i></p>
23.	<p>c. Wawangsalan 10 pada:</p> <p>1. <i>Bibika tipung tarigu</i>  <i>Ku engkang tacan kaharti (roti)</i></p> <p>2. <i>Cakcak gedé kadal bilik</i>  <i>Ulah dipaké mokaha (toké)</i></p> <p>3. <i>Cisusu kentel dipasak</i>  <i>Ulah téga-téga teuing (mantéga)</i></p> <p>4. <i>Di Cikajang aya gunung</i>  <i>Asa paturay jasmani (Cikuray)</i></p> <p>5. <i>Goréng endog réncang sangu</i>  <i>Wayahna geus kadar diri (dadar)</i></p> <p>6. <i>Jampana bugang dadakan</i>  <i>Panasaran diri kuring (pasaran)</i></p> <p>7. <i>Kembang bodas buah bunder</i>  <i>Ngaheruk nya pipikiran (jeruk)</i></p> <p>8. <i>Manuk lindeuk di buruan</i>  <i>Kuring bati panas ati (japati)</i></p> <p>9. <i>Maung tutul saba kasur</i>  <i>Diri teu ngareunah cicing (ucing)</i></p> <p>10. <i>Kulit teuas tungtung ramo</i>  <i>Baku osok nganyenyeri (kuku)</i></p>
24.	<p>Kagiatan ka- 2:  Tangtukeun cangkang sisindiran di handap!  <i>Ka pasar rék meuli sayur</i>  <i>Sakalian meuli kupat</i>  <i>Kahayang jadi insinyur</i>  <i>Fisika peunteunna opat</i>  <i>Mun jadi dibawa nangung</i>  <i>Carangka aya endogan</i>  <i>Mun Didi nyanyi di panggung</i>  <i>Nu lalajo malédogan</i></p>

	<p> <i>Ulah ngala buah kolot</i>  <i>Bisi palid ka Cinangka</i>  <i>Ulah ngalawan ka kolot</i>  <i>Bisi asup ka naraka</i>  <i>Satungtung jalan ka Bandung</i>  <i>Ulah nyimpang ka Cijati</i>  <i>Satungtung keur hirup indung</i>  <i>Ulah kendat nya babakti</i>  <i>Disapatu dicallana</i>  <i>Ulah poho imah konci</i>  <i>Pembantu jaman ayeuna</i>  <i>Nyeuseuh gé ku mesin cuci</i> </p>
25.	<p> Kagiatan ka-3:  Tangtukeun eusi sisindiran di handap!  <i>Poé Saptu poé Kemis</i>  <i>Salasa heuleut-heuleutan</i>  <i>Saha itu muril kumis</i>  <i>Leumpangna eundeuk-eundeukan</i>  <i>Baju kutud heureut pola</i>  <i>Dikelin teu dijalujuur</i>  <i>Mun teu cucud ti sakola</i>  <i>Arisin balik ka lembur</i>  <i>Mihapé sisir jeung minyak</i>  <i>Kadé kaancloman leungeun</i>  <i>Mihapé pikir jeung niat</i>  <i>Kadé kaangsonan deungeun</i>  <i>Hampelas raraga jati</i>  <i>Palataran babaléan</i>  <i>Ihlas raga sareng pati</i>  <i>Ngabélaan kasaéan</i>  <i>Peupeujeuh ari ka dayeuh</i>  <i>Meuli kupat jeung goréngan</i>  <i>Peupeujeuh lamun geus euweuh</i>  <i>Ulah ngupat kagoréngan</i> </p>
26.	<p> Kagiatan ka-4:  Anggeuskeun wawangsalan di handap!  1. <i>Alat ngitung dipencétan</i>  <i>Kokotor sumber panyakit</i>  <i>(wangsalna kalkulator)</i> </p>

	<ol style="list-style-type: none"> <li>2. <i>Drama dina televisi</i> <i>Bati ceurik anu nongton</i> (wangsalna sinétron)</li> <li>3. <i>Jalan gedé diaspalan</i> <i>Ditolak sapajodogan</i> (wangsalna jalan tol)</li> <li>4. <i>Tipung béas dicitakan</i> <i>Sing sabar nahan cocobi</i> (wangsalna surabi)</li> <li>5. <i>Belut sisit saba darat</i> <i>Kapiraray siang wengi</i> (wangsalna oray)</li> <li>6. <i>Aya mesin bisa ngapung</i> <i>Tobat abdi kapidara</i> (wangsalna kapal udara)</li> <li>7. <i>Srangéngé bijil ti peuting</i> <i>Rék sabulan rék sapeuting</i> (wangsalna bulan)</li> <li>8. <i>Dudukuy panjang gagangna</i> <i>Pikir bati ngalanglayung</i> (wangsalna payung)</li> <li>9. <i>Sapédah maju ku mesin</i> <i>Paranti indit ka kantor</i> (wangsalna motor)</li> <li>10. <i>Kendang gedé pakauman</i> <i>Dagdigdug rasaning ati</i> (wangsalna bedug)</li> </ol>
--	--------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------

## PANUTUP

Méméh nutup pangajaran, guru jeung murid ngadiskusikeun hasil pagawéan murid dina migawé pancén, boh kelompok boh individu. Guru bisa ngalelempeng pamahaman murid kana konsép-konsép anu kapanggih ku murid sajeroning néangan bahan sorangan.

Guru ogé ngimeutan hasil diskusi kelas ngeunaan sisindiran. Guru jeung murid nyieun kacindekan ngeunaan matéri anu geus ditepikeun. Guru méré pancén ka murid, pigawéun di imah. Pancén anu dibawa ka imahna anu aya dina kagiatan ka-5.

## BIANTARA

### PANGANTEUR

Saméméh diajar, perlu ditepikeun naon baé anu bakal diajarkeun ayeuna, sarta kamampuh naon anu dipiharep bakal kacangkem ku murid. Saréngséna kagiatan diajar ngajar, murid paham kana babagian teks biantara, pilihan kecap anu biasa dipaké, mamanis basa dina biantara, bisa nulis naskah biantara, nepi ka prakna biantara hareupeun kelas.

### KAGIATAN DIAJAR

#### A. Maca Biantara

NO	KAGIATAN
1.	Pikeun museurkeun panitén murid kana pangajaran anu rék ditepikeun, guru nyetél VCD atawa laptop nu disambungkeun kana infocus midangkeun anu keur biantara. Hadéna mah rékaman biantara tokoh-tokoh anu geus sohor. Malah mun aya mah rékaman biantara Bung Karno. Barudak diajak ngoméntaran gaya nyarita unggal tokoh anu aya dina rékaman.
2.	Mun geus tamat ngalalajoan conto biantara paratokoh, ayeuna setél rékaman biantara barudak SMP dina waktu pasanggiri, boh tingkat kabupatén boh tingkat provinsi. Hal ieu kacida pentingna, sangkan murid bisa ngabédakeun gaya nyarita kolot jeung barudak saumurna. Salila lalajo, guru ngajak murid ngoméntaran rékaman biantarana.
3.	Saméméh kana pangajaran poko, diskusikeun heula hasil panitén kana rékaman tadi. Murid dibébaskeun nanya naon waé anu patali jeung rékaman.
4.	Réngsé diskusi, murid sina niténan naskah biantara paturay tineung anu aya dina buku teks. Mimitina sina dibaca jero haté. Mun geus tamat maca jero haté, ayeuna ditunjuk saurang murid sina macakeun biantara ieu hareupeun kelas. Bisi patuduh-tuduh, cara nitahna ku nanyakeun tanggal penting. Upamana, miéling poé pahlawan tanggal sabaraha? Jawabanna tanggal sapuluh november. Murid sina ngitung, boh ti hareup heula, ti tengah heula, boh ti tukang heula. Meneran nu ngitung nomer sapuluh sina maju, macakeun naskah biantara. Nu maca dituyun sina nurtan gaya nyarita anu tadi dilalajoan dina rékaman téa.

5.	Murid anu séjénna ngabandungan anu biantara. Saméméhna dibéjaan kudu bari nyirian kekecapan anu teu kaharti. Kecap-kecap anu teu kahartina ulah dicirian dina buku teks, tapi disalin kana buku tulis.
6.	Mun anu tadi maju murid lalaki, ayeuna giliran murid awéwé. Mun anu mimiti murid awéwé, anu kadua giliran murid lalaki. Maksudna sangkan katitén bédana gaya nyarita budak lalaki jeung budak awéwé, najan nepikeun naskah bianatara anu sarua.
7.	Bérés midang dua urang, guru ngajak murid ngadiskusikeun biantara anu tadi. Dipedar naon kakuranganana, naon kaunggulanana, jeung naon bédana antara biantara murid lalaki jeung murid awéwé.

## B. Nyangkem Eusi Biantara

NO	KAGIATAN
8.	Murid maca pedaran ngeunaan Nyangkem Eusi Biantara. Guru marengan ngajéntrékeun naon-naon anu dimaksud dian éta katerangan. Kudu jéntré, sangkan murid paham kana maksudna. Pangpangna dina mikawanoh struktur atawa babagian biantara. Omat ulah diantep murid sina maca sorangan, lantaran sok tara maksimal hasilna.
9.	Dina waktu ngajéntrékeun metodeu biantara anu opat, aya hadéna mun murid sina nyebutkeun gaya biantara pembina dina waktu upacara bendéra. Mana anu kaasup impromptu (ngadadak), mana anu ngapalkeun, mana anu maké naskah, jeung mana anu ékstémporan. Tujuanna sangkan murid bisa langsung niténan dina kanyataan anu kapanggih ku maranéhna.
	Tangtu murid mah unggal upacara poé Senén ngabandungan pembina upacara biantara. Ka hareupna, murid bisa langsung milah-milah metodeu atawa cara pembina upacara nepikeun biantarana.
10.	Réngsé niténan naskah biantara nepi ka murid bisa milah-milah babagianana, guru méré pedaran ngeunaan padika (cara/tatapakan) dina waktu biantara langsung hareupeun jalma réa. Ieu padika téh disingget jadi T-A-G-O-G, nyaéta Teteg sikepna, Alus eusina, Gerak awakna merenah, Omonganna merenah, jeung Gaya nyaritana. Hadéna guru ngajéntrékeun bari dibarengan ku gerak awak, sangkan murid leuwih paham kana maksudna.

### C. Niténan Biantara

NO	KAGIATAN												
11.	<p>Biantara Mingpin Rapat.</p> <p>Murid titah maca naskah biantara mingpin rapat anu aya dina buku teks kalawan gemet. Saméméhna béjaan naon baé anu kudu ditéangan ku murid, salila maca éta naskah. Mun réngsé macana, murid dituyun pikeun migawé pancén.</p>												
12.	<p>Nyebutkeun babagian biantara. Sangkan leuwih jéntré titénan tabél di handap!</p> <table border="1"> <tr> <th>Eusi Biantara</th><th>Babagianna</th></tr> <tr> <td>Assalamu'alaikum warrohmatullahi wabarokaatuh</td><td>Salam bubuka</td></tr> <tr> <td>Bapa Pembina OSIS anu ku sim kuring dipihormat, Bapa/Ibu Guru anu ku sim kuring dipihormat, Saderek sadaya réngréngan pangurus OSIS anu ku sim kuring dipikacinta.</td><td>Pangbagéa (kata sapaan)</td></tr> <tr> <td>Langkung ti payun mangga urang sasarengan ngedalkeun puji sukur ka Allah Swt. réhna urang tiasa riung mungpulung di ieu tempat kalayan séhat wal'afiat. Solawat sinareng salam, mugi ngocor salalamina ka jungjunan urang sadaya, Nabi Muhammad saw.</td><td>Bubuka biantara</td></tr> <tr> <td>Hadirin anu sami linggih,</td><td>Pangbagéa randegan</td></tr> <tr> <td> <p>Salajengna sim kuring seja ngahaturkeun réwu nuhun laksa keti kabinngahan ku kasumpingan sadérék sadaya kana rapat OSIS dinten ieu.</p> <p>Peryogi kauninga ku sadayana, pangna urang ngariung téh nyaéta badé ngabadantenkeun perkawis rarancang kagiatan dina raraga miéling tepung taun kemerdekaan Indonésia. Sok sanaos ari kana derna acara puncak mah masih kénéh lami, nanging ari tatahar mah kedah ti ayeuna kénéh.</p> <p>Hadirin anu sami linggih</p> <p>Acara miéling tepung taun kamerdékaan nagara urang téh saleresna parantos janten agénda rutin di sakola urang. Unggal taun tangtos baé diayakeun rupi-rupi kagiatan kanggo ngareuah-reuah atanapi ngaramékeunana. Sapertos taun pengker, urang ngayakeun balap karung, balap bakiak, neda kurupuk, ngagebug cai, nyandak kaléci dina séndok nu digégél, dugi ka olahraga nu kalebet daria sapertos putsal sareng maén poli ogé diayakeun. Sanaos teu dipaparin hadiah ogé geuning pamilon atanapi peserta mah sakitu seueurna. Méh waé teu kalombakeun sadayana, da kasengker ku waktos téa.</p> </td><td></td></tr> </table>	Eusi Biantara	Babagianna	Assalamu'alaikum warrohmatullahi wabarokaatuh	Salam bubuka	Bapa Pembina OSIS anu ku sim kuring dipihormat, Bapa/Ibu Guru anu ku sim kuring dipihormat, Saderek sadaya réngréngan pangurus OSIS anu ku sim kuring dipikacinta.	Pangbagéa (kata sapaan)	Langkung ti payun mangga urang sasarengan ngedalkeun puji sukur ka Allah Swt. réhna urang tiasa riung mungpulung di ieu tempat kalayan séhat wal'afiat. Solawat sinareng salam, mugi ngocor salalamina ka jungjunan urang sadaya, Nabi Muhammad saw.	Bubuka biantara	Hadirin anu sami linggih,	Pangbagéa randegan	<p>Salajengna sim kuring seja ngahaturkeun réwu nuhun laksa keti kabinngahan ku kasumpingan sadérék sadaya kana rapat OSIS dinten ieu.</p> <p>Peryogi kauninga ku sadayana, pangna urang ngariung téh nyaéta badé ngabadantenkeun perkawis rarancang kagiatan dina raraga miéling tepung taun kemerdekaan Indonésia. Sok sanaos ari kana derna acara puncak mah masih kénéh lami, nanging ari tatahar mah kedah ti ayeuna kénéh.</p> <p>Hadirin anu sami linggih</p> <p>Acara miéling tepung taun kamerdékaan nagara urang téh saleresna parantos janten agénda rutin di sakola urang. Unggal taun tangtos baé diayakeun rupi-rupi kagiatan kanggo ngareuah-reuah atanapi ngaramékeunana. Sapertos taun pengker, urang ngayakeun balap karung, balap bakiak, neda kurupuk, ngagebug cai, nyandak kaléci dina séndok nu digégél, dugi ka olahraga nu kalebet daria sapertos putsal sareng maén poli ogé diayakeun. Sanaos teu dipaparin hadiah ogé geuning pamilon atanapi peserta mah sakitu seueurna. Méh waé teu kalombakeun sadayana, da kasengker ku waktos téa.</p>	
Eusi Biantara	Babagianna												
Assalamu'alaikum warrohmatullahi wabarokaatuh	Salam bubuka												
Bapa Pembina OSIS anu ku sim kuring dipihormat, Bapa/Ibu Guru anu ku sim kuring dipihormat, Saderek sadaya réngréngan pangurus OSIS anu ku sim kuring dipikacinta.	Pangbagéa (kata sapaan)												
Langkung ti payun mangga urang sasarengan ngedalkeun puji sukur ka Allah Swt. réhna urang tiasa riung mungpulung di ieu tempat kalayan séhat wal'afiat. Solawat sinareng salam, mugi ngocor salalamina ka jungjunan urang sadaya, Nabi Muhammad saw.	Bubuka biantara												
Hadirin anu sami linggih,	Pangbagéa randegan												
<p>Salajengna sim kuring seja ngahaturkeun réwu nuhun laksa keti kabinngahan ku kasumpingan sadérék sadaya kana rapat OSIS dinten ieu.</p> <p>Peryogi kauninga ku sadayana, pangna urang ngariung téh nyaéta badé ngabadantenkeun perkawis rarancang kagiatan dina raraga miéling tepung taun kemerdekaan Indonésia. Sok sanaos ari kana derna acara puncak mah masih kénéh lami, nanging ari tatahar mah kedah ti ayeuna kénéh.</p> <p>Hadirin anu sami linggih</p> <p>Acara miéling tepung taun kamerdékaan nagara urang téh saleresna parantos janten agénda rutin di sakola urang. Unggal taun tangtos baé diayakeun rupi-rupi kagiatan kanggo ngareuah-reuah atanapi ngaramékeunana. Sapertos taun pengker, urang ngayakeun balap karung, balap bakiak, neda kurupuk, ngagebug cai, nyandak kaléci dina séndok nu digégél, dugi ka olahraga nu kalebet daria sapertos putsal sareng maén poli ogé diayakeun. Sanaos teu dipaparin hadiah ogé geuning pamilon atanapi peserta mah sakitu seueurna. Méh waé teu kalombakeun sadayana, da kasengker ku waktos téa.</p>													

	<p>Ku kituna, dina ieu kempelan hayu urang badantenkeun sing asak, kagiatan naon baé nu bakal dilaksanakeun dina miéling kamerdékaan taun ieu. Naha badé olahraga wungkul atanapi ditambahan ku kasenian ongkoh. Upamina, dina olahraga, méh resep kumaha upami guru-guru diajak ngiring janten pamilon, diabenkeun sareng murid. Jigana bakal nambahan ramé. Atuh bilih badé aya kasenian, tiasa waé dina panungtungna dipungkas ku jaipongan, dance, atanapi karaoké kawih Sunda. Panginten bakal resep, saparantosna capé ngiringan lomba, dihibur ku kasenian. Tapi éta mah sakadar ideu, panginten nu pastina mah kin urang badantenkeun langkung paos, méh sadayana sapuk sarta mupakat.</p>	Eusi Biantara
	<p>Rupina cekap sakieu baé pamapag ti sim kuring, hapunten bilih aya basa nu kirang merenah kadanguna.</p>	Panutup Biantara
	<p>Billahi taufik walhidayah, wassalamu'alaikum wr.wb.</p>	Salam Panutup

	<p>Nyaritakeun Eusi Biantara</p> <p>Biantara di luhur téh ditepikeun ku pupuhu OSIS dina rapat OSIS. Anu hadir dina éta rapat Pembina OSIS, wawakil Ibu/Bapa Guru, jeung réngréngan pangurus OSIS. Dina pamapagna pupuhu OSIS maksudna ngondang anu hadir kana éta riungan, nyaéta rék ngajak badami pikeun nangtukeun kagiatan naon baé anu bakal diayakeun dina raraga miéling poé kamerdékaan bangsa Indonésia. Pupuhu OSIS ogé ngusulkeun sababaraha lomba anu bisa diayakeun, ngeunteung kana kajadian saméméhna. Aya kagiatan anu jenisna olahraga, aya anu kasenian.</p>
13.	<p>Tapi pupuhu OSIS gé nandeskeun sakabéh anu ditepikeunanangan skadar ideu, ari sagala rupa kagiatan anu bakal diayakeun mah kumaha hasil putusan rapat baé.</p>
14.	<p>Rakitan Basa dina Biantara</p> <p>a. Langkung ti payun (murwakanti dina sora u)</p> <p>b. riung mungpulung (murwakanti dina sora u)</p> <p>c. réwu nuhun laksa keti kabingahan (murwakanti dina sora u jeung a)</p> <p>d. hadirin anu sami linggih (murwakanti dina sora i)</p>



15.	Murid dibéré pancén migawéna bawaeun ka imah. Pancénna dikumpulkeun minggu hareupna.
-----	--------------------------------------------------------------------------------------

## D. Pancén

### 1. Kelompok

NO	KAGIATAN
16.	<p>Murid dikelompokkeun anu jumlah anggota sakelompokna opatan. Tuluy dituyun ngeusian naskah biantara anu can anggeus. Conto ngalengkepan naskah biantarana:</p> <p>Asslamu'alaikum wr.wb.</p> <p>Bapa Lurah anu ku sim kuring dipihormat,  Bapa/Ibu Tokoh masarakat anu ku sim kuring dipihormat,  Bapa RW anu ku sim kuring dipihormat,  Bapa RT anu ku sim kuring dipihormat,  Hadirin tamu uleman anu sami linggih, ogé anu ku sim kuring dipihormat.</p> <p>Alhamdulillah wasyukurillah puji sinareng sukur urang sanggakeun ka Gusti Nu Maha Suci, anu parantos maparin rohmat sareng kakiatan ka urang sadaya, dugi ka tiasa riung mungpulung dina waktos nu sakieu hadéna. Solawat sinareng salam mugi dilungsurkeun ka jungjunan urang sadaya Nabi Muhammad saw.</p> <p>Hadirin anu di mulyakeun ku Allah,</p> <p>Langkung ti payun sim kuring seja ngahaturkeun réwu nuhun ka panata acara (MC) anu parantos maparin kasempetan ka sim kuring ngadeg payuneun sadayana, kanggo ngadugikeun pangbagéa ka sadaya anu tos kersa rurumpaheun sumping ngaluuhan ieu acara. Anapon ayeuna urang ngariung di dieu téh dina raraga gempungan kanggo madungdengkeun kumaha carana sangkan kasenian Sunda dipikaresep ku barudak ayeuna.</p> <p>Hadirin anu sami linggih,</p> <p>Upami ningal kana kanyataan anu lumangsung sabudeureun urang sapopoé, sim kuring ngaraos kacida prihatinna, margi barudak ayeuna tos teu wanoh deui kana budayana sorangan. Maranéhna leuwih apal kana budaya deungeun anu can tangtu saé keur bangsa urang. Barudak ayeuna leuwih resep gogorowokan ngakawih barat, atawa éngklak-éngklakan jogéd dance atawa nurutan Boy Band ti Koréa, ti batan dalajar ngawih jeung jaipongan. Sok padahal kasenian urang téh teu éléh ajénna. Tina haleuang, tina pirigan, nepi ka ibing, sakitu lemes jeung éndah karasana.</p>

	<p>Bandiegeun jeung kasenian anu brang-bréng-brog teu puguh anu datangna ti bangsa deungeun. Jauh pisan mun dirarasakeun téh. Henteu nyerep kana haté, henteu matak sumarambah kana bayah. Nu puguh mah asa lendeng kana sirah. Komo anu dance, tingalacred maké pakéan anu némbongkeun orat. Asa matak éra parada ngalalajoanana.</p> <p>Hadirin anu dimulyakeun ku Allah,</p> <p>Ku kituna, ti kawit ayeuna hayu urang mumulé kasenian urang sorangan. Ulah nepi ka diaku deungeun. Ari urang nu gaduhna tos teu wanoh kana kasenian sorangan, ari batur kalah leuwih garetol diajar kasenian urang. Lebar temen mun nepi ka kitu téh. Rék ku saha deui seni urang dimumuléna, ari lain ku urang sorangan mah. Hayu tékadkeun dina haté urang, seni Sunda kudu jadi pribumi di lemah caina sorangan.</p> <p>Sim kuring neda pangrojong ti sadaya kasepuhan sareng aparat anu ayeuna kempel dina ieu riungan, sangkan barudak ayeuna leuwih mikaresep seni budayana sorangan. Mangga urang nyiar tarékah sasarengan kumaha carana, sangkan harepan urang sadaya tiasa tinekanan. Rupirupir cara tiasa dipidamel ku urang sadaya, diantawisna ngayakeun rupirupir pasanggiri dina acara agustusan, atanapi cekap ku mintonkeun kasenian tradisional dina acara-acara anu ngalibetkeun sakumna masarakat. Manawi sareng manawi, upami sering lalajo mah barudak téh tumuwuh karep sareng karesepna kana diajar kasenian urang.</p> <p>Hadirin anu sami linggih,</p> <p>Rupina mung sakieu pihatur anu tiasa kasanggakeun. Hapunten anu kasuhun boh bilih aya cariosan anu kirang dina larapna. Anu saé sadayana sumping ti Gusti Nu Maha Suci, sedeng anu awonna éstuning tina kabodoan sim kuring sorangan. Hapunten anu kasuhun.</p> <p>Billahi taufik walhidayah wassalamu'alaikum wr.wb.</p>
17.	<p>Sabada titik-titikna dieusian ku kalimah-kalimah anu merenah, unggal kelompok nunjuk salahsaurang wawakilna pikeun macakeun naskah biantara hareupeun kelas.</p>
18.	<p>Murid ti kelompok séjénna ngabandungan naskah hasil babaturanana. Geus kitu unggal kelompok ngoméntaran kana naskah biantara meunang kelompok anu di hareup. Geus pasti unggal kelompok bakal béda ngeusianana. Hal ieu ngamungkinkeun lumangsungna diskusi kelas anu pikaresepeun, lantaran unggal kelompok bakal mertahankeun pamanggih kelompokna séwang-séwangan.</p>

19.	Bérés hiji kelompok midang, dituluykeun ka kelompok séjénna. Kitu jeung kitu baé nepi ka kabéh kelompok réngsé macakeun hasil pagawéanana.
-----	--------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------

## 2. Mandiri

NO	KAGIATAN
20.	Pancénna nyieun naskah biantara, sina dibawa ka imah. Minggu hareupna murid ditagih kudu ngumpulkeun pancén. Ulah poho, éta naskah meunang nulisna téh sina sakalian diapalkeun, sangkan dina waktuna prakték biantara hareupeun kelas, nyaritana geus lancar, sarta murid bisa nyarita maké gerak jeung pasemon anu luyu jeung eusi naskah.
21.	Unggal murid kudu dibéré kasempetan maju ka hareup prakték biantara hareupeun babaturanana maké padika T-A-G-O-G. Guru bisa ngajén kaparigelan nyaritana. Mun saurang-urang mah bakal kaciri kamampuh nyarita unggal murid anu tangtu baé bakal béda-béda.

## PANUTUP

Guru jeung murid ngadiskusikeun hasil pangajaran poé éta, pangpangna dina kagiatan diskusi ngoméntaran anu biantara hareupeun kelas.

Guru ngajéntrékeun pancén anu kudu dipigawé di imah. Lantaran ieu mah pancén mandiri, jadi kudu jéntré pisan, boh dina nyieun naskah biantara boh dina prak-prakan praktékna.

Guru ngaévaluasi kagiatan poé éta pikeun bahan murid prakték minggu hareupna.

## BAHASAN BUDAYA SUNDA

### PANGANTEUR

Guru nepikeun pangajaran anu bakal ditepikeun poé ayeuna nyaéta Saréngséna kaagiatan diajar ngajar, murid paham kana eusi bahasan jeung mikawanoh rupa-rupa banda budaya Sunda. Lian ti éta, murid bisa nyaritakeun deui eusi bahasan anu dibacana sarta bisa nyieun bahasan anu basajan.

### KAGIATAN DIAJAR

#### A. Maca Bahasan

NO	KAGIATAN
1.	Guru némbongkeun poto-poto nu patali jeung eusi bahasan dina layar maké infocus. Upamana poto-poto <i>Kampung Gedé Kasepuhan Ciptagelar</i> ; modél imahna, saung lisungna, leuitna, bumi ageungna, jeung kaayaan sabudeureun lemburna. Bisa ditambahan ku video ngeunaan upacara sérén taun anu biasa diayakeun di dinya. Jadi, saméméh maca wacana, murid geus boga implengan ngeunaan kaayaan di éta lembur.
2.	Salila muter video atawa ningalian poto-poto, murid dibébaskeun nanyakeun naon baé anu patali jeung gambar anu keur dilalajoanana. Diwangun suasana diskusi bébas pikeun nambahan pangaweruh murid.
3.	Réngsé éta, murid mimiti maca bahasan ngeunaan <i>Kampung Gedé Kasepuhan Ciptagelar</i> anu aya dina buku teks. Sangkan panitén murid museur, sabada kabéh murid maca jero haté, macana dibalikan deui ku saurang ditarikkeun. Pilih anu sorana béntés jeung macana lancar. Lamun aya lentong jeung ngucapkeun kecap anu salah, geuwat dibenerkeun sangkan murid apal kudu kumaha ngunikeun kecap atawa kalimah anu aya dina bacaan.

#### B. Medar Eusi Bahasan

NO	KAGIATAN
4.	Murid maca pedaran ngeunaan bahasan, anu medar perkara jenis tulisan, wanda/wangun tulisan, jeung struktur bahasan. Salila murid maca, guru nuyun bari ngajéntrékeun maksud éta pedaran mun sakirana perlu.

5.	<p>Satuluyna guru ngajéntrékeun cara ngaringkes bahasan. Kadé kudu pertéla. Upamana, léngkah kahiji baca bahasan nepi ka tamat. Saméméh dicaritakeun dina wangun lancar, tulis heula poin-poin anu pentingna, atawa pikiran utama anu aya dina paragraf. Diruntuykeun dinomeran nepi ka panutup bahasan. Lamun geus bérés, kakara poko pikiran éta di hijikeun jadi hiji tulisan anu ngaguluyur. Lolobana murid dina ngaringkes téh mindahkeun kalimah anu aya diteks sawaréh-sawaréh, bacaan ukur dipondokkeun, lain dicaritakeun deui maké basa sorangan.</p>
6.	<p>Murid migawé latihan kahiji. Jawaban pikeun latihan kahiji nyaéta:</p> <ol style="list-style-type: none"> <li>1. <i>Kampung Gedé Kasepuhan Ciptagelar</i> perenahna di Kampung Sukamulya, Désa Sirnaresmi, Kacamatan Cisolok, Kabupatén Sukabumi.</li> <li>2. Lantaran masih mageuhan tali paranti adat karuhun baheula.</li> <li>3. Wangunan imah anu aya di Kampung Ciptagelar potongan imah panggung (anu aya kolongan) tina bilik kénéh. jangkung kolongna kira-kira 60 cm. Handapeun panto aya golodog. Wangun suhunanna lolobana segi panjang jeung juré. Hateupna tina daun tepus, eurih, atawa injuk. Lanténa tina palupuh.</li> <li>4. Bahan-bahan matrialna tina awi, kai, batu, jeung eurih/injuk/daun tepus.</li> <li>5. Babagian imahna: tengah imah paranti ngumpulna kulawarga, pangkeng atawa kamar paranti saré, padaringan atawa goah paranti neundeun béas, jeung dapur paranti masak.</li> <li>6. Bumi ageung paranti ngariungna masarakat lamun aya pasualan anu kudu dibadamikeun.</li> <li>7. Wangunan paranti ngayakeun hubungan sosial masarakat nyaéta saung lisung.</li> <li>8. Upacara nu patali jeung kahirupan hiji jalma: ngandung, ngalahirkeun, ngubur bali, méré ngaran, nyunatan keur budak lalaki, ngawinkeun, nepi ka maotna.</li> <li>9. Upacara nu patali jeung tatanén: muka huma (ngabaladah), ngaseuk (mimiti melak binih), mipit (saméméh panén gedé dimimitain), nganyaran (mimiti ngadahar hasil panén), ngadiukkeun (ngampihkeun paré ka leuit), jeung ngahudangkeun (mun rék ngagunakeun paré anu geus diampihkeun).</li> <li>10. Upacara sérén taun.</li> <li>11. Saméméh ngaseuk biasana sesepuh girang jeung réngrénganana sok jarak heula ka makam karuhun lembur anu aya di wewengkon Bogor Kidul jeung Banten Kidul, pikeun ngagalantangkeun do'a amit rék ngaminitian ngabaladah.</li> <li>12. Ngagotong paré jeung ngagondang</li> </ol>

7.	Dina bagéan Ngalarapkeun Kecap kana Kalimah, murid sina niténan kecap-kecap anu dicondongkeun sarta kumaha larapna dina kalimah. Maksudna mah snagkan murid leuwih paham kana harti kecapna. Bisa ogé murid titah latihan nambahan nyieun kalimah. Itung-tung latihan nyusun kalimah waé.
8.	<p>Sabada maca larapna kecap dina kalimah, murid titah migawé pancén ngalarapkeun kecap-kecap séjén kana kalimah. Jawaban latihananna:</p> <p>1). <i>Basa</i>, hartina aya dua: 1.waktu/sabot, 2.omongan sapopoé tiap-tiap bangsa. Dina kalimah anu ieu mah ngandung harti waktu/sabot.  Larapna dina kalimah:  a. <i>Basa</i> kuring keur saré, manéhna nyampeur latihan karinding.  b. Kuring keur di pasar kénéh <i>waktu</i> hujan ngagebrét téh.</p> <p>2). <i>wangunan</i> hartina wujud imah, gedong, saung, candi, kuil, jsb.  Larapna dina kalimah:  a. <i>Wangunan</i> Candi Borobudur béda jeung wangunan Candi Prambanan.  b. Bumi Pa Lurah mah anu <i>wangunanna</i> dua lanté.</p> <p>3). <i>ungghah</i>, hartina hanjat, kecap pagawéan nincak ti handap ka nu leuwih luhur, nété ka tempat nu leuwih luhur  Larapna dina kalimah:  a. Dur bedug lohor nu keur ngala lauk di balong <i>ungghah</i> ka darat.  b. Bapa <i>ungghah</i> ka para rék menerkeun kenténg anu ngolosod.  - <i>Golodog</i></p> <p>Larapna dina kalimah:  a. <i>Golodog</i> téh mani kotor ku taneuh beureum, pantesna tina sandal narapel.  b. Soré-soré bari nungguan bedug magrib téh sok ngadaweung dina <i>golodog</i>.</p> <p>4). <i>Dijejeran</i>, asal kecapna <i>jejer</i>, hartina kokolot nu dipercaya, jelema nu jadi pamuntangan saréréa. <i>Dijejeran</i> hartina dicontoan ku kokolot.  Larapna dina kalimah:  a. Lamun nganteurkeun pangantén biasana <i>dijejeran</i> ku tukang nyérénkeun.  b. Narima tamu téh <i>dijejeran</i> ku Pa Lurah.</p> <p>5). <i>Tatanén</i>, hartina molah taneuh, tukang molah taneuh, migawé kebon atawa sawah, sok disebut ogé patani, tukang tani  Larapna dina kalimah:  a. Usum hujan biasana alus mun ngamimitian <i>tatanén</i>.  b. <i>Tatanén</i> usum ayeuna mah béak ku hama.</p>

### C. Nulis Bahasan

NO	KAGIATAN
9.	<p>Murid niténa pedaran ngeunaan nulis bahasan anu maké rangkay karangan. Kitu deui conto karanganana anu judulna <i>Pentingna Ngamumulé Basa Indung</i>, dibaca sing gemet. Guru ngajawab pananya murid ngeunaan cara-cara nulis bahasan.</p>
	<p>Murid dituyun migawé latihan ngalengkepan bahasan. Dina ngalengkepan téh omat kudu bari niténan rangkay karanganana sangkan paham ka mana arah tulisan téh dibawana. Conto hasil ngalengkepan karangan anu judulna <i>Pangajaran Basa Sunda</i> di Sakola:</p> <ol style="list-style-type: none"> <li>1). Basa Sunda di Jawa Barat, diajarkeun ti mimiti SD, SMP, nepi ka SMA. Dina saminggu téh diajarkeun lilana dua jam pangajaran. Jadi, amprok jeung Guru Basa Sunda di kelas téh ngan sakali dina saminggu. Béda jeung pangajaran basa Indonésia anu dina samingguna téh aya lima jam pangajaran.</li> <li>2). Pangajaran Basa Sunda téh sabenerna pikaresepeun. Komo lamun guruna resep heureuy mah, di kelas téh suasana henteu tegang. Pangresepna lamun diajar pupuh. Saréréa diajar nembangkeun pupuh. Di kelas sok ramé hahaleuangan, jadi tara nundutan. Rupa-rupa pupuh anu sok diajarkeun téh, tapi anu pangbabarina apal mah pupuh kinanti jeung balakbak. Jigana mah pédah lagamna teu loba paréasi, nu matak babari apal sotéh. Atawa lamun pangajaran ngadongéng. Sok resep lamun ngupingkeun guru ngadongéng téh. Dongéngna raramé. Tapi teu resepna mun geus dititah ngadongéng saurang-saurang. Ih, sok geumpeur nangtungna ogé, komo mun kudu jeung nyarita. Ngadégdég wé pokona mah.</li> <li>3). Ngan hanjakal, pangajaran basa Sunda téh henteu dirojong ku buku-buku pangrojong pangajaran anu nykupan. Di perpustakaan, buku, koran, jeung majalah basa Sunda téh saeutik pisan. Malah kétéh koran mah teu aya samasakali. Mun majalah mah aya najan saeutik bari jeung geus hareubeul ogé. Buku-buku ogé saeutik kétéh, lamun sakelas dititah maca buku ka perpustakaan téh tara kabagéan kabéh. Padahal buku basa Sunda téh henteu karandel nya, macana ogé tara lila. Meureun lamun teu karandel mah hargana ogé marurah. Naha nya carang aya di perpustakaan? Piraku sakola atawa pamaréntah teu kabeulieun mah?</li> </ol>

10.	<p>4). Henteu sakabéh murid resep diajar basa Sunda, da cenah hésé pisan, leuwih hésé batan basa Inggris. Komo da loba murid anu di imahna teu diajarkeun nyarita ku basa Sunda. Ku kituna, buku-buku, koran jeung majalah pangrojong pangajaran téh kacida perluna. Lamun loba maca mah jigana diajar basa Sunda téh moal hésé-hésé teuing.</p> <p>5). Rupa-rupa tarékah anu dilaksanakeun, boh ku guru boh ku pamaréntah, sangkan barudak ayeuna daék maké basa Sunda. Di anataran waé ku ngayakeun pasanggiri-pasanggiri nu patali jeung basa, upamana ngadongéng, maca carpon, maca sajak, maca warta, biantara, jsb. Tapi pan éta mah ngan sakapeung-kapeugeun. Anu penting mah pangrojong anu deukeut jeung bisa dipaké sapopoé. Contona nya tadi téa, nyadiakeun bacaan anu saloba-lobana anu bisa dibaca iraha baé.</p> <p>6). Loba anu teu apal, naon mangpaatna diajar basa Sunda téh. Padahal kacida lobana. Lantaran lamun diajar basa Sunda, urang bisa tuluy miara harta warisan budaya anu jadi idéntitas sélér Sunda. Urang moal éra ngaku urang Sunda lamun bisa basa Sunda mah. Masarakat Sunda bakal leuwih kuat, moal kaéléhkeun ku sélér séjén anu ngumbara di tanah Sunda, lamun saréréa maraké basa sunda mah. atuh engkéna, bisa ngawariskeun deui ka turunan nu bakal datang.</p>
-----	------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------

#### D. Nyarungsum Eusi Bahasan

NO	KAGIATAN
11.	Murid dibagi jadi dalapan kelompok. Sakelompokna luyukeun jeung jumlah murid di kelas. Sanggeus aya dalapan kelompok, digundukkeun jadi dua-dua kelompok sagundukna. Upamana kelompok hiji jeung dua, tilu jeung opat, lima jeung genep, tujuh jeung dalapan. Unggal dua kelompok titah maca hiji bahasan. Najan bahasanna sarua, tapi migawéna mah misah-misah baé jeung kelompokna séwang-séwangan.
12.	kelompok hiji jeung dua dibéré pancén ngulik jeung medar bahasan anu judulna <i>Hajat Babarit</i> . Alusna tempat diuk dua kelompok ieu dijauhkeun, lantaran mun padeukeut bisi silitanya. Penting pisan mun dua kelompok ieu ngahasilkeun analisis anu béda sangkan engkéna bisa dibanding-bandingkeun.



13.	Sabada maca bahasan <i>Hajat Babarit</i> , murid kelompok hiji jeung dua sina ngajawab pananya ngeunaan eusi bahasan.
14.	<p>Jawaban pananya latihan Bahasan <i>Hajat Babarit</i> bagian a:</p> <ol style="list-style-type: none"> <li>1). Jejer/téma bahasan <i>Hajat Babarit</i> nyaéta upacara panolak balai anu masih kénéh dipigawé di pilemburan.</li> <li>2). Di tengah-tengah parapatan jalan anu jadi jalan utama di éta lembur.</li> <li>3). Lantaran gumantung kana pangabutuh masarakatna. Lamun di embur geus aya musibah gedé, boh keuna ka salasaurang pangeusi lembur boh keuna kasaréréa, kakara diayakeun hajat babarit.</li> <li>4). Diayakeunna méméh dur bedug magrib, dina peutingan Jumaah kaliwon dina itungan Jawa.</li> <li>5). Ti mimiti “rujakeun” (kembang rampé), nyieun bubur beureum bubur bodas, bungbuahan tujuh rupa, beubeutian tujuh rupa, dahareun tradisional modélpem, peuyeum tujuh rupa, roko upet, rupa-rupa inuman ti mimiti kopi pait nepi ka cai entéh, nepi ka bungbu dapur jeung beuleum pépéték. Geus puguheun bangsaning menyan mah, kasebutna ogé barang anu sipatna wajib aya éta mah.</li> <li>6). Upamana, mun aya imah anu kaasupan bangsat, aya anu kahuruan, aya anu kacaahan, loba nu gering ripuh, loba nu maot pauntuy-untuy, panén anu gagal lantaran hama, jsb.</li> <li>7). Pikeun nolak balai atawa nyingkahan musibah.</li> <li>8). Bapa-bapa jeung kokolot lembur.</li> <li>9). Sanggeus “susuguh” ngabérés diriung ku bapa-bapa jeung kokolot lembur, jul-jol ibu-ibu marawa congcoot sabakina-sabakina. Tuluy ditunda ngurilingan susuguh nu geus nyampak téa. Mun sakabéh imah geus ngirimkeun congcootna, kakara hajat dimimitian. Biasa baé, dimimitian ku rajah ka parakaruhun, ka dituna disambung ku do’a-do’a nu dicampur antara ka karuhun sareng ka Gusti Allah nu Murbéng Alam. Do’ana digalantangkeun. Sabot kokolot ngado’a, nu séjén niupan menyan sangkan tuluy ngelun. Panjang pisan do’a téh sarta ditungtungan ku pertobat sangkan ulah aya musibah deui keuna ka sakumna warga lembur.</li> </ol>

	<p>10). Mun do'a jeung pertobat réngsé, saréréa nu ngariung, kaasup ibu-ibu nu najan teu milu ngariung ogé tapi caricingna teu jauh tina riungan, parebut dahareun anu ngabayak. Loba nu patukeur-tukeur congcoot jeung deungeunna. Tuluy dalahar balakécrakan di dinya nepi ka dur bedug magrib. Malah kalan-kalan mah, bedug magrib- bedug magrib, nu balakécrakan jongjon nepi ka anggeus. Mun nyésa, dahareun téh dibawara ka imahna séwang-séwangan. Ari susuguh keur karuhun mah sok dipérénan ku kokolot.</p>
15.	<p>Jawaban latihan bagian b:</p> <ol style="list-style-type: none"> <li>Kecap-kecap anu teu kaharti dina bacaan <i>Hajat Babarit</i>: <ol style="list-style-type: none"> <li><i>Kasohor</i>, hartina kamashur atawa kakoncara (bs. Indonesia-terkenal) Larapna dina kalimah: <ol style="list-style-type: none"> <li>Coboy Junior téh grup band anu <i>kasohor</i>.</li> <li>Coboy Junior téh grup band anu <i>kamashur</i>.</li> </ol> </li> <li><i>Ngamumulé</i>, asal kecapna mulia, ngamumulé hartina ngamulyakeun, miara. Larapna dina kalimah: <ol style="list-style-type: none"> <li>Kudu daék <i>ngamumulé</i> seni budaya sorangan.</li> <li>Kudu daék <i>miara</i> seni budaya sorangan.</li> </ol> </li> <li><i>Pintonkeuneun</i>, hartina témbongkeuneun, ténjoeun Larapkeun dina kalimah: <ol style="list-style-type: none"> <li>Nyieun karajinan téh <i>pintonkeuneun</i> dina acara paméran kelas.</li> <li>Nyieun karajinan téh <i>témbongkeuneun</i> dina acara paméran kelas.</li> </ol> </li> <li><i>Mamalana</i>, hartina bahaya, mala, mahala Larapna dina kalimah: <ol style="list-style-type: none"> <li>Lamun ngebut di jalan téh gedé <i>mamalana</i>.</li> <li>Lamun ngebut di jalan téh gedé <i>bahayana</i>.</li> </ol> </li> <li><i>Mitembeyan</i>, hartina ngamimitian Larapna dina kalimah: <ol style="list-style-type: none"> <li>Isukan rék <i>mitembeyan</i> tandur di sawah kalér.</li> <li>Isukan rék <i>ngamimitian</i> tandur di sawah kalér.</li> </ol> </li> <li><i>Balai</i>, hartina cilaka Larapna dina kalimah: <ol style="list-style-type: none"> <li>Mugi sing ditebihkeun <i>balai</i>, diparekkeun rejeki.</li> <li>Mugi sing ditebihkeun <i>cilaka</i>, diparekkeun rejeki</li> </ol> </li> </ol> </li> </ol>

	<p>7). <i>Sapuratina</i>, hartina salengkepna Larapna dina kalimah: a. Kabéh babawaan <i>sapuratina</i> geus diasupkeun kana kantong. b. Kabéh babawaan <i>salengkepna</i> geus diasupkeun kana kantong.</p> <p>8). <i>Dipapaésan</i>, hartina dihias Larapna dina kalimah: a. Kamar pangantén geus <i>dipapaésan</i> éndah pisan. b. Kamar pangantén geus <i>dihias</i> éndah pisan.</p> <p>2. Poko pikiran dina unggal alinéa: a. alinéa kahiji: Urang Sunda masih loba anu nyekel pageuh kabiasaan warisan parakaruhun. b. alinéa kadua: Rupa-rupa upacara dina tatanén, salametan budak, jeung upacara séjénna. c. alinéa katilu: Hajat babarit jeung waktu diayakeunana. d. alinéa kaopat: Hajat babarit pikeun nolak balai atawa nyingkahan musibah. e. alinéa kalima: Prak-prakan hajat babarit. f. alinéa kagenep: Kaperluan nyuguh dina hajat babarita. g. alinéa katujuh: Pasangpeta anu hajat babarit. h. alinéa ka dalapan: Derna ngalaksanakeun hajat babarit. i. alinéa kasalapan: Sabada hajat babarit.</p> <p>3. Bagian Bubuka: Alinéa hiji jeung dua Bagian Eusi: Alinéa tilu nepi ka alinéa dalapan Bagian panutup: Alinéa salapan</p> <p>4. Jenis tilusanana gabungan tina narasi, déskripsi, jeung eksposisi</p> <p>5. Wanda tulisanana déduksi (ti hal-hal anu umum ka hal-hal anu husus).</p>
	<p>Jawaban no 6: Conto ringkesan Bahasan <i>Hajat Babarit</i>. Kamungkinan gedé, hasil ngaringkes murid bakal béda jeung ieu conto. Nu penting mah sakabéh informasi penting anu aya dina bahasan kasabit dina ringkesan. Kieu conto ringkesanna: Dina bahasan <i>Hajat Babarit</i> nyaritakeun hiji kabiasaan di hiji lembur anu kentel pisan unsur tradisina. Najan dina jaman modéren jiga kiwari, éta kabiasaan téh henteu leungit. Loba pisan tradisi modél kitu téh. Ti mimiti nu patali jeung kahirupan hiji jelema, ngadegkeun imah, nepi ka upacara dina tatanén.</p>

16.	<p>Hajat babarit, atawa di sawarata lembur sok disebut ogé hajat wawar, diayakeun lamun hiji lembur, boh salasaurang pangeusina boh keuna ka sakumna pangeusi lembur, kakeunaan musibah gedé. Upamana mun aya imah anu kaasupan bangsat, aya imah nu kahuruan, aya nu kacaahan, loba nu gering ripuh, loba nu mao pauntuy-untuy, panén anu gagal, jsb. Ari diayakeunana kudu peutingan Jumaah Kaliwon . Taun jeung bulanna mah gumantung kana pangabutuh pangeusi lembur.</p> <p>Ieu upacara téh dilaksanakeun saméméh dur bedug Magrib. Sakabéh pangeusi lembur ilubiung milu aub. Susuguh ngabarak di parapatan jalan gedé. Diriung ku congcoot meunang mawa ibu-ibu. Anu ngariung mah kokolot lembur jeung bapa-bapa. Tapi ibu-ibu ogé sok nungguan teu jauh tina riungan.</p> <p>Upacara hajat dimimitian ku rajah, tuluy disambung ku doa-doa anu dicampur antara ka karuhun sareng ka Gusti Allah. Salila ngado'a téh menyan mah ngelun baé. Bérés upacara hajat, brak dalahar balakécrakan. Saréréa parebut dahareun anu cenah geus meunang ngajiad sarta gedé maunatna. Dalahar téh sok nepi ka dur bedug Magrib. Kalan-kalan nu adan-adan, nu balakécrakan jongjon tengah parapatan. Bérés balakécrakan, dahareun sésa sok ditarawa ka imahna séwang-séwangan.</p>
17.	<p>Sabada murid ngaringkes bahasan, kelompok hiji jeung dua sina bagilir maju ngalaporkeun hasil pagawéanana hareupeun kelas. Murid ngabandingan hasil laporan kelompok hiji jeung dua, bari ngabandingkeun eusi laporanna.</p>
18.	<p>Sabada nu dua kelompok réngsé ngalaporkeun hasil pagawéanana, kelompok séjén dirojong sina nepikeun pananya ngeunaan bahasan Hajat Babarit. Kelompok anu maju kudu ngajelaskeun sakabéh pananya ti kelompok séjénna. Guru niténan saha waé murid anu aktip dina sajeroning tanya-jawab ieu.</p>
19.	<p>Sabada nataharkeun kelompok hiji jeung dua, guru merenahkeun kelompok tilu jeung opat pikeun niténan bahasan <i>Dogér Kontrak</i> . Kelompok ieu ogé sarua diukna dijauhkeun, sangkan bisa ngahasilkeun analisis anu béda.</p>
20.	<p>Sabada maca bahasan <i>Dogér Kontrak</i>, murid kelompok tiga dan empat sina ngajawab heula pananya ngeunaan eusi bahasan.</p>

21.	<p>Jawaban pananya Bahasan <i>Dogér Kontrak</i> bagian a:</p> <ol style="list-style-type: none"> <li>1. Lantaran ku urangna teu dipiara, tara ditanggap hareupeun umum, jeung teu diwariskeun ka entragan sapandeurieunana. Sedeng ku bangsa deungeun mah sabalikna, seni budaya urang téh diarulik malah diajarkeun di sakola-sakola.</li> <li>2. Hasil budaya séjénna anu diaku téh batik, kawih Sayang-sayangé ti Ambon, jeung kadaharan témpé.</li> <li>3. Kasenian degung jeung angklung ti Jawa Barat.</li> <li>4. Lantaran can aya instruksi ti luhurna anu ngawajibkeun ngajarkeun degung jeung angklung.</li> <li>5. Bakal nungtut laleungitan, boh diaku deungeun boh leungit ku sorangan, dina harti teu dipiwanoh deui ku masarakat sapandeurieunana.</li> <li>6. Ti Kabupatén Subang Jawa Barat.</li> <li>7. Lantaran ieu kasenian téh tumuwuh subur dina jaman perkebunan kontrak keur jaya-jayana di Kabupatén Subang sarta grup kasenianna sok ngamén ka kontrak-kontrak perkebunan.</li> <li>8. Paling saeutik 16 urang kaasup nu tari jeung pangrawit (nayaga)</li> <li>9. Tari anu sok dipintonkeun dina dogér kontrak nyaéta tari keurseus jeung ketuk tilu.</li> <li>10. Nasib seni Dogér Kontrak ayeuna geus méh tumpur. Tong boroning urang luar, dalah urang Subangna sorangan geus loba anu teu apal kana ieu kasenian téh.</li> <li>11. Bisa jadi lantaran aya bajidor anu sok ngibingan nu tari. Bajidor téh biasana para-jawara lalaki, nu matak dianggap ngandung unsur negatip nu kurang luyu jeung ajén moral masarakat.</li> <li>12. Lantaran kasenianna geus tara ditanggap hareupeun umum.</li> </ol>
22.	<p>Jawaban latihan bagian b:</p> <ol style="list-style-type: none"> <li>1. Kecap-kecap anu langka dipaké dina paguneman sapopoé: <ol style="list-style-type: none"> <li>1). <i>tumpur</i> hartina dibasakeun ka ingon-ingon atawa pepelakan nu paraéh kabéh</li> </ol> <p>Larapna dina kalimah:</p> <ol style="list-style-type: none"> <li>a. Waktu aya virus plu burung, hayam di kandang <i>tumpur</i> kabéh.</li> </ol> </li> </ol>

- b. Waktu aya virus plu burung, hayam di kandang *paraéh* kabéh.
- 2). *pagilinggisik* hartina babarengan padeukeut pisan nepi ka sasatna unggal usik paadek jeung batur, babarengan beurang-peuting  
Larapna dina kalimah:  
a. Unggal poé *pagilinggisik*, asa geus jadi dulur waé jeung babaturan sakelas téh.  
b. Unggal poé *babarengan padeukeut*, asa geus jadi dulur waé jeung babaturan sakelas téh.
- 3). *ngabalukarkeun* hartina ngaakibatkeun, kajadian akibat tina hiji lantaran  
Larapna dina kalimah:  
a. Kedul diajar *ngabalukarkeun* peunteun garoréng.  
b. Loba nyaring peuting *ngaakibatkeun* di sakola nundutan.
- 4). *langka* hartina arang, tara pati kapanggih  
Larapna dina kalimah:  
a. Lantaran *langka* ka sakola, jadi wéh teu nyaho aya tugas tambahan.  
b. Lantaran *arang* ka sakola, jadi wéh teu nyaho aya tugas tambahan.
- 5). *ditanggap* hartina ditabeuh hareupeun umum  
Larapna dina kalimah:  
a. Kasenian wayang golék geus arang *ditanggap* ayeuna mah.  
b. Kasenian wayang golék geus arang *ditabeuh* ayeuna mah.
- 6). *entragan* hartina angkatan, barengan (basa Indonésia generasi)  
Larapna dina kalimah:  
a. Barudak *entragan* ngora geus teu daék maké basa Sunda.  
b. Barudak *angkatan* ngora geus teu daék maké basa Sunda.
- 7). *narékahan* hartina akal, néangan jalan jeung cara  
Larapna dina kalimah:  
a. Indung Syahid geus *narékahan* sangkan Syahid getol sakola.  
b. Indung Syahid geus *néangan* jalan sangkan Syahid getol sakola.
- 8). *bolay* hartina teu jadi atawa teu tulus.  
Larapna dina kalimah:  
a. Lantaran hujan, ka Bandung téh nepi ka *bolayna*.  
b. Lantaran hujan, ka Bandung téh nepi ka teu *tulusna*.

- 9). *munasabah* hartina pantes, kaharti ku akal, mupakat
  - a. *Munasabah* rék teu naék ogé, da kedul ka sakolana.
  - b. *Pantes* rék teu naék ogé, da kedul ka sakolana.
- 10). *tumuwuh* asal kecapna tuwuh hartina jadi dina taneuh.  
Tumuwuh hartina jadi, aya.
  - a. Lamun sering diajar basa Sunda, bakal *tumuwuh* rasa nyaah dina haténa.
  - b. Lamun sering diajar basa Sunda, bakal *jadi* rasa nyaah dina haténa.
- 11). *maluguran* hartina daun anu marurag lantaran geus paéh/  
garing
  - a. Daun jambu *maluguran* katebak angin.
  - b. Daun jambu *maruragan* katebak angin.
- 12). *dipintonkeun* hartina diténjokeun, ditémbongkeun
  - a. Kasenian karinding *dipintonkeun* dina acara paturay tineung.
  - b. Kasenian karinding *ditémbongkeun* dina acara paturay tineung.
- 13). *nanjung* hartina gedé darajat teterusan  
Larapna dina kalimah:
  - a. Dido'akeun ku Mamah sing jadi jalma *nanjung*.
  - b. Dido'akeun ku Mamah sing jadi jalma *gedé darajat teterusan*.
- 14). *pangagung* hartina raja mun jaman ayeuna mah pajabat  
Larapna dina kalimah:
  - a. Geus jeneng *pangagung* mah poho ka rahayat leutik.
  - b. Geus jadi *pajabat* mah poho ka rahayat leutik.
- 15). *luyu* hartina sajalan, teu patukang tonggong (bs. Indonésia-  
sesuai)  
Larapna dina kalimah:
  - a. Maké baju téh sing *luyu* jeung situasi.
  - b. Maké baju téh sing *sajalan* jeung situasi.
- 16). *pangrawit (nayaga)* hartina tukang nabeuh gamelan
  - a. Mang Uking jadi *pangrawit* grup jaipongan.
  - b. Mang Uking jadi *tukang nabeuh gamelan* grup jaipongan.
- 17). *diluluguan* hartina dipingpin atawa dikapalaan  
Larapna dina kalimah:
  - a. Démo ka Jakarta téh *diluluguan* ku pupuhu organisasina langsung.
  - b. Démo ka Jakarta téh *dipingpin* ku pupuhu organisasina langsung.

- 18). *oncor* hartina obor nyaéta seuneu diseungeutkeun kana suluh atawa awi nu aya minyak, keur nyaangan jalan  
Larapna dina kalimah:
    - a. Nu ngobor belut téh marawa *oncor*.
    - b. Nu ngobor belut téh marawa *obor*.
  - 19). *ngibing* hartina ngigel atawa jogéd  
Larapna dina kalimah:
    - a. Ti isuk teu eureun-eureun *ngibing* di nu hajat.
    - b. Ti isuk teu eureun-eureun *ngigel* di nu hajat.
  - 20). *disurahan* hartina dihartikeun  
Larapna dina kalimah:
    - a. Warna bodas *disurahan* kasucian.
    - b. Warna bodas *dihartikeun* kasucian.
  - 21). *ceungceuman* hartina akuan, anu diaku bogana  
Larapna dina kalimah:
    - a. Hayam jago anu buluna beureum *ceungceuman* Si Adé.
    - b. Hayam jago anu buluna beureum *akuan* Si Adé.
  - 22). *euyeub* hartina lengkep  
Larapna dina kalimah:
    - a. Nu seserahan téh babawaanana mani *euyeub*.
    - b. Nu seserahan téh babawaanana mani *lengkep*.
2. Poko pikiran dina unggal alinéa:
- a. Alinéa kahiji: sababna hasil seni budaya loba nu leungit
  - b. Alinéa kadua: prosés leungitna hasil seni budaya
  - c. Alinéa katilu: seni angklung jeung degung anu asli ti Jawa Barat di nagara batur mah wajib diajarkeun di sakola-sakola, ari di Jawa baratna sorangan henteu.
  - d. Alinéa kaopat: kasenian urang anu dipalingan sacara lemes ku nagara batur
  - e. Alinéa kalima: kasenian Dogér Kontrak di Subang dina jaman perkebunan
  - f. Alinéa kagenep: Asal-muasalna kasenian Dogér Kontrak
  - g. Alinéa katujuh: kasenian Dogér Kontrak anu asalna nanjung mimiti pareum
  - h. Alinéa kadalapan: prak-prakan pintonan kasenian Dogér Kontrak
  - i. Alinéa kasalapan: ibingan kaul dina Dogér Kontrak
  - j. Alinéa kasapuluh: bajidor, disurahan ngandung unsur négatif
  - k. Alinéa kasabelas: kasenian Dogér Kontrak anu méh tumpur



	<p>3. Bagian bubuka: alinéa hiji nepi ka opat          Bagian eusi: alinéa lima nepi ka alinéa sapuluh          Bagian panutup: alinéa sabelas</p> <p>4. Jenis tulisanna gabungan narasi, eksposisi, jeung arguméntasi</p> <p>5. wanda tulisanna déduksi (ti hal-hal anu umum ka hal-hal anu husus)</p>
23.	<p>Jawaban latihan no 6:          Conto ringkesan bahasan <i>Dogér Kontrak</i>:</p> <p>Dina bahasan <i>Dogér Kontrak</i> dipedar ngeunaan hasil budaya bangsa urang, kaasup kasenianna, anu nungtutan maluguran atawa tumpur. Lian ti anu leungit ku sorangan lantaran geus tara ditanggap hareupeun umum jeung teu diwariskeun ka entragan sapandeurieunana.</p> <p>Lian ti anu nungtut leungit sorangan, loba deui hasil budaya urang anu diaku ku deungeun. Aya nu geus didaptarkeun ka lembaga hak cipta, aya anu diaku sacara lemes, upamana diwajibkeun diajarkeun di sakola-sakola dasar nepi ka menengah anu aya di nagarana. Sedeng di urang sorangan, anu boga kasenianna, teu diwajibkeun diajarkeun di sakola-sakola.</p> <p>Aya hiji kasenian di Kabupatén Subang, anu ayeuna geus méh leungit, nyaéta kasenian <i>Dogér Kontrak</i>. Ieu kasenian téh kungsi jaya dina mangsa di Subang keur jaya-jayana usum perkebunan kontrak. Nu matak dingaranan <i>Dogér Kontrak</i> ogé lantaran sok ngamén (maén) ka perkebunan-perkebunan kontrak. Dina ieu bahasan ogé, dijéntrékeun kumaha prak-prakanna pintonan <i>Dogér Kontrak</i>.</p> <p>Ngan hanjakal ayeuna mah kasenian <i>Dogér Kontrak</i> téh geus méh tumpur. Matak lebar pisan, lantaran ieu kasenian téh euyeub ku pintonan tari anu némbongkeun kaparigelan luhur. Kitu deui dina kawih jeung tatabeuhanna.</p>
24.	<p>Sabada kelompok tilu jeung opat réngsé mesék bahasan <i>Dogér Kontrak</i> sarta nyieun ringkesanna, kabéh anggota kelompok maju ka hareupeun kelas, macakeun hasil pagawéanana. Bagilir waé, bari sakalian ngabanding-banding hasil paniténa.</p>
25.	<p>Réngsé ngabandingan hasil laporan kelompok tilu jeung opat, murid ngayakeun diskusi kelas ngeunaan bahasan <i>Dogér Kontrak</i>.</p>
26.	<p>Kelompok lima jeung genep dibéré pancén nalungtik jeung mesék bahasan <i>Lebaran di pilemburan</i>. Dua kelompok ieu diukna dijauhkeun sangkan bisa ngahasilkun analisis anu béda.</p>

27.	Sabada maca bahasanna, murid kelompok lima jeung genep sina ngajawab heula pananya ngeunaan bahasan <i>Lebaran di Pilemburan</i> .
28.	<p>Jawaban pananya bahasan <i>Lebaran di Pilemburan</i> bagian a:</p> <ol style="list-style-type: none"> <li>1. Tradisi anu geus jadi urusan nasional nyaéta mudik.</li> <li>2. Lantaran anu boga tradisi mudik téh lain urang Sunda wungkul, tapi geus jadi tradisi sakumna sélér bangsa nu aya di Indonésia.</li> <li>3. Kabiasaan lebaran anu béda jeung di lembur séjén téh nyaéta di lembur Salagedang Désa Bojongsari Kacamatan Jampangkulon Kabupatén Sukabumi.</li> <li>4. Sabada solat Idul Fitri atawa Idul Adha, kabéh warga lembur ngariung di jero masigit, dahar babarengan balakécrakan ngadahar idangan lebaran, bari heureuy gogonjakan.</li> <li>5. Patukeur-tukeur idangan jeung tatangga. Siliasaan dahareun.</li> <li>6. Jawaban nomer genep gumantung ka murid, teu bisa disaruakeun.</li> <li>7. Jawaban nomer tujuh gumantung ka murid, teu bisa disaruakeun.</li> </ol>
29.	<p>Jawaban latihan bagian b:</p> <ol style="list-style-type: none"> <li>1. Kecap-kecap anu langka kapanggih dina paguneman (obrolan) sapopoé: <ol style="list-style-type: none"> <li>1). <i>Sakumna</i> hartina sakabéhna Larapna dina kalimah: <ol style="list-style-type: none"> <li>a. <i>Sakuman</i> masarakat Sukamelang, kumpul di balé musawarah.</li> <li>b. <i>Sakabéhna</i> masarakat Sukamelang, kumpul di balé musawarah.</li> </ol> </li> <li>2). <i>sélér bangsa</i> hartina suku bangsa Larapna dina kalimah: <ol style="list-style-type: none"> <li>a. Sunda jeung Jawa téh <i>sélér bangsa</i> panggedéna di Indonésia.</li> <li>b. Sunda jeung Jawa téh <i>suku bangsa</i> panggedéna di Indonésia.</li> </ol> </li> <li>3). <i>Katurug-turug</i> hartina katambah-katambah Larapna dina kalimah: <ol style="list-style-type: none"> <li>a. Keur mah anyar pindah, <i>katurug-turug</i> taya nu ngabéjaan, puguh waé teu nyaho nanaon.</li> <li>b. Keur mah anyar pindah, <i>katambah-tambah</i> taya nu nagbéjaan, puguh waé teu nyaho nanaon.</li> </ol> </li> <li>4). <i>wanci</i> hartina waktu, nuduhkeun kaayaan waktu boh dina sapoé sapeuting. Larapna dina kalimah: <ol style="list-style-type: none"> <li>a. <i>Wanci</i> soré barudak arulin di buruan imah Andi.</li> <li>b. <i>Waktu</i> soré barudak arulin di buruan imah Andi.</li> </ol> </li> </ol> </li> </ol>

- 5). *mustari* hartina waktu anu hadé  
Larapna dina kalimah:
  - a. Poé Sénén téh waktu anu kacida *mustarina* pikeun ngayakeun sukuran ka haji.
  - b. Poé Senén téh waktu anu *hadé* pikeun ngayakeun sukuran ka haji.
- 6). *tangéh* hartina lila, jauh, hésé kénéh kana anggeusna  
Larapna dina kalimah:
  - a. ngetik téh kakara dua bab, *tangéh* kénéh ka anggeus.
  - b. ngetik téh kakara dua bab, *lila* kénéh ka anggeus.
- 7). *tihothat* hartina digawé kacida ripuhna sarta rusuh  
Larapna dina kalimah:
  - a. Basa rék acara Pekan Kréativitas Murid, barudak OSIS mani *tihothat* nyiapkeun panggung.
  - b. Basa rék acara Pekan Kreativitas Murid, barudak OSIS *digawé kacida ripuhna sarta rusuh* nyiapkeun panggung.
- 8). *nataharkeun* hartina nyiapkeun, sasadiaan  
Larapna dina kalimah:
  - a. Eskul Pramuka keur *nataharkeun* tempat pelantikan anggota anyar.
  - b. Eskul Pramuka keur nyiapkeun tempat pelantikan anggota anyar.
- 9). *dipilampah* hartina dipigawé  
Larapna dina kalimah:
  - a. Sakabéh tugas kudu réngsé *dipilampah* méméh ulangan umum.
  - b. Sakabéh tugas kudu réngsé *dipigawé* méméh ulangan umum.
- 10). *kawentar* hartina kasohor atawa kamashur  
Larapna dina kalimah:
  - a. Sakola Didi *kawentar* jaragoan maén putsalna.
  - b. Sakola Didi *kasohor* jaragoan maén putsalna.
- 11). *nyengceling* hartina béda ti batur, katingali ti kajauhan, témbong ngan hiji-hijina  
Larapna dina kalimah:
  - a. Imahna *nyengceling* jauh ka ditu ka dieu.
  - b. Imahna *témbong* jauh ka ditu ka dieu.
- 12). *kawuwuh* hartina katambah  
Larapna dina kalimah:
  - a. Keur mah ripuh *kawuwuh* teu bisa hudang.
  - b. Keur mah ripuh *katambah* teu bisa hudang.

13. *rempeg* hartina lengkep, aya kabéh  
Larapna dina kalimah:
  - a. Nayaga téh mani *rempeg* luhur panggung.
  - b. Nayaga téh mani *lengkep* luhur panggung.
14. *rinéh* hartina boga waktu cukup, teu loba gawé teu kudu rurusuhan  
Larapna dina kalimah:
  - a. Meungpeung *rinéh*, rék olah raga ah!
  - b. Meungpeung *boga waktu*, rék olah raga ah!
15. *bubuhan* hartina kawantu, sahenteuna  
Larapna dina kalimah:
  - a. *Bubuhan* ka dulurna, mun balanja ogé sok ditambahan.
  - b. *Kawantu* ka dulurna, mun balanja ogé sok ditambahan.
16. *sukan-sukan* hartina senang-senang
  - a. Meungpeung libur, urang *sukan-sukan* pelesiran.
  - b. Meungpeung libur, urang *senang-senang* pelesiran.
2. Poko pikiran dina unggal alinéa:
  - a. alinéa kahiji: kabiasaan mudik nu geus jadi urusan nagara
  - b. alinéa kadua: tataharna pamaréntah enggoning nyanghareupan arus mudik
  - c. alinéa katilu: mudik lian keur silaturahmi ogé keur mulangkeun panineungan
  - d. alinéa kaopat: urang Sunda kandel rasa romantismena
  - e. alinéa kalima: kabiasaan lebaran di kampung Salagedang Désa Bojongsari Kacamatan Jampangkulon
  - f. alinéa kagenep: kabiasaan solat idul fitri di masigit
  - g. alinéa katujuh: sasalaman sabada solat jero masigit
  - h. alinéa kadalapan: kabiasaan dahar salelembur jero masigit sabada solat idul fitri
  - i. alinéa kasalapan: kabiasaan anu teu weléh ngondang kasono anu ngumbara
3. Bagian bubuka: alinéa hiji nepi ka alinéa opat  
Bagian eusi: alinéa lima nepi ka alinéa dalapan  
Bagian panutup: alinéa salapan
4. Jenis tulisanna gabungan narasi jeung eksposisi
5. Wanda tulisanna déduksi, ti hal-hal anu umum ka hal-hal anu husus

30.	<p>Jawaban no 6: Conto ringkesan bahasan <i>Lebaran di Pilemburan</i>:</p> <p>Dina bahasan <i>Lebaran di Pilemburan</i>, medar ngeunaan tradisi lebaran anu aya di Indonésia. Aya tradisi anu unik di Indonésia téh, nyaéta mudik dina waktuna lebaran. Ieu tradisi téh geus jadi tradisi sakumna sélér bangsa di nagara Indonésia, lain ngan urang Sunda wungkul.</p> <p>Aya hiji lembur di Kabupatén Sukabumi, anu ngabogaan kabiasaan anu béda jeung di lembur séjénna. Pernahna di Kampung Salagedang, Désa Bojongsari, kacamatan Jampangkulon. Ieu kabiasaan téh nyaéta dahar balakécrakan di masigit sabada ngalaksanakeun solat idul fitri atawa idul adha. Sakumna warga lembur kumpul ngariung, mawa idangan lebaran. Tuluy siliasaan dahareun, bari ramé gogonjakan. Malah sok bari popotoan sagala, meungpeung bisa ngariung rinéh jeung batur salembur.</p> <p>Bérés dahar balakécrakan, kakara silaturahmi ka dulur baraya jeung tatangga lembur. Hiji kabiasaan anu béda ti batur sarta teu welééh dipikasono ku warga lemburna anu ngumbara ka kota.</p>
31.	<p>Sabada bérés nyieun laporan hasil ulikan bahasan <i>Lebaran di Pilemburan</i>, kelompok lima jeung genep bagilir ka hareup macakeun pagawéanana.</p>
32.	<p>Kelompok séjén ngabandungan bari ngabanding-banding hasil pagawéan anu dua kelompok téa. Bérés kelompok lima jeung genep macakeun laporanna, kelompok séjén meunang nanyakeun hal-hal anu kurang jéntré ngeunaan eusi bahasan. Dikondisikeun jadi diskusi kelas.</p>
33.	<p>Kelompok tujuh jeung dalapan dibéré pancén ngulik jeung mesék bahasan <i>Kampung Urug</i>. Ngaturna jiga kelompok saméméhna baé.</p>
34.	<p>Sabada maca bahasan <i>Kampung Urug</i>, kelompok tujuh jeung dalapan sina ngajawab pananya ngeunaan eusi bahasan.</p>
35.	<p>Jawaban pananya ngeunaan bahasan <i>Kampung Urug</i> bagian a:</p> <ol style="list-style-type: none"> <li>1. Urug téh mun taneuh anu ayana di béh luhur ngolosod, nutupan anu aya handapeunana.</li> <li>2. Kampung Urug téh perenahna di Désa Kiarapandak, Kacamatan Sukajaya, Kabupatén Bogor.</li> <li>3. Modél wangunan anu aya di Kampung Urug umumna masih modél baheula. Tapi aya ogé anu geus diwangun permanén jeung senipermanén anu sisina geus ditémbok, hateupna geus maké kenténg atawa asbés, téhelna geus ku ubin atawa keramik.</li> </ol>

	<ol style="list-style-type: none"> <li>4. Wangunan aslina mah maké bilik, awi, kai, injuk, daun eurih atawa kiray.</li> <li>5. Bagian imah anu teu aya dina wangunan imah modéren nyaéta goah paragi neundeun béas.</li> <li>6. Bahan matériál modéren anu geus dipaké di Kampung Urug nyaéta semén, bata, ubin, keramik, kenténg, asbés, jeung triplék.</li> <li>7. Wangunan anu jadi puseur kagiatan di Kampung Urug disebut gedong gedé, gedong luhur, gedong Sanghyang Tunggal, jeung gedong alit.</li> <li>8. Upacara anu geus maneuh tanggalna nyaéta upacara sérén taun.</li> <li>9. Upacara anu waktuna nuturkeun datangna usum nyaéta upacara salamétan puasa jeung lebaran.</li> <li>10. Upacara anu sarua aya jiga di Kampung Ciptagelar nyaéta upacara sérén taun.</li> </ol>
36.	<p>Jawaban latihan bagian b:</p> <ol style="list-style-type: none"> <li>1. Kecap-kecap anu langka dipaké dina paguneman (obrolan) sapopoé: <ol style="list-style-type: none"> <li>1). <i>pituin</i> hartina asli atawa tulén Larapna dina kalimah: <ol style="list-style-type: none"> <li>a. Didi téh <i>pituin</i> urang Ciamis.</li> <li>b. Didi téh <i>asli</i> urang Ciamis.</li> </ol> </li> <li>2). <i>hateup</i> hartina tutup suhunan dina wangunan imah (kenténg, injuk, jsb.) Larapna dina kalimah: <ol style="list-style-type: none"> <li>a. Ayeuna mah keur usum <i>hateup</i> asbés.</li> <li>b. Ayeuna mah jeur usum <i>tutup suhunan</i> asbés.</li> </ol> </li> <li>3). <i>puseur</i> hartina pusat, tengah-tengah Larapna dina kalimah: <ol style="list-style-type: none"> <li>a. Bandung téh <i>puseur</i> dayeuhna provinsi Jawa Barat.</li> <li>b. Bandung téh <i>pusat</i> dayeuhna provinsi Jawa Barat.</li> </ol> </li> <li>4). <i>sumawonna</i> hartina komo Larapna dina kalimah: <ol style="list-style-type: none"> <li>a. <i>Sumawonna</i> mun kudu mayar, cacak haratis ogé arang nu lalajona.</li> <li>b. <i>Komo</i> mun kudu mayar, cacak haratis ogé arang nu lalajona.</li> </ol> </li> <li>5). <i>mancanagara</i> hartina luar negri Larapna dina kalimah: <ol style="list-style-type: none"> <li>a. Di Bali loba turis <i>mancaganara</i>.</li> <li>b. Di Bali loba turis <i>luar negri</i>.</li> </ol> </li> </ol> </li> </ol>

	<p>2. Poko pikiran dina unggal alinéa:</p> <ol style="list-style-type: none"> <li>alinéa kahiji: masarakat Kampung Urug anu masih kénéh mageuhan tradisi karuhun</li> <li>alinéa kadua: wangunan imah di Kampung Urug</li> <li>alinéa katilu: déskripsi imah di Kampung Urug</li> <li>alinéa kaopat: babagian imah di Kampung Urug</li> <li>alinéa kalima: wangunan anu jadi puseur kagiatan urang lembur</li> <li>alinéa kagenep: upacara-uacara anu biasa diayakeun di Kampung Urug</li> <li>alinéa katujuh: upacara rewah</li> <li>alinéa kadalapan: upacara mulud</li> <li>alinéa kasalapan: upacara sedekah bumi</li> <li>alinéa kasapuluh: upacara salametan puasa jeung lebaran</li> <li>alinéa kasabelas: Kampung Urug keur asét wisata</li> </ol> <p>3. Bagian bubuka: alinéa hiji  Bagian eusi: alinéa dua nepi ka sapuluh  Bagian panutup: alinéa sabelas</p> <p>4. Jenis tulisanna gabungan narasi jeung déskripsi</p> <p>5. Wanda tulisanna déduksi, ti hal-hal anu umum ka hal-hal anu husus</p>
37.	<p>Jawaban nomer 6:</p> <p>Conto ringkesan bahasan <i>Kampung Urug</i>:</p> <p>Dina bahasan <i>Kampung Urug</i>, nyaritakeun kaayaan di Kampung Urug anu kaasup kampung adat di Jawa Barat. Ieu kampung téh ayana di Désa Kiarapandak, Kacamatan Sukajaya, Kabupatén Bogor.</p> <p>Sanajan kaasup kampung adat sarta mageuhan adat istiadat masarakat Sunda asli, tapi dina wangunan imah mah geus aya anu ngagunakeun bahan matériál modéren modél bata, semén, triplék, kenténg, asbés, ubin, jeung keramik.</p> <p>Loba pisan upacara anu biasa dilaksanakeun di Kampung Urug téh. Ti mimiti nu patali jeung kahirupan jelema, nu patali jeung tatanén, ogé nu patali jeung agama. Aya anu geus ditangtukeun tanggalna modél upacara sérén taun, salametan ngabuli (tutup taun), upacara rewah, jeung salametan mulud. Aya anu ditangtukeun poéna wungkul modél upacara sidekah bumi dina waktuna rék melak bibinihan. Aya ogé anu teu ditangtukeun tanggal jeung poéna, tapi nuturkeun datangna usum, nyaéta salametan puasa jeung lebaran.</p>

	Kampung Urug téh geus biasa didatangan ku wisatawan, boh domestik boh mancanagara, pangpangna dina waktu dilaksanakeunna upacara-upacara anu geus maneuh waktuna.
38.	Saréngsena kelompok tujuh jeung kelompok dalapan migawé pancénna, tuluy bagilir macakeun hasil laporanna hareupeun kelas. Ieu kagiatan ditungtungan ku diskusi kelas perkara Kampung Urug.
39.	Pikeun pancén di imah murid jeung kelompokna séwang-séwangan, néangan conto bahasan anu aya patalina jeung budaya Sunda. Bisa dina internét, buku, majalah atawa koran. Pancénna, bahasan anu dipillna sina dibaca sing gemet tuluy diringkes maké basa sorangan. Hasil ringkesanna dicaritakeun hareupeun kelas. Lian ti ringkesanna, lentong jeung ngucapkeun kecap-kecapna ogé kaasup anu dipeunteun.
40.	Masih bahasan anu meunang néangan di imah, murid sina nyarungsum ( <i>ngaanalisis</i> ) bagain-bagian bahasan, boh strukturna, jenis tulisanna, boh wanda tulisanna. Paréntahna aya dina buku cecekelan murid.
41.	Guru ngajéntrékeun jeung nuyun pancén nulis bahasan anu rangkay karanganana geus disadiakeunn dina buku cecekelan murid.
42.	Sabada kagiatan nyaritakeun eusi bahasan réngsé, masih kénéh pancén kelompok sina nyieun bahasan anu patali jeung budaya Sunda. Témana sina milih anu disadiakeun dina buku cecekelan murid.

## PANUTUP

Guru jeung murid ngadiskusikeun deui kagiatan diskusi anu geus dipigawé tadi. Pangpangna guru kudu ngalempeng konsép anu méngpar salila diskusi, boh tina pananya nu ngabandungan boh tina jawaban kelompok anu midang hareupeun kelas.

Satuluyna Guru ngajéntrékeun pancén ngeunaan kudu néangan conto bahasan dina média massa. Guru kudu ngajéntrékeun watesan-watesan bahasan anu bisa dianalisis ku murid.

sarta ngajéntrékeun ngeunaan pancén nulis bahasan. Pangpangna ngeunaan téma-téma anu bisa dipilih ku murid.

Pamungkas Guru ngaévaluasi hasil kagiatan diskusi kelas pikeun patokan murid dina migawé pancénna di imah.



## SURAT

### PANGANTEUR

Guru nepikeun tujuan pangajaran poé ayeuna nyaéta sabada réngsé kagiatan diajar ngajar, murid bisa mikawanoh wangun surat resmi, surat ondangan hajat, jeung surat pribadi, ti mimiti struktur suratna, eusina, kagunaanna, nepi ka bisa nyieun suratna.

### KAGIATAN DIAJAR

#### A. Maca Surat Dines

NO	KAGIATAN
1.	Sabada ngabsén, guru ngayakeun apersépsi nu patali jeung pangajaran nu bakal ditepikeun poé ayeuna. Lantaran poé ieu mah anu bakal diajarkeun téh perkara surat, guru mawa conto sababaraha surat resmi, surat ondangan hajat, jeung surat pribadi. Anu bakal matak kataji murid mah tangtu rupa-rupa surat ondangan, lantaran surat ondangan mah tina wangun nepi ka warna, sok rupa-rupa. Ti nu mahal nepi ka anu murah ogé aya. Jadi guru bisa museurkeun panitén murid kana pangajaran anu bakal ditepikeun. Bakal leuwih matak kataji deui lamun conto-conto surat téh ditayangkeun dina infocus.
2.	Sabada murid niténan rupa-rupa conto surat anu dibawa ku guru, kakara guru ngajak murid muka buku pangajaran cecekelanana. Dituduhkeun langsung kana pangajaran tujuh ngeunaan surat.
3.	Murid dibéré pancén maca surat anu aya dina buku cecekelanna. Nu kahiji nyaéta surat resmi atawa dines. Sabada murid niténan conto surat, guru ngayakeun tanya-jawab ngeunaan surat anu geus dibaca. Pangpangna tina wangun, eusi, jeung topografi nulisna. Hal ieu penting pikeun nataran nepi ka mana tingkat pangaweruh murid ngeunaan surat resmi/dines.
4.	Réngsé tanya-jawab, murid nuluykeun maca kana katerangan ngeunaan surat. Naon eusina jeung naon babagianna (strukturna). Ngaran babagian surat jeung topografi nulisna ogé sina dititénan kalawan gemet.

5.	<p>Murid migawé latihan anu patali jeung surat dines.</p> <p>Jawabanana:</p> <ol style="list-style-type: none"> <li>1. Surat nyaéta alat komunikasi dina basa tinulis. Surat téh mangrupa sarana pikeun nepikeun informasi atawa wawaran (béja) anu ditulis (biasana dina keretas) ka pihak séjén, boh minangka wawakil diri boh wawakil organisasi. Informasi atawa wawaran téh bisa mangrupa katerangan, laporan, paménta, gagasan, atawa pikiran anu rék ditepikeun ka pihak séjén.</li> <li>2. kagunaanna pikeun méré béja ngeunaan hal-hal anu kudu dipikanyaho ku anu dikirimna. Mun ondangan ngabéjaan waktu jeung tempat nu kudu didatangan.</li> <li>3. Disebut surat dines lantaran anu ngaluarkeunana hiji organisasi, ditujukeun ka anggota organisasi, sarta eusina ngan wungkul urusan dines éta organisasi.</li> <li>4. Titimangsa nyaéta tempat, tanggal, bulan, jeung taun dijieunna éta surat.</li> <li>5. Kop surat:</li> </ol> <p style="text-align: center;">ORGANISASI SISWA INTRA SEKOLAH SMP NEGERI Ba Jalan D. Karatawigenda nomer 31 Bandung</p> <ol style="list-style-type: none"> <li>6. Tujul surat: <i>Kahatur Réngréngan Pangurus OSIS di Bandung</i></li> <li>7. Salam bubuka: <i>Kairing hormat,</i> Alinéa bubuka: <i>Hatur uninga, dina raraga mayunan acara Pekan Kreativitas Siswa sasih Séptémber nu bakal dongkap, peryogi dibadantenkeun kagiatan naon waé nu bakal dilaksanakeun.</i></li> <li>8. Bagian eusi: Ku margi kitu, sim kuring ngulem sadérék supados hadir dina gempungan nu badé dilaksanakeun, dinten : Saptu, ping : 6 Juli 2014, waktos : tabuh 12.00 WIB dugi ka réngsé, tempatna di sekretariat OSIS SMPN Bandung.</li> </ol>
----	-----------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------

	<p>9. Bagian panutup:  <i>Kalintang bingahna upami sadérék tiasa sumping dina waktosna.</i>  <i>Hatur nuhun kana perhatosanana.</i>  Salam panutup: <i>Kairing salam</i></p> <p>10. Lantaran organisasi atawa instansi mah lain bogana sorangan, tapi babarengan jeung réngréngan pangurus. Atuh saluhuruen pangurus, aya deui anu jadi pangaping/pembina, nu tanggung jawab kana sakabéh urusan organisasi/instansi.</p>
--	---------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------

## B. Maca Surat Pribadi

NO	KAGIATAN
6.	Réngsé ngimeutan surat resmi/dines, murid niténan conto surat pribadi anu aya dina buku cecekelanna. Sangkan murid leuwih museur paniténa, guru nyontoan macakeun surat pribadi kalawan lentong jeung ngunikeun kecapna anu merenah. Sangkan kkarasa leuwih anteb, sarta eusina kacangkem ku murid.
7.	Réngsé guru nyontoan maca surat pribadi, ayeuna giliran salahsaurang murid macakeun. Pikeun nunjukna, bisa ku nanya saha anu tepung taun bulan ieu? Tah nu tepung taun sina maca ka hareup. Murid séjén ngabandungan.
8.	Mun murid geus ngabandungan kumaha cara macana, bisa diselang ku tanya-jawab ngeunaan eusi surat pribadi jeung padika macana anu bieu dipintonkeun hareupeun kelas.
9.	Sabada saréréa dianggap paham, murid nuluykeun maca katerangan ngeunaan surat pribadi anu aya dina buku cecekelanna nu patali jeung eusi sarta babagianna.
10.	Salila murid niténan conto surat pribadi, guru nyarankeun murid nyieun catetan pikeun nuliskeun babandingan antara surat resmi/dines jeung surat pribadi.
11.	Réngsé murid niténan conto surat pribadi, diayakeun deui tanya-jawab, ngeunaan surat anu geus dibacana. Murid dirojong sangkan daék ngaluarkeun pamanggih-pamanggihna.

	<p>Murid migawé latihan anu patali jeung surat pribadi.</p> <p>Jawaban latihanana:</p> <ol style="list-style-type: none"> <li>1. surat pribadi nyaéta surat anu dikirimkeun ku hiji pribadi ka pribadi séjénna.</li> <li>2. pikeun méré béja, silihanya kaayaan, jeung nyaritakeun eusining haté anu nulis.</li> <li>3. surat pribadi ti Zahra Pinker keur ka Néndén</li> <li>4. lantaran surat pribadi mah sipatna leuwih ngagambarkeun kapentingan pribadi, jadi wangunna teu kudu formal (resmi)</li> <li>5. titimangsa surat: <i>Bandung, 20 Agustus 2012</i></li> <li>6. Tujul surat: <i>Kahatur</i> <i>Néndén nu geulis</i> <i>di bumi</i></li> <li>7. <i>Salam sono,</i> <i>Ndén, kumaha damang? Mugia Allah nangtayungan Néndén sakulawargi salalamina. Amiin. Alhamdulillah Zahra gé dina waktos ngadamel ieu serat mah nuju séhat walafiat, teu kirang sawios-wios. Mung artos nu kirang waé téh héhéhé.....</i></li> </ol>
12.	<ol style="list-style-type: none"> <li>8. <i>Ndén, asa tos lami nya teu tepang? Meni sonoooooooo pisan ka Néndén téh. Komo basa muka facebook Néndén aya potopoto nuju ngaliwet sisi balong sareng réréncangan SMA Néndén. Deueueueuh.....resep jigana téh. Emut harita nuju urang ngaliwet téa di bumi Néndén. Heuheu...Si Anggun tigujubar kana balong da grogi aya Si Heri hahaha.....geuning urang saréréa meni ngeunah seuri. Zahra mah meni nyeri kulit beuteung.</i> <i>Ayeuna mah Néndén tos gaduh réréncangan énggal nya. Tos tara ameng deui sareng grup Pinker? Sakolana malencar atuda nya. Anu sa-SMA sareng Néndén saha wae ti grup Pinker? Saurna Si Anggun sareng Si Cikal ka SMK neraskun sakolana?</i> <i>Zahra gé tadina mah pami teu lulus ka SMA badé ka SMK waé. Teu aya niat neraskun sakola ka Bandung. Eh Si Bibi keukeuh miwarang sakola ka Bandung, da di bumina teu aya sasaha. Hoyong aya réncang saurna, pan Si Bibi mah teu kagungan putra. Tos milik Zahra panginten, kalah ngacleng sorangan ka Bandung. Tapi resep kétéh sakola di Bandung mah seueur pangalaman anyar. Ngan hiji wé, teu kiat ku sono ka Mamah, ka Bapa, ka Si Adé, sareng grup Pinker. Iraha atuh urang ngariung deui?</i></li> </ol>

	<p><i>Pami Zahra kijn liburan di Subang, urang ngumpul nya, urang ngaliwet bari meuleum lauk nila deui. Laaaah meni tos ngaruy kieu hoyong geura am héhéhé.....</i></p> <p><i>Sakali-kalieun Néndén ameng atuh ka Bandung, urang shopping sasarengan. Di Bandung mah seueur geura mall téh, teu ngan ukur hiji jiga di Subang.</i></p> <p>9. Bagian panutup:</p> <p><i>Néndén anu geulis anu bageur anu sagalana.....tos heula nya seratna dugi ka dieu heula. Sanés waktos disambung deui. Salam ka sadayana. Dadaaaaaah....</i></p> <p>Salam panutup: <i>Sonona,</i></p> <p>10. basa anu digunakeun gumantung ka saha anu dikirim suratna. Mun ka babaturan basa loma, mun ka kolot, ka saluhureun, atawa anu dipihormat nya basa lemes. Alusna mah ulah maké basa kasar, najan ka sahandapeun ogé.</p>
--	-----------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------

### C. Maca Surat Ondangan Hajat

NO	KAGIATAN
13.	Ayeuna dituluykeun niténan conto surat ondangan hajat. Salila maca conto surat ondangan hajat, murid dibébaskeun nanya atawa ngoméntaran kana eusi surat ondangan. Bisa jadi murid geus loba maca surat ondangan hajat di imahna anu béda jeung conto dina buku. Tah kaweruh murid soal éta dipancing sina kaluar, bari itung-itung ngalatih murid wani nyarita jeung nepikeun pamanggihna.
14.	Sabada niténan conto surat ondangan hajat nepi ka gemet, murid dituluykeun maca katerangan ngeunaan eusi, babagian suratna, jeung wangun/topografina.
15.	Salila niténan conto surat ondangan, murid sina nyieun catetan-catetan nuliskeun bédana surat resmi/dines, surat pribadi, jeung surat ondangan hajat.
16.	Méméh pangajaran dituluykeun, hadéna aya sababaraha murid sina macakeun hasil catetan-catetanana. Hal ieu pikeun méré gambaran ka nu séjén ngeunaan hal-hal penting anu ngabédakeun éta tilu surat.

17.	<p>Murid séjénna sina ngoméntaran hasil panitén babaturanna tadi. Hadé pisan lamun sakabéh ngoméntaran bari nepikeun pamanggihna séwang-séwangan, nepi ka timbul suasana diskusi kelas. Guru jadi pasilitator salila diskusi lumangsung.</p>
18.	<p>Murid migawé latihan anu patali jeung surat undangan hajat. Jawaban latihanana:</p> <ol style="list-style-type: none"> <li>1. surat undangan hajat kaasup surat pribadi, lantaran eusina ngeunaan kapentingan pribadi anu ngondang.</li> <li>2. pikeun ngondang dulur, tatangga, kawawuhan, jsb. ngahadiran kana acara hajatan .</li> <li>3. ti kulawarga Bapa Drs. Suryadinata jeung Bapa Jayadi, SH. keur ka balaréa</li> <li>4. Lantaran surat undangan hajat mah ditujukeun ka balaréa, jadi wangunna kudu baku sarta informasina gampang katangkep ku anu dikirim.</li> <li>5. salam bubuka: Assalamu’alaikum warohmatullahi wabarokaatuh</li> <li>6. Eusi surat: <i>Manawi aya widi ti Gusti Nu Maha Suci, Sim Kuring sakulawargi seja Sukuran Nikahkeun pun anak:</i></li> </ol> <p style="text-align: center;"><i>Dudu Prawira Sumantri, S.Pd</i> <i>Ka</i> <i>Nenden Dewi Pramanik, S.Pd</i></p> <p style="text-align: center;"><i>Dupi tempat sareng waktosna dina :</i> <i>dinten : Senén</i> <i>kaping : 15 Séptémber 2014</i> <i>waktos : Tabuh 11.00 dugi ka 17.00</i> <i>tempatna: Gedung Graha Shopia</i> <i>Jl. Otista no. 29 Subang</i></p> <ol style="list-style-type: none"> <li>7. Bagian panutup: <i>Ngaraos bingah nu taya papadana saupami Bapa, Ibu, miwah sadérék sadaya tiasa sumping rurumpaheun dina waktosna, ngadeudeul du’a ka pun anak nu badé ngambah sagara rumah tangga. Kana kaweningan galih salira, langkung ti payun timpah hatur réwu nuhun.</i> <i>Wassalamu’alaikum warohmatullahi wabarokaatuh.</i></li> </ol>

	<p>8. Basa anu dipaké dina surat ondangan hajat basa lemes</p> <p>9. anu kudu aya dina surat ondangan hajat tapi dina conto di luhur teu disebutkeun:</p> <p>a. tujul surat</p> <p>b. turut mengundang</p> <p>c. acara hiburan</p>
--	------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------

#### D. Medar Surat

NO	KAGIATAN
19.	<p>Murid ngabandungan katerangan guru ngeunaan surat. Dina kateranganna guru nétélakeun kaayaan jeung pungsi surat dina kahirupan manusa jaman kiwari anu geus singsarwa digital. Upamana pungsi surat tinulis geus diganti ku surat éléktronik (email). Kitu deui pungsi surat resmi jeung pribadi geus diganti ku sms atawa BBM. Guru méré conto deui ondangan, boh pribadi boh resmi, dina wangun sms atawa BBM.</p>
20.	<p>Keur pangeuyeub-euyeub pangaweruh murid, tambahkeun pedaran kieu:</p> <p>Surat téh mangrupa sarana pikeun nepikeun informasi atawa wawaran (béja) anu ditulis (biasana dina kertas) ka pihak séjén, boh minangka wawakil diri boh wawakil organisasi. Informasi atawa wawaran téh bisa mangrupa katerangan, laporan, paménta, gagasan, atawa pikiran anu rék ditepikeun ka pihak séjén.</p> <p>Ngarang surat téh salahsahiji kaparigelan ngagunakeun basa tinulis. Dina hiji organisasi, kudu aya anu bisa nyieun surat, biasana girang serat, lantaran surat téh alat komunikasi resmi organisasi antara pangurus jeung pangurus atawa pangurus jeung anggota lamun rék ngayakeun babadaman. Sabenerna, bisa ogé maké ondangan lisan, ngan lamun nu diundang teu hadir, teu bisa dipénta tanggung-jawabna lantaran waktu ngondangna teu aya bukti tinulis. Ongkoh deuih mun ku surat, bakal ngagampangkeun dina nyusun administrasi organisasi. Kagiatan organisasi bakal jelas, iraha ngayakeun riungan jeung naon baé nu dibahas dina riungan, bakal kanyahoan. Ku kituna, moal aya kagiatan anu patumpang-tindih.</p>
	<p>Sakabéh conto surat dina wangun sms anu aya dina buku cecekelan murid, boh nu pribadi boh nu dines, dipedar hiji-hiji babarengan. Ditéangan ciri-cirina, gaya nulisna, jumlah karakterna, unsur-unsurna, jsb. sangkan murid aktip, dina ngoréhanna maké téhnik diskusi kelas.</p>

21.	<p>Contona:</p> <p><i>Uleman “Harmoni Kawih Bandung” Pidangan 20 kawih karya Kang Ubun R. Kubarsah. Dihaleuangkeun ku Rita Tila, Rosyanti, Nénéng Dinar, Ujang Bejo, Dian Héndrayana, Tedi S. Diar, Daséntra grup. Jumat 8 Nov 2013. Pukul 20.00 – 22.00 WIB. Di Padépokan Seni Mayang Sunda Jln. PETA No. 209, Bdg. Acara terbuka untuk umum gratis. (PS. Mayang Sunda. Disbudpar Kota Bdg.)</i></p> <p>Dina conto sms ondangan di luhur bisa dipedar :</p> <ol style="list-style-type: none"> <li>1. ciri-cirina: <ul style="list-style-type: none"> <li>- tulisanna pondok</li> <li>- antara maksud jeung maksud ukur dipisahkeun ku titik</li> <li>- Sakabéh kalimah mangrupa pikiran poko.</li> </ul> </li> <li>2. gaya nulisna: pondok, ringkes, tapi padet.</li> <li>3. jumlah karakterna: kurang leuwih 300 karakter</li> <li>4. unsur-unsurna: <ol style="list-style-type: none"> <li>a. Jejerna nyaéta ondangan ngahadiran acara Harmoni Kawih Bandung.</li> <li>b. Acarana nyaéta midangkeun 20 kawih karya Kang Ubun R. Kubarsah.</li> <li>c. Anu ngaheulangkeunna nyaéta Rita Tila, Rosyanti, Nénéng Dinar, Ujang Bejo, Dian Héndrayana, Tédi S. Diar.</li> <li>d. Anu ngayakeun acarana nyaéta Daséntra Grup.</li> <li>e. Diayakeunna nyaéta poé Jumaah tanggal 8 Novémber 2013, pukul 20.00 -22.00 WIB.</li> <li>f. Diayakeunna acara di Padépokan Seni Mayang Sunda Jln. PETA No. 209 Bandung.</li> <li>g. Nu ngondangna nyaéta Padépokan Seni Mayang Sunda Disbudpar Kota Bandung</li> </ol> <p>Jadi sanajan ditulis pondok tur ringkes, tapi nyumponan sakabéh unsur anu kudu aya dina surat ondangan.</p> </li> </ol>
22.	<p>Murid migawé latihan conto surat ngaliwatan sms.</p> <p>Jawaban latihanana:</p> <ol style="list-style-type: none"> <li>1. jejer sms ondangan resmi: <ol style="list-style-type: none"> <li>a. ngahadiran acara Harmoni Kawih Bandung</li> <li>b. ngahadiran acara bedah buku Antologi Sajak “KATUMBIRI”</li> <li>c. ngondang ngahadiran Temu Sastrawan Jabar</li> </ol> </li> <li>2. jejer sms pribadi: <ol style="list-style-type: none"> <li>a. jangjian ngajak tepung di Alun-alun Bandung</li> <li>b. ngabudalkeun kakeuheul ka indung ka babaturanana</li> <li>c. ngajak lalajo band di Alun-alun</li> </ol> </li> </ol>



23.	soal nomer tilu jeung nomer opat dipigawé langsung ku murid. Guru mariksa jeung memener lamun aya anu teu luyu jeung aturan nulis surat.
-----	------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------

## E. Pancén

NO	KAGIATAN	
24.	Murid maca kalawan gemet conto surat pribadi anu aya dina buku cecekelan murid bagian pancén. Bari diarahkeun sangkan salila maca sakalian nuliskeun hal-hal anu dianggap penting dina buku catetan.	
25.	Sabada dibaca dina jero haté, tunjuk saurang murid anu sorana halimpu tur béntés sarta lancar macana pikeun macakeun ieu surat. Lentongna sing merenah, ambéh ngahudang rasa anu ngabandungan. Satuluyna, jawaban pananya dina pancén, dibéréndélkeun di handap!	
	Conto suratna:	Babagian suratna:
	Subang, 10 Agustus 2012	titimangsa
	Kahatur Silvia Déwi Di bumi	Tujul surat
	Salam sono ti katebihan,	Salam bubuka
	Via, kumaha damang? Ka mana waé, mani lami teu aya wartos nanaon. Mugi-mugi waé Via sareng kulawarga aya dina panangtayungan Allah SWT. salalamina. Aamiin ya Robbal alamin.	Bubuka Surat
	Via sono teu ka Adit? Ku naon geuning meni pleng les teu aya wartosna. Adit nyobian nga-sms, teu kakintun waé. Di miscall, hapé Via teu aktip. Nyobian muka facebook, geuning Adit di-remove ku Via. Ku Adit di-inbox, teu aya waé waleran. Aya naon Via? Gaduh dosa naon Adit ka Via, dugi ka jiga nu alim silaturahmi deui? Ehm Via, Adit téh meni sedih sakalangkung. Tangtos Via gentos nomer, numawi teu aktip ogé nomer nu kamari nya. Bilih Adit gaduh kalepatan anu ngajaheutkeun manah Via, numawi isin-isin ogé Adit lah-lahan ngintun ieu serat.	Eusi surat

26.	<p>Supados Via terang kumaha kaayaan Adit saparantosna teu aya kontak sareng Via, atuh Adit ogé tiasa terang naon saleresna kalepatan Adit ka Via, dugi ka Via téga ka Adit.</p> <p>Upami téa mah leres Adit aya kalepatan, mangga Via nyarios waé. Sagala rupi masalah tiasa diréngsékeun upami aya komunikasi ti dua pihak mah. Ulah asa-asa Vi, badé raos badé teu raos, Adit tos siap nampi. Tibatan dipangnyingkahankeun jiga kieu, Adit mah mending langsung diseueulan waé. Hadé ku omong goréng ku omong. Upami leres aya kalepatan, Adit tiasa langsung neda sihapunten ka Via.</p> <p>Upami éta kalepatan mung panyangki Via wungkul, panginten Adit tiasa ngajéntrékeun anu saleresna. Rupina bakal raos, boh ka Via boh ka Adit. Ku kituna, panuhun Via kersa ngawaler ieu serat. Wios mung ukur sakecap ceuk paripaosna, Adit tangtos ngaraos bingah anu taya papadana. Mugi Via luntur galih, kersa ngaluangkeun waktos ngawaler serat ti Adit. Bilih Via teu aya waktos nyerat, mangga waler ngalangkungan sms waé. Nomer Adit teu acan gentos.</p> <p>Via anu bageur,</p>	Eusi surat
	<p>Rupina mung sakieu waé serat ti Adit. Hapunten bilih aya basa anu teu karéka atanapi kecap nu lepat dina larapna. Hapunten anu kasuhun. Diantos waleranana. Hatur nuhun sateuacanna. Mangga Vi.....</p>	Panutup surat
	Nu nganti waleran,	Salam panutup
		tanda tangan
	Aditya Pratama	Nu ngirim surat
	<p>Kecap-kecap anu langka dipaké dina paguneman sapopoé:</p> <ol style="list-style-type: none"> <li><i>ngajaheutkeun</i> hartina ngaraheutan, nganyerikeun. Larapna dina kalimah: <ol style="list-style-type: none"> <li>Hapunten abdi tos <i>ngajaheutkeun</i> manah Bapa sareng Ibu.</li> <li>Hapunten abdi tos <i>ngaraheutan</i> manah Bapa sareng Ibu.</li> </ol> </li> <li><i>lah-lahan</i> hartina maksakeun Larapna dina kalimah: <ol style="list-style-type: none"> <li>Lantaran taya nu mangalakeun rambut, <i>lah-lahan</i> ngala sorangan.</li> <li>Najan keur teu ngareunah awak, <i>maksakeun</i> milu puasa sugan kuat.</li> </ol> </li> </ol>	

27.	<p>3. <i>diréngsékeun</i> hartina dianggeuskeun pagawéanana Larapna dina kalimah: a. Kadé nyalin sajakna kudu <i>diréngsékeun</i> nepi ka tamat. b. Kadé nyalin sajakna kudu <i>dianggeuskeun</i> nepi ka tamat.</p> <p>4. <i>ngajéntrékeun</i> hartina ngajelaskeun nepi ka tétéla atawa nepi ka kaharti Larapna dina kalimah: a. Manéhna <i>ngajéntrékeun</i> masalah nu sabenerna ka saréréa. b. Manéhna <i>ngajelaskeun</i> masalah nu sabenerna ka saréréa.</p>
28.	<p>Mamanis Basa anu aya dina surat: 1. sedih sakalangkung 2. bingah nu taya papadana 3. basa anu teu karéka atanapi kecap nu lepat dina larapna</p> <p>Babasan anu aya dina surat: 1. Hadé ku omong goréng ku omong hartina rék alus rék goréng mending pok waé nyarita tibatan répéh nimbulkeun salah paham.</p>
29.	<p>Conto ringkesan surat pribadi ti Adit ka Via. Bisa jadi hasil ringkesan murid béda-béda, gumantung pamahaman murid kana eusi suratna. Ieu mah ngan salahsahiji contona baé:</p> <p>Dina eusi surat Adit ka Via, kagambar yén Adit téh kabogoh atawa babaturan deukeut Via, kaciri aya pananya ngeunaan rasa sono. Dina suratna kagambar karakter Adit anu sabar teu babari putus pangharepan najan nyanghareupan kalakuan Via anu teu jelas. Lantaran rupa-rupa tarékah geus dicobaan ku Adit tapi taya hasilna, ahirna Adit mutuskeun ngirim surat sacara tinulis. Sugaan jeung sugan ari ku surat langsung mah kabaca ku Via. Adit ménta Via ngajelaskeun masalahna, bisi Adit boga salah ka Via. Bisi éta alesanna, Adit ogé ménta dihampura nepi ka sababaraha balikan. Adit ménta Via ngajelaskeun langsung, rék alus rék goréng, rék matak ngeunah rék matak teu ngeunah, asal masalahna jadi jelas. Surat Adit dipungkas ku ungkara yén Adit kacida nungguanna surat balesan ti Via.</p>
	<p>Babandingna surat Pribadi, surat ondangan hajat, jeung surat dines:</p> <p>1. Surat pribadi</p> <p>a. Wangunna : - teu maké kop surat - teu maké nomer surat - teu maké pangdeudeul - teu maké jejer - ditandana ku pribadi nu ngirim ngan sorangan - topografi/perenah babagianna leuwih bébas - nulisna ngaguluyur dina basa lancar</p>

30.	<p>b. Témana : masalah-masalah pribadi</p> <p>c. Eusi suratna: - hal-hal pribadi anu dipikanyaho ku nu nulis jeung nu dikirim</p> <p>- taya waktu jeung tempat anu kudu didatangan ku anu dikirim, iwal eusina mémang jangjian amprok.</p>
	<p>2. Surat Ondangan hajat</p> <p>a. Wangunna : - teu maké kop surat</p> <p>- teu maké nomer surat</p> <p>- teu maké pangdeudeul</p> <p>- teu maké jejer</p> <p>- ditandana mun ngawinkeun ku dua kulawarga, mun hajat sorangan ku duaan salaki jeung pamajikan waé.</p> <p>- Aya nu milu ngondang, biasana dibérédélkeun</p> <p>- Topografi/perenah babagianna leuwih bébas</p> <p>- Nulisna digunduk-gunduk dumasar kana babagianna</p> <p>b. Témana : ngondang sangkan ngahadiran acarana</p> <p>c. Eusi suratna : - nétélakeun maksudna ngirim surat ondangan</p> <p>- nétélakeun waktu jeung tempat dilaksanakeunna acara</p> <p>3. Surat Dines</p> <p>a. Wangunna: - maké kop surat</p> <p>- maké nomer surat</p> <p>- maké pangdeudeul</p> <p>- maké jejer</p> <p>- ditandana ku réngréngan pangurus lembaga/ organisasi</p> <p>- topografi/perenah babagianna kauger/terikat ku aturan nulis surat.</p> <p>- nulisna digunduk-gunduk dumasar kana babagianna</p> <p>b. Témana: ngondang sangkan ngahadiran acara/kagiatan</p> <p>c. Eusina suratna : - nétélakeun maksudna ngirim surat ondangan, biasana ngondang kumpulan atawa rapat</p> <p>- nétélakeun waktu dilaksanakeunna kumpulan/rapat</p>

31.	<p>Conto surat resmi ngaliwatan sms:</p> <ol style="list-style-type: none"> <li>1. Bapa/Ibu guru dihaturanan sumping dinten Saptu, ping 2 November 2013, tabuh 08.00 dugi ka réngsé. Rapat dines, di ruang laboratorium. Hatur nuhun. Wass, kepek.</li> <li>2. Kanggo sadaya pangurus IRMA, Senén 27 Okt 2013, kumpul di sekretariat, tabuh 13.00. Pangaosan rutin. Htr nhn. Diantos. Wass, séksi pangaosan.</li> </ol>
	<ol style="list-style-type: none"> <li>3. Pangurus RW 02, dihaturanan sumping, wengi minggu ayeuna, bada Isa di Balé Musawarah. Ngabadantenkeun kanggo ngalereskeun jalan. Htr nuhun. Wass, RW 02.</li> </ol>
32.	<p>Conto surat pribadi ngaliwatan sms:</p> <ol style="list-style-type: none"> <li>1. Kadé hilap énjing téa. Tempat sareng waktos biasa. Oké, bales! Nuhun.</li> <li>2. Enjing mios ka Bandung téa kumpul di sakola tabuh 08.00. Nu telat dikantunkeun. Ok? Nuhun.</li> <li>3. Nu badé ngiring lalajo putsal, tabuh tilu kumpul. Ka dituna urang sareng nyéwa angkot. Urunan 5.000. kadé hilap. Nuhun.</li> </ol>
33.	<p>Pancén nomer 5, 6, jeung 7, gumantung kana pilihan murid. Guru méré pituduh kumaha migawéna. Pancénna dibawa ka imah séwang-séwangan, parikasaun minggu satuluyna.</p>

## PANUTUP

Guru jeung murid ngadiskusikeun hasil pagawéan murid dina pangajaran bieu. Guru ngaévaluasi sakabéh kagiatan murid pikeun bekel murid enggoning migawé pancén di imah. Guru ngajéntrékeun pancén anu kudu dipigawé di imah sarta naon baé anu kudu dibawa minggu hareupna.

## CARITA PONDOK

### PANGANTEUR

Guru nepikeun tujuan pangajaran poé ieu nyaéta sabada réngsé diajar ngeunaan carita pondok, dipiharep murid wanoh kana wangun-wangun carita pondok sarta mikaweruh unsur-unsur intrinsikna (téma, palaku, latar waktu jeung tempat, galur, jeung amanat). Lian ti éta, bisa macakeun jeung nulis carita pondok sorangan.

### KAGIATAN DIAJAR

#### A. Maca Carita Pondok

NO	KAGIATAN
1.	Guru mimiti ngajéntrékeun pangajaran anu bakal ditepikeun poé ieu. Lantaran ayeuna pangajaran ngeunaan carita pondok, aya alusna guru ngayakeun apersépsi ku nyaritakeun sacara singget carpon-carpon anu eusina aralus sarta kungsi meunang pangléler hadiah sastra. Pikeun néangan carpon modél kitu, guru bisa macaan buku-buku kumpulan carpon atawa antologi, upamana KANAGAN 1, KANAGAN 2, PETINGAN, LIR CAHYA NYOROT EUNTEUNG, buku kumpulan carpon Aam Amilia, Yus Rusyana, Cécép Burdansyah, Darpan, jsb. Tujuanna mah pikeun museurkeun panitén murid kana bahan pangajaran anu bakal ditepikeun.
2.	Satuluyna murid sina maca bedas carita pondok <i>Duh Indung</i> karangan Tetti Hodijah. Lantaran carponna kaitung panjang, aya hadéna macana ku sababaraha urang, nyambung. Guru bisa nunjuk murid kalawan diclékclok. Lamun maca nyambung, alusna salila saurang murid maca, guru nengetan sakumna murid anu teu merhatikeun kana bacaan atawa heureuy waé. Tah murid anu heureuy ditunjuk pikeun nuluykeun bacaan. Ku cara kitu, murid nu resep heureuy bakal robah jadi daria. Maca carpon bisa ku limaana atawa genepan nepi ka tamat téh.

## B. Medar Carita Pondok

NO	KAGIATAN
3.	Pikeun neuleuman eusi carita, sangkan murid bisa babari nyangkemna, murid sina ngeusian soal latihan pilihan ganda anu aya dina buku cecekelanana. Tapi kudu diomat-omatan sangkan buku cecekelan mah teu meunang dicurat-corét. Jadi jawabanana bisa ditulis dina buku tugas.
4.	Jawaban pikeun nyarungsum eusi carpon: 1. D 2. B 3. A 4. D 5. C
5.	Sabada murid ngeusian soal pilihan ganda, tuluy murid maca pedaran ngeunaan eusi jeung unsur-unsur intrinsik dina carpon <i>Duh Indung</i> . Unsur intrinsik anu ditéangan nyaéta: 1. Galur carita /runtuyan kajadian dina carita 2. Palaku utama jeung palaku panambah nyaéta anu ngalalakon dina carita 3. Watek palaku nyaéta pasipatan palaku anu kagambar dina carita, poh tina déskripsi paripolahna boh tina omong-omonganana. 4. Setting/latar waktu jeung tempat lumangsungna carita 5. Téma/jejer carita nyaéta pasualan poko nu jadi bahan caritaan 6. Amanat nyaéta papagah atawa naséhat keur anu maca éta carita
6.	Dina bagian b sabada maca carpon, aya pedaran ngeunaan gaya basa keur ngawangun suasana dina carpon, anu jumlahna ngan dua. Tah anu ieu oogé kudu dibaca ku murid. Guru ngajéntrékeun yén dina karya sastra remen ngagunakeun gaya basa pikeun ngantebkeun suasana sangkan leuwih karasa ku nu maca. Contona anu dua tadi téa.
7.	Réngsé maca nepi ka tamat, guru mancing murid tanya-jawab ngeunaan eusi carpon jeung unsur-unsur carpon <i>Duh Indung</i> . Alusna mah tuluy mekar nepi ka jadi diskusi kelas.

### C. Niténan Carita Pondok

NO	KAGIATAN
8.	Lamun murid geus paham kana eusi carpon <i>Duh Indung</i> , ayeuna dituyun sina niténan carpon <i>Runtah</i> karangan Rahmaida. Kagiatan anu ieu ogé dimimitian ku murid macakeun carpon kalawan bedas. Bisa dibaca ku duaan atawa ku tiluan.
9.	Rngsé maca, murid tuluy niténan pedaran ngeunaan unsur-unsur anu aya dina carpon <i>Runtah</i> .
10.	Dina carpon <i>Runtah</i> , loba kapanggih kecap anu dibalikan deui. Ku kituna karasa perlu pikeun ngajéntrékeun éta kecap-kecap ditilik tina jihad kabasaan. Kecap anu dibalikan deui téh disebutna kecap rajékan. Aya anu disebut dua kali sageblengna (saaslina kecap asal) , aya ogé anu disebut dua kali bari jeung dirobah vokalna. Anu teu dirobah disebutna kecap rajékan dwimurni, sedeng anu dirobah disebutna kecap rajékan dwiréka. Dina kecap rajékan dwiréka, pikeun nyirian kecap asalna nyaéta kecap anu kadua. upamana: bulak-balik, anu jadi kecap asalna kecap anu kadua kadua, nyaéta balik. Guru cukup nerangkeun kecap rajékan anu aya dina bacaan baé, iwal aya murid nu nanyakeun kecap séjénna, kakara guru kudu ngajéntrékeun.
11.	Pikeun nambahan pangaweruh murid, guru nerangkeun kecap rajékan anu sacara gurat badagna aya dina buku cecekelan murid. Tambahan conto-conto kecapna ngarah murid babari ngarti.
12.	<p>Murid migawé latihan ngeunaan kecap rajékan. jawaban latihanana:</p> <ol style="list-style-type: none"> <li> <ol style="list-style-type: none"> <li>hareup + R + pa- = pahareup-hareup</li> <li>bisa + R + sa- = sabisa-bisa</li> <li>alus + R + sa-na = saalus-alusna</li> <li>tawar +R + di-keun = ditatawarkeun</li> <li>bodo + R + di- = dibobodo</li> <li>peuting +R + sa- = sapeupeuting</li> <li>murah + R + di- = dimurah-maréh</li> <li>tilep + R + ka- = katulap-tilep</li> </ol> </li> <li>conto kalimah dwimurni               <ol style="list-style-type: none"> <li>Ngalongokan nu gering téh ngan <i>saliwat-saliwat</i>.</li> <li><i>Isuk-isuk</i> geus mumuluk sangu sapiring.</li> </ol> </li> <li>conto kalimah dwiréka               <ol style="list-style-type: none"> <li>Manéhna ngan <i>bulak-balik</i> baé ka cai.</li> <li>Ari meuntas jalan téh kudu <i>luak-lieuk</i>, bisi kadupak mobil.</li> </ol> </li> </ol>



	<ol style="list-style-type: none"> <li>4. conto kalimah trilingga <ol style="list-style-type: none"> <li>1. Nu keur masak mani <i>brang-bréng-brong</i> di dapur</li> <li>2. Basa titah maca ka hareup, jajantung mani ratug <i>dag-dig-dug</i>.</li> </ol> </li> <li>5. conto kalimah dwipurwa <ol style="list-style-type: none"> <li>1. Ari poé peré téh sok kesel, <i>sapopoé</i> ulukutek waé di imah.</li> <li>2. <i>Sapaparat</i> jalan ngan galécok waé ngobrol.</li> </ol> </li> <li>6. conto kalimah dwimadya <ol style="list-style-type: none"> <li>1. Keun baé <i>sababaraha</i> ogé beuli wé, da butuh.</li> <li>2. Duit ngan <i>sakikituna</i>, hayoh dipénta.</li> </ol> </li> </ol>
--	----------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------

## D. Pancén Kelompok

NO	KAGIATAN
13.	Dina pancén kelompok, murid ngawincik/ngaanalisis unsur-unsur intrinsik anu aya dina carpon <i>Tarawéh</i> karangan Alzahra Pramanik. Mimitina murid dikelompokkeun anu sakelompokna opat urang. Tuluy unggal kelompok diukna sina ngariung.
14.	Murid maca carpon <i>Tarawéh</i> kalawan gemet. Guru kudu niténan, bisi aya anggota kelompok anu gawé bareng jeung kelompok séjénna, buru-buru dicaram. Anu dipiharep, hasilna rupa-rupa pamanggih ti unggal kelompok pikeun bahan diskusi kelas.
15.	<p>Jawaban pananya ngeunaan carpon <i>Tarawéh</i>:</p> <ol style="list-style-type: none"> <li>1. Galur caritana dimimitian ku kuring nyaritakeun datangna bulan puasa. Si kuring nyaritakeun pangalamanna salila ngalakonan ibadah puasa. Ti mimiti beurang nepi ka waktuna buka. Lain ngan sakadar ngadéskripsikeun kajadian lahir wungkul, tapi ogé nyaritakeun kajadian batinna (perasaanna) dina waktu ngalakonan puasa. Réngsé buka, tuluy indit tarawéh jeung kulawargana. Dina waktu tarawéh Si Kuring diukna sok ngaréndéng jeung mamahna. Si kuring nyaritakeun rupa-rupa pamolah barudak lalaki sapantaranana salila solat tarawéh. Dina waktu nangtung, waktuna ruku, jeung waktuna sujud. Estu loba pikaseurieunana. Nepi ka dina peutingan pangahirna, aya kajadian anu matak guyur seuseurian saréréa, nyaéta dina sujud anu panungtung.</li> </ol>

Harita imam lila pisan sujudna. Si Kuring gé ngagambarkeun kumaha keselna nonggeng salila-lila. Keur kitu, aya nu iseng nyebut Allahu Akbar. Atuh loba jamaah anu katipu, da disangkana komando ti imam, ngadon cengkat méméh waktu. Atuh saréréa jadi saleuseurian. Ceuk mamahna Si Kuring mah éta téh lantaran imam can masagi élmu kamanusaanana.

2. Palaku utama dina carpon *Tarawéh* nyaéta Kuring. Palaku panambahna aya Mamah, Bapa, Adé, Ustad, jeung barudak lalaki anu kasebut ku tokoh kuring. Husus palaku Mamah milu ngalalakon malah milu nyarita najan ukur dicutat omongan ku tokoh kuring.
3. Watek palakuna, tokoh kuring nurut pisan ka indungna. Tokoh Mamah tegas dina ngatik putra-purina sarta tukuh kana bebeneran jeung wijaksana. Tokoh séjénna mah teu pati kagambar dina carita.
4. Latar/setting waktuna. Tempatna di imah kuring jeung di masigit. Waktuna beurang jeung peuting dina waktuna solat tarawéh.
5. Témana ngeunaan kaagamaan.
6. Amanatna nyaéta ulah sok ngaheureuykeun ibadah sarta mun jadi imam kudu nu masagi élmunana, boh élmu kaagamaanna boh élmu kamanusaanna.
7. Kecap-kecap anu langka dipaké dina paguneman sapopoé:
  - a. Tikoro nyaéta bagian beuheung paranti ngaliwatna dahareun
  - b. lébér hartina pinuh nepi ka mudal/limpas
  - c. tanggal lilikuran nyaéta tanggal sanggeus tanggal 20. Tanggal 21 disebutna tanggal salikur, tanggal 22 dua likur, jeung saterusna.
  - d. rempeg hartina lobaan nu datangna nepi ka pinuh bari lengkep
8. Larapna dina kalimah:
  - a. *tikoro*, hartina liliwatan kadaharan atawa cai tina sungut kana beuteung; mungguh di jelema atawa di sabagian sato héwan.
    - 1). Nempo dahareun anu sakitu pikabiateunna, *tikoro* elok-elokan.
    - 2). Keur halabhab nginum cai tiis, mani asa ngageleser kana *tikoro* téh.
  - b. *lébér*, hartina pinuh teuing ku cai nepi ka rata jeung sisina nu jadi wadah tampolana nepi ka mudal
    - 1). Nyician gelas téh mani nepi ka *lébér*, atuh caina ngalémbéréh kana méja.
    - 2). Nu datang rapat téh loba pisan, nepi ka nu dariuk ogé *lébér* ka émpér balé.

- c. *tanggal lilikuran*, hartina tanggal dua puluh ka luhur
  - 1). Dina *tanggal lilikuran* bulan puasa sok loba nu silihanteuran dahareun.
  - 2). Piknik téh alusan mah engké baé *tanggal lilikuran*.
- d. *rempeg*, hartina loba bari lengkep
  - 1). Alhamdulillah nu datang ka pangaosan téh *rempeg* minggu ieu mah.
  - 2). Basa aya pintonan tembang Cianjuran, nu lalajo *rempeg* pisan.
9. Nu kaasup kecap rajékan dwiréka dina carpon *Tarawéh*:
  1. *ngeunah-ngeunahna* : asal kecapna *ngeunah*, disebut dua kali sagemblengna sarta ditambahan ku rarangkén tukang -na. Disebutna ngarajék binarung ngararangkénan. Kaasup kecap rajékan dwimurni.  
ngeunah + R + -na
  2. *sabalad-balad*: asal kecapna *balad*, disebut dua kali sagemblengna sarta ditambahan ku rarangkén hareup sa-. Ngarajék binarung ngararangkénan. Kaasup kecap rajékan dwimurni.  
sa- + R + balad
  3. *sapopoé* : asal kecapna *poé*, disebut dua kali engang mimitina wungkul ditambahan ku rarangkén hareup sa-. Disebutna kecap rajékan dwipurwa binarung ngararangkénan.  
sa + R + poé
  4. *ngaburu-buru*: asal kecapna *buru*, disebut dua kali sagemblengna sarta ditambahan ku rarangkén hareup nga-. Ngarajék binarung ngararangkénan. Kaasup kecap rajékan dwimurni.  
nga- + R + buru
  5. *patarik-tarik*: asal kecapna *tarik*, disebut dua kali sarta ditambahan ku rarangkén hareup pa- . Ngarajék binarung ngararangkénan. Kaasup kecap rajékan dwimurni.  
pa- + R + tarik
  6. *pinuh-pinuh* : asal kecapna *pinuh*, disebut dua kali sagemblengna. Kecap rajékan dwimurni.  
R + pinuh
  7. *brak-bruk* asal kecapna *bruk*, disebut dua kali bari dirobah vokalna. Disebutna kecap rajékan dwiréka.  
R + bruk
  8. *béak-béak*: asal kecapna *béak*, disebut dua kali sagemblengna. Disebutna kecap rajékan dwimurni.  
R + béak

## E. Nulis Carita Pondok

NO	KAGIATAN
16.	Dina bagian nulis carita pondok, murid sina maca heula pedaran ngeunaan cara-cara nulisna. Guru nambahan ngajéntrékeun lamun aya nu teu kaharti ku murid.
17.	Guru nuyun murid salila diajar nulis carpon. Pangpangna kudu hantem ngingetan yén carpon mah béda jeung dongéng najan unsur-unsur intrinsikna mah sarua. Kudu dijéntrékeun yén dina dongéng mah sok aya unsur nu pamohalan (teu asup akal). Upamana, sato bisa ngomong, jelema bisa hiber, bisa ngobrol jeung bulan, jsb.
18.	Unsur-unsur intrinsik anu kudu aya: 1. téma 2. amanat 3. palaku utama jeung panambah 4. watek palaku utama jeung panambah 5. latar/setting waktu jeung tempat 6. galur carita/ runtuyan kajadian
19.	Murid maca gemet ngeunaan rangkay karangan, sarta niténan kumaha carana tina rangkay karangan ditulis jadi kalimah anu lobana saalinéa.
20.	Murid latihan nulis carita pondok dumasar kana rangkay karangan anu geus disadiakeun. Guru nuyun salila murid migawé latihanana.
21.	Murid macakeun hasil pagawéanana saurang-saurang ka hareup. Guru ngondisikeun sangkan sabadana maca téh lumangsung kagiatan diskusi kelas. Unggal murid dirojong sangkan aktip ngoméntaran carpon beunang nulis babaturanana.

## F. Pancén

NO	KAGIATAN
22.	Murid dibéré pancén néangan carita pondok tina majalah, koran, atawa internét. Sabada murid manggihan carpon anu dipikaresepna, tuluy sina dibaca, sarta dipigawé latihanana luyu jeung anu aya dina buku cecekelan murid.
23.	Réngsé migawé pancén, murid macakeun hasil pagawéanana saurang-saurang ka hareup. Murid séjénna meunang ngoméntaran kana hasil laporan babaturanana, sangkan lumangsung diskusi kelas.

24.	Sabada ngawincik/ngaanalisis carpon karangan batur, ayeuna giliran murid nulis carpon sorangan. Guru méré pangrojong sangkan murid nulis luyu jeung struktur intrinsik carpon.
25.	Lian ti méré katerangan perkara cara nulis carpon, guru ogé bisa nuduhkeun téma-téma anu alus mun dijieun carpon. Upamana, tina lakawihan, tina catetan poéan, atawa kajadian sapopoé anu kaalaman, boh ku dirina, ku babaturanna, atawa ku kulawargana.
26.	Guru kudu jadi fasilitator murid salila nulis carpon, pangpangna dina ngahartikeun kecap-kecap anu dianggap hésé ku murid.
27.	Lamun tempatna lalega sarta ariuh mah, hadéna salila nulis carpon murid teu kudu aya di ruangan kelas baé, tapi dibébaskeun bari diuk luareun kelas, naha handapeun tatangkalan anu ariuh, atawa di tempat anu téténjoanna laluasa, pikeun ngarangsang ideu dina dirina.
28.	Lamun teu anggeus harita (salila dua jam pangajaran), teu nanaon pancénna dibawa ka imah. Minimal murid geus meunang judul jeung jejer caritana. Tapi kudu diomat-omatan teu meunang niron tina carpon anu geus aya atawa dipangnyieunkeun ku batur. Guru kudu bisa ngabédakeun carpon beunang nulis murid jeung carpon beunang nulis batur.
29.	Minggu hareupna guru nagih pancén nulis carpon téa. Unggal murid sina macakeun carpon karanganana hareupeun kelas. Anu dipeunteun cara macana heula. Lentongna, ngucapkeun kecapna, sorana béntés henteuna, jeung réngkak polahna salila macakeun carpon téa.
30.	Murid séjénna dirojong sangkan ngoméntaran cara maca babaturanna. Bisa dituluykeun jadi diskusi kelas.
31.	Carpon anu geus dibacakeun, dikumpulkeun, pariksaen guru. Kadé guru kudu daék ngoméntaran kana karangan murid téa hiji-hiji, sangkan murid bisa kamotivasi nulis leuwih hadé deui.

## PANUTUP

Guru jeung murid ngadiskusikeun hasil kagiatan anu geus dipigawé poé ieu. Guru ngaévaluasi pancén-pancén murid anu geus dipigawé di imah. Kudu dipedar sing jéntré, pangpangna sok aya murid anu teu nyieun karangan sorangan tapi sok dipangnyieunkeun atawa mawa carpon karangan batur anu geus dimuat dina média massa. Palebah dieu guru kudu telik. Guru jeung murid babarengan nyindekkeun matéri anu geus ditepikeun.

## Bab III

# PITUDUH MEUNTEUN

## A. Kriteria Meunteun Katutasan Minimal (KKM)

1. KKM dipeunteun dina unggal ahir pangajaran keur tiap-tiap murid.
2. Jumlah komponén anu dipeunteun béda-béda guantung kana jumlah komonén dina unggal pangajaran.
3. Komponén anu dipeunteun dikontréng geus tutas acanna.
4. Conto rubrik KKM Pangajaran 8

Kriteria Katutasan Minimal (KKM)

Kriteria Meunteun	Keterangan Tutas	
	Enggeus	Encan
A. MACA JERO HATÉ		
B. NGADISKUSIKEUN DONGÉNG SASAKALA		
C. NGALARAPKEUN KECAP		
D. MIKAWERUH DONGÉNG		
E. NGADONGÉNG		
F. NÉANGAN DONGÉNG		

## B. Rubrik Meunteun Sawala (Diskusi)

Kriteria	ALus Pisan (3)	Cukup (2)	Latihan Deui (1)
Ngaregepkeun	Saregep	Kurang saregep	Api lain
Komunikasi non-verbal	Ngaréspon	Kurang réspon	Api lain
Ilubiung	AKtif, silihédan	Kurang aktif	Cicingeun
Omongan	Nepikeun pamadegan ngaruntuy	Nepikeun pamadegan kurang ngaruntuy	Cicingeun

**Keterangan:**

1. Kumpulkeun peunteun murid luyu jeung aspék nu dipeunteun.

$$2. \text{ Cara meunteun : } \frac{\text{Total peunteun}}{12} \times 10$$

$$3. \text{ Contona : } \frac{2 + 3 + 1 + 2}{12} \times 10 = \frac{8}{12} = 6,7$$



### C. Rubrik Meunteun Sikep

No.	Sikep	Encan écés	Mimiti écés	Mimiti Mekar	Dibiasakeun	Kat.
1.	Taliti					
2.	Tanggung jawab					
3.	Disiplin					
4.	Jujur					
5.	Santun					
6.	Peduli					
7.	Percaya diri					

### D. Rubrik Meunteun Latihan

1. Latihan dipeunteun luyu jeung lobana soal katut hésé banggana.
2. Lamun aya soal latihan 5, tiap soal dibéré peunteun 2, jumlah skorna 10.  
Jumlah soal (5) X bobot peunteun (2) = 10.
3. Lamun aya soal latihan 10, tiap soal dibéré peunteun 1, jumlah skorna 10.  
Jumlah soal (10) x booto peunteun (1) = 10.

### E. Rubrik Meunteun Maca

#### 1. Rubrik Meunteun Maca Jero Haté

No.	Aspék Nu Dipeunteun	Jumlah
1.	Pemahaman Literal: Kaweruh tina bacaan	10 -- 20
2.	Pemahaman Inferensial: Kacindekan Eusi bacaan	10 -- 20
3.	Pemahaman Evaluasi: Ngajén Eusi bacaan	10 -- 20
4.	Pemahaman Apresiasi: Neuleuman eusi bacaan	10 -- 20
	Jumlah	40 -- 100

## 2. Rubrik Meunteun Maca Bedas

Kaasup pikeun meunteun maca bedas sajak atawa déklamasi.

No.	Aspék Nu Dipeunteun	Jumlah
1.	Basa: Diksi, struktur, jeung Artikulasi/intonasi	10 – 35
2.	Eusi: Kasaluyuan topik jeung eusi, isi, pemahaman eusi	10 – 35
3.	Tagog: Gestur, gaya maca	10 – 30
	Jumlah	30 -- 100

## F. Rubrik Meunteun Nembang

No.	Aspék Nu Dipeunteun	Jumlah
1.	Titilaras (pageuh kana nada, henteu sumbang)	10 – 35
2.	WIrakma (Pedotan, Ipis-kandel, anca-gancang)	10 – 35
3.	Kedaling (Neuleuman, Miharti eusi rumpaka pupuh)	10 – 30
	Jumlah	30 -- 100

## G. Rubrik Meunteun Biantara

Biantara bakal mucekil hasilna lamun urang YAKIN (Bisa, Mampuh, Hasil, tur Suksés). Urang kudu ngararasakeun proses biantara (Diajar, Latihan, jeung Nyoba).

Pikeun meunteun biantara bisa dipake sawatara aspek ieu di handap.

No.	Aspék	Bobot	Jumlah Nilai
1.	Aspek Bahasa a. Pilihan kata, gaya bahasa, tatakrama bahasa b. Struktur bahasa (bentukan kata dan kalimat) yang benar c. Pelafalan dan intonasi	35	
2.	Pemahaman Isi a. Penguasaan Isi b. Penghayatan dan penjiwaan (imaji) c. Organisasi dan sistematika penyampaian isi	35	

3.	Penampilan (Ekspresi) a. Gestur (mimik dan gerak) b. Kreasi dan gaya bicara	30	
<b>J u m l a h</b>		100	

★ Rentang nilai 60 – 100

## H. Rubrik Meunteun Ngarang

No.	Aspék Nu Dipeunteun	Jumlah
1.	Eusi atawa penggagasan	13 – 35
2.	Organisasi tulisan	7 – 20
3.	Kandaga kecap jeung pilihan kecap	7 – 20
4.	Adegan basa	7 – 20
5.	Unsur mékanik: Ejaan, tanda baca, jeung karapihan	2 – 5
	<b>Jumlah</b>	30 -- 100

## I. Rubrik Meunteun Aksara Sunda

No.	Aspék Nu Dipeunteun	Jumlah
1.	Karapihan tulisan: Wangun aksara, jajaran lempeng	10 – 20
2.	Kaajegan wangun aksara	10 – 30
3.	Benerna wangun aksara	10 – 30
4.	Benerna pananda sora (rarangkén)	10 – 20
	<b>Jumlah</b>	40 -- 100

## J. Daftar Peunteun Murid

(Kaweruh jeung Kaparigelan)

No.	Ngaran Murid	Rata-rata Peunteun Tiap Pangajaran									M
		1	2	3	4	5	6	7	8	9	
1.											
2.											
3.											
4.											
jst.											

## K. Refleksi Guru

Réfléksi mangrupa eunteung tina kagiatan diajar ngajar geus hasil acanna. Ku kituna, guru kudu ngajawab pananya ieu di handap.

1. Kumaha prakna pangajaran? Pangajaran mana nu geus éféktif?

.....  
.....

2. Pangajaran mana nu perlu ditingkatkeun?

.....  
.....

3. Bahan mana nu geus dikawas ku murid?

.....  
.....

4. Naha aya bahan nu héséun keur murid?

.....  
.....

5. Kumaha rarancang ngoméan pangajaran keur minggu hareup?  
Kumaha léngkah-léngkahna?

.....  
.....


## Bab IV

# BAHAN PANGJEMBAR

# Pangajaran 1: Kawih

Dina BAB ieu, bakal dipedar leuwih jero ngeunaan materi anu aya dina buku cecekelan murid, pikeun bahan pangjembar materi, sangkan guru bisa nuyun murid enggoning mahankeun sakabéh materi anu diajarkeun.

## A. Wangun Karya Sastra



## B. BASA


Basa téh nyaéta sintem lambang sora omongan anu dihasilkeun ku pakakas ucap manusa kalawan puguh éntép seureuhna (sintematis) tur ragem (konvénsional) antar anggota masarakatna pikeun tujuan komunikasi.

### Fungsi Basa

Fungsi basa téh peran anu dicekel ku basa minangka alat komunikasi. Fungsi basa muncul dumasar kana:

1. panyatur
2. paregep
3. konteks
4. kontak
5. kode
6. amanat omongan

Mun digambarkeun mah kieu fungsi basa téh:



1. Fungsi Emotif nyaéta fungsi basa anu raket patalina jeung panyatur, gunana pikeun ngébréhkeun rasa, pikiran, tur kahayang panyaturna.
2. Fungsi Konatif nyaéta fungsi basa anu raket patalina jeung paregep (pamaca), gunana pikeun nimbulkeun pamapag (responsi) ka paregep, tujuanana bisa ngajak, mangaruhan, nitah, nyaram, nanya, mapatahan, jst.
3. Fungsi kognitif nyaéta fungsi basa anu raket patalina jeung konteks atawa objék nu dicaritakeun, gunana pikeun ngagambarkeun dunya luar basa kayaning ngulik, ngadadarkeun, jeung medar élmu pangaweruh.
4. Fungsi patis nyaéta fungsi basa anu raket patalina jeung kontak interaksi, gunana pikeun nepungkeun panyatur jeung paregep geusan ngajaga talisilaturahmi, silihajénan, tur silihormat.
5. Fungsi imajinaf nyaéta fungsi basa anu raket patalina jeung amanat atawa pesen omongan minangka makéna basa jadi lambang kaéndahan. Museur kana amanat lambang basa anu nimbulkeun rasa éndah, tujuanana ngarah

meunang kasugemaan batin, biasana mangrupa kristalisasi pangalaman jiwa pamaké basa tur diréalisasikeun winangun karya sastra.

6. Fungsi métabasa nyaéta basa anu raket patalina jeung lambang (kode, tanda) basa, gunana pikeun maluruh tur medar basana sorangan. Contona, basa Sunda mibanda fungsi ngulik jeung medar basa Sunda.

Kawih nya éta rakitan (susunan) basa sabangsa dangding nu teu maké patokan pupuh. Sedengkeun ngawih mah ngahaleuangkeun atawa ngalagukeun kawih. Nu dimaksud teu maké patokan pupuh téh unggal padalisan atawa padana henteu matok, boh guru lagu boh guru wilanganana, nya kitu deui jumlah padalisanna, béda jeung tembang anu ngalagu nurutkeun aturan pupuh sarta kauger ku guru lagu jeung guru wilangan.

Dina babagian karya sastra di luhur, kawih teu éksplisit ditulis. Tapi mun niténan wangunna, kawih téh kaasup sajak bébas. Nu matak loba sajak anu disanggi (diaransemén) jadi kawih. Nu loba nyanggi kawih tina sajak téh nu sohor mah Mang Koko. Upamana: sajak *Purnama* karangan Agus Suriamiharja, *Malati ti Gunung Guntur* jeung *Imut Malati* kénging Wahyu Wibisana, jsb.

Istilah kawih, sabenerna mah ulikan widang seni sora. Lamun ayeuna diasupkeun kana widang ulikan sastra, lantaran umumna rumpaka kawih kaasup puisi (sajak bébas) anu ngandung wirahma, murwakanti, sarta kauger ku ciri-ciri puisi lianna. Ku kituna, kawih Sunda bisa jadi média pikeun ngajarkeun basa Sunda.

Dina prosésna, nyieun kawih téh disebut ngalaguan rumpaka. Nyieun lagu tina rumpaka sajak, disebutna nyanggi (ngaransemen). Anu nyanggina disebut komponis. Sakabéh prosésna patali jeung ulikan seni musik, lain sastra.

Mimitina anu sok disanggi jadi lagu téh tina rumpaka pupuh. Kawih *Entog Mulang*, *Ekek Paéh*, atawa *Awi Ngarambat*, kaasup kawih heubeul anu geus sumebar di kalangan masarakat sarta leuwih dipikawanoh salaku kawihna tibatan rumpakana. Taya katerangan saha anu nyanggina, kitu deui teu kapanggih saha anu nyieun rumpakana. Ngan nu sidik rumpaka *Entog Mulang* jeung *Ekek Paéh* dina wangun pupuh asmarandana. Sedeng kawih *Awi Ngarambat* dina wangun syair. Ku kituna bisa dicindekkeun, anu mimiti dijieun téh rumpakana heula kakara disanggi jadi lagu.

Nu nyarieun kawih tuluy beuki ngalobaan. Aya kawih *Gunung Sari*, *Polos Tomo*, *Golétrak*, *Mojang Priangan*, *Hariring Kuring*, *Bintang Gerilya*, jeung sajabana, nepi ka kawih-kawih sanggihan Mang Koko, Amas Thamaswara, jeung Nano.S. Ieu tilu komponis téh lolobana nyieun kawih karangan sorangan, tapi aya ogé



anu dijieun tina rumpaka sajak anu dijieun ku sastrawan. Nurutkeun pangakuan S.Ar. (Siti Arminah), dina awal taun 1958 anjeunna kungsi masrahkeun sajak anu judulna *jalir* ka Mang Koko, sina dijieun kawih. Kitu deui Tatang Sastrawiria maparinkeun rumpaka anu judulna *Wengi Enjing Tepang Deui* sarta dijieun lagu ku Mang Koko. Ieu rumpaka téh sidik pisan disusun dina pupuh kinanti. Geura urang cutat:

*Disimbutan ku halimun,  
diaping ku indung peuting,  
lalaunan ngalayangna,  
sukma ninggalkeun jasmani,  
ngalayang di awang-awang,  
rék nepungan ka nu tebih.*

*Nepungan ka urang gunung,  
malati di pinggir pasir,  
kakara pisan ligarna,  
kappendakna tacan lami,  
katuruban dangdaunan,  
kaheumpikan nagasari.*

*Kembang diburu dirungrum,  
sawengi henteu kawangi,  
teuteupan henteu kalanglang,  
raraosan mah sawarsi,  
hawar-hawar sora hayam,  
ciri parantos janari.*

*Nu nyumput téh humarurung,  
teungteuingeun milik diri,  
harianeun teuing kadar,  
misahkeun anu keur asih,  
kembang nganggo dihalangan,  
diteundeun ku indung peuting.*

*Geuning geus aya di pungkur,  
indit haté mah murilit,  
miang gé da sumoréang,  
Parangtritis kapiati,  
aduh Enung pileuleuyan,  
wengi énjing tepang deui.*

Najan geus jéntré ieu rumpaka dina wangun pupuh kinanti anu bisa dihaleuangkeun ku lagam pupuh atawa lagu lagam tembang, tapi ku Mang Koko dijieun kawih anu bener-bener anyar, diluyukeun jeung eusi rumpakana.

Mun Radén Machjar Angga Koesoemadinata lolobana nyiptakeun kakawihan, tah Mang Koko mah loba nyiptakeun kawih. Duanana méré pangaruh anu kacida gedéna kana kamekaran dunya hahaleuangan, lain ngan sakadar kan laguna, tapi ogé kana rumpakana anu ngandung ajén sastra sarta sohor di masarakat. Lamun Radén Machyar dina laguna loba ngagunakeun basa Sunda saméméh perang dunya kadua anu ngébréhkeun suasana “nyantana”, atawa kabangsawanan. Sabalikna, Mang Koko mah ngagunakeun basa Sunda sanggeus perang dunya kadua, anu ngarayut pisan. Babari kaharti sarta kawihna gampang diturutan. Mun dina basa Inggrisna mah *easy listening* téa.

Gambaran situasi jaman, karékam dina kawih-kawih karangan Mang Koko dina taun 1950-an, waktu Mang Koko ngasuh acara Kanca Indihiang di RRI Bandung. Kumaha bokbrokna kaayaan masarakat jaman harita, kagambar dina rumpaka-rumpakana. Mang Koko ogé loba ngarang kawih keur barudak rumaja anu dimuat dina Ganda Mekar (cetakan ka-6: 1996). Upamana, dina kawih *Pasundan Priangan*, aya dua rumpaka anu béda. Rumpaka anu kahiji ditulis dina jaman gorombolan antara taun 1949 nepi ka taun 1961. Sedeng anu hiji deui dimuat dina citakan kagenep dina taun 1996, anu suasanana kacida bédana jeung jaman mimiti ditulisna éta kawih. Jadi, Mang Koko nyaluyukeun éta eusi kawih jeung kaayaan jaman. Geura titénan bédana:

Taun 1949 -1961	Taun 1996
<i>Duh, kampung-kampung kosong, duh eusina parongpong, lembur-lembur tinrunggunuk, kiwari tinggal ngaheruk.</i>	<i>Tuh, kampung-kampung sigrong, tuh, témbong gotong-royong, lembur-lembur tinrunggunuk, sampalan pating jarumpluk.</i>
<i>héjo lémbok tanahna Priangan, beunghar ku wahangan, duh waas. Gemah rpah loh jinawi, kiwari dayana sepi.</i>	<i>Héjo lémbok tanahna Priangan, beunghar pamandangan, duh waas. Gemah ripah loh jinawi, karaharjan lemah cai.</i>

Biasana kawih sok ditulis maké notasi, anu gunana pikeun ngagampangkeun dina diajar kawih, sabab dina notasi geus aya aspék-aspék nu kudu diperhatikeun sangkan lagu bisa dikawihkeun kalawan bener.

Aspék-aspék nu aya dina kawih di antarana :

- 1). Laras/tangga nada (pélog, saléndro, madenda, degung)
- 2). Gerakan/tempo (gancang, sedeng, anca, gandang)

- 3). Surupan/nada dasar, jeung
- 4). Pangarang (sanggian/aransemén, rumpaka/sa'ir)

Dina ngahaleuangkeunana, kawih Sunda téh aya nu dipirig ku calung, kacapi, degung, suling, réog, jsb. Kadieunakeun mah alat-alat musik tradisional nu dipaké mirigna sok diadumaniskeun jeung alat musik modéren. Baheula mah anu sohor téh kacapi suling Mang Koko. Kadieunakeun aya Nining Meida jeung Nunung Nurmalasari anu sok ngahaleuangkeun lagu-lagu Nano. S., dina wanda degung. Beuki dieu, aya wanda calung Darso anu alat musikna téh lian ti ditambahan ku kendang jeung suling téh, ogé maké keyboard, gitar, jeung bass. Terus deui aya Doel Sumbang anu maké keayboard, gitar, jeung bass anu dipirig ku kendang. Musik-musik Doel Sumbang mah leuwih nge-pop pisan sarta leuwih deukeut kana ceuli barudak ngora. Lian ti anu disebutan, loba deui penyanyi Sunda anu kawihna salohor atawa penyanyi sohor anu ngawihkeun kawih Sunda, kaasup Nia Daniati jeung Evie Tamala, osok ngahaleuangkeun kawih Sunda.

Téma-téma kawih Sunda téh paréasi pisan, diantarana:

1. Ngeunaan kadaharan: Peuyeum Bandung, Colénak, Borondong Garing, Es Lilin, Kacang Asin, tauco Cianjur, jsb.
2. Ngeunaan kapahlawan: Invalid Satria Sajati, 17 Agustus 45, Handaru Juang, Bulan Langlayangan Peuting,
3. Kaéndahan alam/cinta lemah cai: Lemah Cai, Lingkung Lembur, Cinta Nusa, Tanah Sunda, Bandung Lémbang, Asih Abadi, jsb.
4. Cinta: Mawar Bodas, Kabogoh Jauh, Kalangkang, Papatong, Teungteuingeun, Kembang Impian, Maribaya, Samoja, Dina Jandéla, jsb. (anu témana cinta mah loba pisan, boh dina wanda degung, kacapi, pop, jsb.)

Pikeun pangeuyeub-euyeub bahan pangajaran, geura urang cutat sababaraha rumapak kawih.

### 1. Nu témana kadaharan

#### ***Peuyeum Bandung***

*Di mana-mana, di kampung di kota  
geus kakoncara nu ni'mat rasana  
sampeu asalna, nya diréka-réka  
naon namina, ku matak kabita*

*Peuyeum Bandung kamashur  
pangaosna teu luhur  
ku sadaya kagaleuh  
sepuh jeung murangkalih*

*Mangga cobian, bilih panasaran  
peuyeum ti Bandung henteu sambarangan*

## 2. Nu Témana kapahlawanan

### *Bulan Langlayanagan Peuting*

*Bulan téh langlayanagan peuting, enung  
nu di tatar dipuluh ku tali gaib  
montong salempang mun kuring miang  
di tatar di tatar Sunda dipulut nya balik deui ka dieu  
ieung masing percaya  
Bedil geus dipéloran  
granat geus disoréndang  
ieu kuring arék miang jeung pasukan Siliwangi  
ka Jogya hijrah taat paréntah*

## 3. Nu témana kaéndahan alam/ cinta lemah cai

### *Cinta Nusa*

*Indonésia gemah ripah lohjinawi  
Alam éndah héjo ngémploh sugih mukti  
Subur tutuwuhan beunghar pepelakan  
Daun héjo lémbok karaharjan lemah cai  
Kakayon tumuwuh subur pajangkung-jangkun  
Petétan ngawujud sirung pagulung-gulung  
Piraku rék téga piraku rék réla  
Alam nu héjo ngémploh pinarengan ngarangrangan teu kariksa*

## 4. Nu Témana cinta

### *Dina Jandéla*

*Dina jandéla urang silihgupayan  
nemu paneuteup dedeuh jeung geugeut teup eunteup  
taya nu nyora simpé henteu nyarita  
ngukir ciptaan tresna jeung asih marengan  
Lir nu keur ngimpi lir nu keur ngimpi  
gambar lamunan naon geuning nu teu katepi  
lir nu disirep lir nu disirep  
geter katineung reureuh geuning rep sirep  
Dina jandéla urang silihkiceupan  
imut kareueut raga katresna padeukeut  
langit keur lénglang jauh tina hahalang  
urang jadikeun, galeuh pasini lawungkeun*

## Pangajaran 2: Warta

Warta nu dimaksud dina pangajarn ieu mah berita, anu biasa sok ditulis pikeun media massa, boh media tulis boh éléktronik. Warta pikeun koran, majalah, atawa televisi, tangtau baé béda dina cara nulisna. Sacara umum, jenis tulisan warta téh aya dua:

1. feature (tulisan anu ngadongéngkeun hiji kajadian)
2. spot news (warta péndék anu ngabéjakeun fakta-fakta nu penting dipikanyaho ku anu maca)

Dina majalah –koran ogé sabagian gedé– jenis tulisan anu dimuat téh feature. Tulisan feature téh aya anu ngandung unsur warta aya nu henteu. Lamun anu ngandung unsur warta mah biasana kapangaruhan ku waktu, patali jeung warta anu keur ramé di masarakat. Najan ditulis dina wangun feature, eusina babari basi, kawatesanan ku waktu. Ukur saharitaeun, atawa salila masalahna diramékeun. Sedengkeun tulisan feature anu teu ngandung unsur warta mah disebutna feature human interest. Jenis tulisan ieu mah teu babari basi, mun dibaca iraha waé tetep aktual eusina. Jadi eusina teu méré informasi ngeunaan kapentingan umum anu sipatna vital, tapi ngan sakadar méré informasi ngeunaan hal-hal nu jadi panitén saréréa, anu kapentinganna manjang teu kawatesana ku waktu. Upamana dina nyaritakeun musibah caah. Mun dina tulisan feature warta mah ukur fakta-fakta 5W+1H wungkul, sedeng ari dina feature human interest mah diungkab kajadian-kajadian anu kaalaman ku korban anu matak nodél kana mamaras rasa.

Unsur-unsur dina tulisan feature:

### 1. **Kréativitas.**

Teu jiga spot news, dina tulisan feature mah méré kaluasaan ka nu nulis pikeun nyiptakeun hiji carita, najan angger kauger ku aturan nulis warta anu kudu akurat sarta teu meunang diselapan karang fiktif atawa hayalan.

### 2. **Subyéktifitas.**

Sababaraha tulisan feature ditulis dina wangun “kuring”, nepi ka bisa jadi asup unsur émosi jeung pikiran anu nulis. Tapi gaya ieu mah alusna dipaké lamun taya deui gaya anu alus sangkan dipikaresep ku anu maca.

### 3. **Informatif.**

Feature anu ajén wartana kurang, tetep bisa méré informasi ka masarakat ngeunaan situasi atawa aspék kahirupan anu bisa jadi diliwat ku réporter koran biasa.

#### 4. **Ngahibur.**

Tulisan feature téh sabenerna jadi pakarang anu ampuh pikeun wartawan koran jeung majalah, pikeun ngéléhkeun média radio jeung televisi. Najan kumaha waé, koran jeung majalah moal bisa ngéléhkeun radio jeung televisi dina perkara paheula-heula nepina warta ka masarakat mah. tangu bakal leuwih ti heula radio jeung televisi da puguh wartana langsung nepi ka masarakat teu kudu ngaliwatan prosés nyirak heula. Tah, ku téhnik nulis feature, daya tarik warta anu ditepikeun bakal ngaronjat sababaraha tikel, ngéléhkeun warta anu ditepikeun ku radio jeung televisi anu biasana “garing” lantaran ngan ngasongkeun akta-fakta wungkul. Ari dina feature mah lian ti ngasong fakta-fakta anu sipatna “kaku” téh ogé ngasongkeun carita nu aya disatungeun éta fakta, anu bisa nodél mamaras anu maca.

#### 5. **Awét**

Biasana, warta dina koran mah aktual wartana téh ngan sapoé. Isukna dipaké bungkus céngék ogé moal masalah, da warta-warta aktual séjénna unggal poé tuluy datang. Unsur warta anu poé dianggap penting kabéh, isukna geus basi deui. Tapi warta dina jenis feature mah awét nepi ka sababaraha bulan malah taunan.

#### 6. **Panjangna**

Tulisan feature, panjangna bisa ngan tilu alinéa bisa ogé 20 halaman. Gumantung kana minat anu maca. Salila éta tulisan bakal terus pikaresepeun anu maca, bisa terus dipanjangkan, asal nulisna ulah dihaja diambaykeun, nepi ka matak bosen anu maca.

Aya sababaraha hal anu kudu diperhatikeun dina nulis warta, nyaéta:

##### 1. **Akurat**

Dina warta dipahing pisan aya unsur imajinasi (hayalan). Teu meunang bohong deuih, lantaran lamun kapanggih kapercayaan nu maca bakal ngurangan. Pikeun nyingkahan fakta-fakta anu sipatna fiktif, wartawan kudu ngumpulkeun informasi kalawan bener. Aya sababaraha cara pikeun nyingkahan kasalahan fakta, nyaéta:

- a. Lamun keur ngawawancara narasumber, tanyakeun ngaran lengkepna, umurna, alamatna, jeung nomer teleponna. Lamun geus meunang informasi, bacakeun deui éta sakabéh informasi hareupeun narasumber. Jadi mun aya kasalahan téh bisa langsung dibenerkeun. Nomer telepon teu meunang ditulis dina warta, tapi wartawan perlu apal pikeun ngayakeun kontak ka hareupna bisi aya fakta anu kudu ditanyakeun deui.
- b. Lamun ngaran, umur, jeung alamat meunang informasina ti jalma séjén, tanyakeun deui sacara langsung ka narasumberna. Ulah langsung ditulis kitu waé.

- c. Dipahing pisan ngarasa nyaho kana sagalarupana. Unggal informasi kudu ditanyakeun deui bener henteuna, saméméh dijieun tulisan. Istilah populérna mah chek & rechek.
  - d. Lamun tulisan ngamuat hal-hal anu dianggap hésé, kudu yakin heula apal nu sabenerna. Komo anu aya patalina jeung istilah-istilah téhnis nu béda jeung kasang tukang paélmuan anu dipimilik ku wartawan.
  - e. Mun dina tulisan ngagunakeun statistik atawa data-data matématis, wartawan kudu mariksa deui angka-angkana sarta tuluy diitung. Mun wartawan teu paham, tanyakeun heula ka anu leuwih paham.
2. Ejahan jeung ngagunakeun kecap-kecap kudu luyu jeung aturan. Kasalahan citak kudu dijauhan. Jadi tulisan kudu dipariksa sababaraha balikan, teu meunang ngandelkeun éditor.
  3. Maké buku padoman. Gunana pikeun nyaragamkeun istilah-istilah sangkan katiténna konsistén dina nyieun tulisan.
  4. Ngungkaban kasalahan

Sajeroning ngetik, tangtu baé aya résiko salah ngetik kecap atawa maké éjahan. Kadé ulah ngabenerkeun kecap atawa mukaan kamus bari ngetik, lantaran bisa ngaganggu kalancaran nulis. Engké baé lamun geus bérés ngetik kakara dipariksa sakecap-sakecap. Kudu apik dipariksa nepi ka yakin taya anu salah. Dina warta, aya anu disebut lead. Anu disebut lead téh nyaéta paragraf mimiti. Aya dua tujuan dijieunna lead téh:

1. pikeun narik minat anu maca sangkan kataji pikeun nuluykeun macana
2. pikeun ngalancarkeun alur carita.

Lead téh modal utama hiji tulisan sangkan éta tulisan dibaca nepi ka tamat. Lantaran, najan caritana hébat, ari lead-na teu matak kataji atawa teu ngahudang kapanasaran mah, éta tulisan bisa ditinggalkeun ku anu macana.

Rupa-rupa lead dina tulisan:

### 1. **Lead ringkesan.**

Eusina inti warta, anu parentingna wungkul. Biasana lead ieu mah dipaké lamun wartawan boga warta bener-bener matak panasaran, nepi otomatis anu maca hayang nuluykeun bacaanana. Lantaran lead ieu mah pangbarina ditulis, remen dipaké ku wartawan anu keserempek waktu (diudag deadline)

### 2. **Lead anu nyaritakeun**

Lead anu ieu mah dipikaresep ku tukang nulis fiksi (carpon atawa novel). Biasana pikaresepeun anu maca. Téhnikna nyaéta wartawan nyiptakeun suasana sarta ngalibetkeun nu maca jadi tokoh utama. Milu asup kana carita. Hasilna, anu maca bakal terus kabeungkeut ku eusi tulisan.

### 3. **Lead déskriptif**

Lead déskriptif bisa ngaréka gambaran dina pikiran anu maca ngeunaan tokoh jeung tempat kajadian. Lead modél kieu cocok pikeun nulis profil pribadi.

### 4. **Lead kutipan**

Kutipan omongan hiji tokoh atawa narasumber anu jero tur ringkes, bisa ngeurad nu maca sangkan tuluy maca tulisan. Tapi omat, kutipanna ulah kaluar tina jalur tulisan.

### 5. **Lead pertanyaan**

Lead ieu bisa épéktif lamun ngahudang rasa panasaran anu maca. Lead ieu mah ngan saukur taktik, tapi hasilna teu salawasna alus.

### 6. **Lead nunjuk langsung anu maca.**

Dina lead nu modél ieu mah nu maca langsung ditunjuk ku anu nulis. Biasana ngagunakeun kecap “anjeun”. Lead modél kieu langsung ngajak nu maca asup kana tulisan, nepi ka rasa panasaranana kahudang sarta hayang nuluykeun macana.

### 7. **Lead anu ngagoda**

Lead anu ngagoda mah biasana pondok jeung énténg. Biasana sok dibarung ku heureuy. Tujuanana sangkan anu maca ngarasa kataji sarta panasaran hayang nuluykeun bacaanana.

### 8. **Lead nyéntrik**

Lead modél kieu matak kataji jeung informatif. Gayana has, béda ti nu séjén, sarta bakal ngajak anu maca nganggeuskeun bacaanana. Lead modél kieu mah teu kudu dina wangun kalimah waé tapi bisa ngan ukur sakecap. Upaman nuduhkeun sora.

### 9. **Lead gabungan**

Loba koran atawa majalah anu ngagunakeun lead gabungan tina sababaraha jenis lead. Biasana dicokotan anu ralusna wungkul. Upamana lead kutipan digabungkeun jeung lead déskriptif, atawa lead anu ngagoda jeung lead kutipan.

Teknik Nulis Lead:

1. Nulisna kecap-kecapna sing ringkes
2. Nulis alinéana ogé sing ringkes.
3. Gunakeun kecap-kecap anu aktip.

4. Kudu bisa narik panitén nu maca dina sababaraha kecap anu mimiti.

Warta anu hadé téh anu ngahiji antara sirah, awak, jeung buntut. Anu jadi sirahna lead, anu jadi awakna eusi warta, sedeng anu jadi buntutna panutup warta. Lolobana warta ditulis dina wangun “piramid terbalik”. Anu disebut piramid terbalik téh tulisan (informasi) disusun ti anu penting heula.



Beuki ka handap informasina beuki teu penting sarta loba detail. Dina hal ieu, panutup ogé kacida pentingna. Kudu bisa méré hiji kacindekan anu diperlukeun ku anu maca. Aya sababaraha jenis panutup, nyaéta:

1. Panutup anu mangrupa ringkesan.

Panutup modél kieu mah ngan ukur mangrupa ihtisar, ngan nandeskeun tungtung carita tuluy balik deui ka lead.

2. Panutup anu nyeureud

Panutup modél ieu mah méré “kejutan” ka nu maca di ahir carita, nepi ka karasana nyeureud. Alur carita kudu disusun nepi ka panutupna najan nyeureud tapi tetep asup akal sarta teu méngpar tina informasi poko.

3. Panutup klimaks.


Biasana kapanggih dina tulisan anu disusun sacara kronologis. Jiga tulisan sastra tradisional. Ngan dina warta feature mah lamun klimaksna geus jelas, tulisan buru-buru ditutup, henteu diantep sina ngayayay nepi ka antiklimaks.

4. Taya kacindekan (open ending)


Nu nulis kalawan dihaja ngeureunkeun tulisan bari nekenkeun kana pertanyaan penting anu teu kajawab. Biasana lantaran mémang ahir caritana can kanyahoan atawa ngahaja sangkan carita ngagantung nepi ka anu maca bisa milu nganggeuskeun dumasar kana kahayangna sorangan. Tapi najan kumaha waé, dina tulisan feature mah ahir tulisan téh kudu asup akal.

## Wangun tulisan:

1. Piramid tibalik



2. Pramid feature



## Pangajaran 3: Guguritan

Guguritan téh karangan pondok anu disusun maké patokan pupuh (Yus Rusyana, 1978). Mun nilik kana wangenan di luhur, guguritan téh wangun ugeran teu bébas, lantaran kauger ku patokan pupuh téa. Ari eusina, diwangun ku hiji jejer utama, sarta pikiran jeung perasaan pangarang ogé museur ka dinya. Lantaran karangan pondok téa, tangtu baé ditulisna leuwih ti sapada, bari jeung jejerna angger hiji. Mun karanganna panjang sarta ngalalakon, biasana disebut wawacan.

Pupuh dina sastra Sunda aya 17, béda jeung di Jawa anu jumlahna ngan 15. Anu 17 téh aya nu disebut sekar ageung atawa istilahna téh KSAD (Kinanti, Sinom, Asmarandana, jeung Dangdanggula). Tah sésana, anu 13 pupuh, disebutna sekar alit, nyaéta Pucung, Maskumambang, Magatru, Mijil, Wirangrong, Pangkur, Durma, Lambang, Gambuh, Balakbak, Ladrang, Jurudemung, jeung Gurisa. Tah, pupuh Lambang jeung Landrang teu kapanggih dina sastra Jawa. Sok padahal pupuh téh kapangaruhan ku sastra Jawa sarta asup ka Sunda-na téh dina jaman Karajaan Mataram. Aya ogé anu nyebutkeun jaman Kasultanan Demak. Bisa jadi, husus pupuh Lambang jeung Ladrang, jieunan asli urang Sunda, atawa datang ti pangaruh séjén tuluy diropéa ti nu geus aya jadi wangun pupuh nu mandiri (Lima Abad sastra Sunda, Wahyu Wibisana, 2000).

Guguritan téh geus lila gelarna dina sastra Sunda. Dina abad ka-19 geus loba anu nganggut guguritan, di antarana R.H. Muhamad Musa, R.A. Bratawijaya, haji hasan Mustapa, Kalipah Apo, jeung M.A. Salmun. Sedeng pangarang kabéhdieunakeun anu sok nganggut guguritan téh R.A.F (Rahmatullah Ading Affandi), Wahyu Wibisana, Apung S.W., Deddy Windyagiri, Dyah Padmini, Etti R.S, Dian Hendrayana, jsb.

Saméméh nengetan conto-conto guguritan, aya hadéna mikawanoh heula pupuh anu 17. Geura urang cutat contona sapada-sapada:

1. Kinanti watekna pikeun ngagambarkeun prihatin, harepan, atawa ngadago-dago. Contona:

*Budak leutik bisa ngapung,  
babaku ngapungna peuting,  
ngalayang kakalayaan,  
néangan nu amis-amis,  
sarupaning bungbuahan,  
naon baé nu kapanggih.*

2. Sinom watekna pikeun ngagambarkeun rasa gumbira atawa senang.

Contona:

*Panonpoé rék pamitan,  
layungna beureum jeung kuning,  
hurung ngempur semu ruhay,  
matak resep nu ningali,  
bangunna warna-warni,  
siga sato siga manuk,  
sawaréh sisiakan,  
jeung paul paselang-seling,  
siga ombak lautan sagara emas.*

3. Asmarandana watekna pikeun ngagambarkeun silihasih atawa naséhat.

Contona:

*Eling-éling murangkalih,  
kudu apik jeung berséka,  
ulah odoh ku panganggo,  
mun kotor geuwat seuseuhan,  
soéh geuwat kaputan,  
ka nu buruk masing butuh,  
ka nu anyar masing lebar.*

4. Dangdanggula watekna pikeun ngagambarkeun kabungah atawa kaagungan.

contona:

*Téténjoan singsarwa raresmi,  
pilemburan reujeung pasawahan,  
écés ébréh témbong kabéh,  
lembur pating jarumpluk,  
gunung-gunung jeung pasir-pasir,  
parentul narémbongan,  
sawaréh ngalamuk,  
kahalangan méga bodas,  
najan kitu teu matak ngurangan sari,  
teu matak suda éndah.*

5. Maskumambang watekna pikeun ngagambarkeun rasa prihatin atawa nalangsa. Contona:

*Duh manusa mana kaniaya teuing,  
teu aya ras-rasan,  
abong ka mahluk nu laip,  
nyiksa henteu jeung aturan.*

6. Pucung, watekna pikeun ngagambarkeun piwuruk (papatah), wawaran (béja), reuwas, atawa éling. Contona:  
*Utamana jalma kudu réa batur,  
 keur silihtulungan,  
 silihtitipkeun nya diri,  
 budi akal lantaran ti pada jalma.*
7. Balakbak, watekna pikeun ngagambarkeun pikaseurieun atawa lulucon. Contona:  
*Aya warung sisi jalan ramé pisan, Citaméng,  
 awéwéna luas-luis jig ka dapur, ngagoréng,  
 lalakina los ka pipir nyoo monyét, nyanggéréng.*
8. Mijil, watekna pikeun ngagambarkeun sedih, tiiseun, atawa cilaka. Contona:  
*Mesat ngapung putra Sang Arimbi,  
 jeung méga geus awor,  
 beuki lila beuki luhur baé,  
 larak-lirik ningali ka bumi,  
 milari kang rayi,  
 Pangéran Bimanyu*
9. Durma, watekna pikeun ngagambarkeun ngambek, paséa, gelut, atawa perang. Contona:  
*Beureum bodas bandéra Indonésia,  
 beureum tandana wani,  
 bodas kasucian,  
 wani sarta bener tékad,  
 babakti ka lemah cai,  
 béla nagara,  
 henteu sieun ku pati.*
10. Pangkur, watekna pikeun ngagambarkeun anu lumampah, napsu, atawa sadia rék perang. Contona:  
*Seja nyaba ngalalana,  
 ngitung lembur ngajajah milang kori,  
 henteu puguh nu dijugjug,  
 balik Paman sadaya,  
 nu ti mana tiluan semu rarusuh,  
 lurah bégal ngawalonan,  
 aing ngaran Jayapati.*

11. Ladrang, watekna banyol (heureuy). Contona:  
*Aki Dartam leumpangna ngagidig,  
gancang pisan, gancang pisan,  
bari aya nu dijingjing,  
mawa kisa eusina ucing anakan.*
12. Lambang, watekna banyol (heureuy). Contona:  
*Nawu kubang sisi tegal,  
nyiar bogo meunang kadal,  
atuh teu payu dijual,  
rék didahar da teu halal.*
13. Gambuh, watekna ngagambarkeun tambuh laku, samar polah, atawa bingung.  
Contona;  
*Ari dug bedug subuh,  
arék hudang masih kénéh tunduh,  
rasaan diengké-engké guguling,  
tatapi lamun diturut,  
tangtu salat kudu kodo.*
14. Jurudemung, watekna pikeun ngagambarkeun rasa kaduhung atawa hanjakal.  
Contona:  
*Badan anu katempuhan,  
da bongan ngalajur napsu,  
peurihna kapanggih,  
rék bongan bongan ka saha,  
ayeuna bati kaduhung.*
15. Magatru, watekna pikeun lulucon atawa prihatin. Contona:  
*Nun sumuhun nu ieu namina curuk,  
nu alit namina cinggir,  
anu panengah jajangkung,  
ari ngadi ka jariji,  
anu pangageungna jempol.*
16. Wirangrong, watekna pikeun ngagambarkeun rasa éra, wirang, apes, atawa rugi. Contona:  
*Deudeuh teuing nu prihatin,  
Rukmantara nu kabendon,  
sedih manahna kalangkung,  
henteu lirén-lirén nangis,  
angkat sakaparan-paran,  
kawas anu nuju gundam.*

17. Gurisa, watekna pikeun lulucon tamba kesel atawa pangangguran.

Contona:

*Hayang teuing geura beurang,  
geus beurang rék ka Sumedang,  
nagih ka nu boga hutang,  
mun meunang rék meuli soang,  
tapi najan henteu meunang,  
teu rék buru-buru mulang.*

Mun ditilik tina eusina guguritan téh rupa-rupa, upamana:

1. Piwulang/naséhat upaman Wulang Krama, Wulang Murid, Wulang Guru karangan R.H.Muhamad Musa jeung Asmarandana Lahir Batin karangan R.A.Bratadiwijaya, jsb.

Contona:

***Wulang Murid***

*ieu tembang pangajaran,  
pilampaheun anak murid,  
poma-poma masing yatna,  
metakeun awak pribadi,  
kudu cengeng nya pikir,  
nya diajar masing cucud,  
ulah salah tarima,  
nu asih dipulang sengit,  
masing nyaah ka ibu sarta ka rama.*

*Kacida ngarep-ngarepna,  
nu matak matak diperih pati,  
diasupkeun ka iskola,  
dipalar pinter jeung rajin,  
sepuh téh moal sudi,  
mun bijil teu mawa élmu,  
léngoh taya kabisa,  
rugi henteu meunang bati,  
taya pisan kabalesna kasusahan.*

*Sabot aya di sakola,  
sepuh pirang-pirang rugi,  
makayakeun awak urang,  
sasat urang hutang asih,  
kudu ogé dipikir,  
pigeusaneun urang naur,*

*nyaéta pamayarna,  
ku wekel temen nya ngaji,  
sepuh suka ningalikeun urang bisa.*

2. Pangalaman **Kabatinan** upamana Kinanti Ngahurun Balung jeung Asmarandana Babalik Pikir karangan Haji Hasan Mustapa, Kinanti Alak Paul karangan Hasan Wahyu Atmakusumah, jsb. Contona:

***Kinanti Alak Paul***

*Mangkukna kula ka gunung,  
kamari balik ti pasir,  
ayeuna mapay sampalan,  
nyungsi tempat geusan ngancik,  
néang lahan padumukan,  
garapeun di alam lahir.*

*Baheula nyaba ka laut,  
baréto ka hulu cai,  
kiwari na huluwotan,  
kecebek mandi sakali,  
hanjat mangsa kabulusan,  
jirim katitihan jisim.*

*Isukan ka alak paul,  
mapay kalang tanpa sisi,  
paribasa ki bagawan,  
ngulik élmu reujeung harti,  
ngudag dunya reujeung harta,  
nyokona dina pribadi*

*Pagéto nepi ka luhur,  
jaga sahibas na diri,  
waktu tempat sauyunan,  
gulangkep patali tali  
Panghulu dalem jeung jaksa,  
di masigit keur ngaraji.  
Gunung laut alak paul,  
kaambah jirim jeung jisim,  
jauh deukeut kaalaman,  
disambat inghun illahi,  
disebut ku rasa kula,  
kula diambah ku gusti.*

3. Kaéndahan alam upamana Dangdanggula Laut Kidul karangan Kalipah Apo, Ngalayung ka Tungtung Lembur jeung Di Sisi talaga karangan M.A.Salmun,

Di Jalan Tasik-Garut karangan R. Méméd Sastrahadiprawira, jsb.  
Contona (pupuh dangdanggula):

**Di Sisi Talaga**

Matak keueung pacampur jeung sedih,  
dibarengan ku waas jeung kelar,  
sakapeung lumenyap haté,  
panineungan jarauh,  
nénjo cai nu hérang wening,  
ngumplang siga teu obah,  
bangun teu parurun,  
siga sungkan lumampah,  
kawas aya nu keur dianti-anti,  
ngadago nu rék siram.

Wuwuh keueung nénjo leuweung kai,  
nu ngaroyom ngalingkung talaga,  
mani careudeum paroék,  
matak tariis punduk,  
turug-turug aya incuing,  
jeung tuweuw ngalelewang,  
kawas nyaram ancrub,  
nyarék ulah kokojayan,  
tonggérét mah nepi ka pating jarerit,  
nyaram ka nu rék siram.

Hiur-hiur angin ngahiliwir,  
pikir keueung kaganti ku waas,  
mani nyerep kana haté,  
tiisna angin linduk,  
nebak ceuli haréwos leutik,  
kawas mawa talatah,  
ti nu keur dikantun,  
pikir nepi ka ngalenyap,  
sora curug sada sesegrug nu ceurik,  
nangis duméh ditilar.

Aya manuk dina tangkal kai,  
sigana mah jalu jeung bikangna,  
silih udag kawas ocon,  
lir silih pikalucu,  
manuk kawas senang téh teuing,  
duméh henteu papisah,



*teu pareng pajauh, nambahan kasuat-suat,  
tada teuing senangna gumbira pikir,  
mun harita duaan.*

*Paparahon kumambang di Tasik,  
muter-muter legana talaga,  
mun geus capé reureuh ngaso,  
ngiuhan di nu iuh,  
bari niis handapeun kai,  
angin anu ngipasan,  
lamun seug téh asa puas,  
ayeuna mah bati sumedotna pikir,  
tungtungna ngulayaban.*

*Rupa-rupa anu jadi pikir,  
bet ras éling yén éta talaga,  
nu sakitu waasna téh,  
lain di lembur batur,  
tungtungna téh bray panon batin,  
nyipta Tanah Pasundan,  
manahoréng kitu,  
teu kurang ku kawaasan,  
henteu kurang ku tempat panarik resmi,  
pantes Pasundan hégar.*

*Henteu kudu jauh-jauh nyungsi,  
henteu kudu ka mancanagara,  
néangan tempat nu hadé,  
di urang gé cukup,  
réa Tasik anu raresik,  
talaga nu aréndah,  
situ nu aralus,  
sumawonna palataran,  
lebak waas gunung lucu pasir sari,  
Sunda harum ku ganda.*

4. Kajadian (Pucung Kiamat Leutik kénging Tubagus Jayadilaga)  
Ieu cutatan Kiamat Leutik dina pupuh pucung, dicutat tina Lima Abad Sastra Sunda:

***Kiamat Leutik***

*Di Caringin kakuping laut ngaguruh,  
matak hébat pisan,  
kalaletir kana haté,  
tingjelegur ombak anu neunggar karang.*

Tada teuing sepuh-sepuh nu kapungkur,  
 anu geus ngalaman,  
 kalémbak ku banjir gedé,  
 putus nyawa lantaran Gunung Rakata.  
 Cariosna keur waktu Rakata bitu,  
 hujan lebu heula,  
 langit ceudeum poék mongkléng,  
 tuluy rusuh di pamayangan Sanggoma.  
 Brak-bruk sampan jeung compréng pada diadu,  
 réa anu bencar,  
 kabantingkeun ombak gedé,  
 laut pasang ngalangkungan ti biasa.  
 Hujan lebu katéma ku hunaj batu,  
 tréng-trong sora karang,  
 ninggang kana hateup kenténg,  
 réa imah nu rubuh ku kahuruan.  
 Wawangunan hawuk katutup ku lebu,  
 komo tatangkalan,  
 kekembangan kitu kénéh,  
 manuk-manuk haliber leungiteun sayang.  
 Sadayana para ménak-ménak agung,  
 ngempelkeun ponggawa,  
 miwarang ngadamel géték,  
 teu disangka rék caah antep-antepan.  
 Rakit-rakit dadakan mangpuluh-puluh,  
 teu aya gunana,  
 hésé gawé teu kapaké,  
 cai laut pasangna téh ngawuwuhan.  
 Urang lembur marubus rusuh tagiwur,  
 nu ngalér nu ngétan,  
 seuseueurna ka Pajambén,  
 moro tempat nu teu katepi ku ombak.  
 Lebah dinya eusi dayeuh sami gugup,  
 henteu puguh cabak,  
 poho di nyeri di capé,  
 tingkocéak sora anu maridangdam.  
 Nu keur gering maksakeun pating daringkluk,  
 milu ka nu réa,  
 kitu deui nu rarémpo,  
 naluturkeun nikreuh leumpang pangtukangna.

*Dinten Senén kinten jam salapan langkung,  
ombak gedé datang,  
ngaguruh ti tebéh kulon,  
jegur ninggang ka tengah-tengah nagara.*

*Waktu ombak gedé luhur kawas gunung,  
sakali ngalémbak,  
Kota Caringin téh séép,  
dayeuh kerta les ilang tanpa karana.*

*Saayeuna ngan ngaranna anu kantun,  
ari kotana mah,  
gedong-gedong jeung kakayon,  
séép pisan henteu aya anu nyésa.*

*Pribumi nu kabasmi laksa rébu,  
jeung ingon-ingonna,  
kuda, sapi, munding, embé,  
yutan ketén jadi parab lumba-lumba.*

*Pependakan sasurudna cai laut,  
jadi runtah-runtah,  
tangkal pating galolér,  
nu sumelap na handap-handapeun karang.*

*Bangké jalma réa nu nyangsang nu mubuy,  
pating golétak,  
sapalih tinggal rorongkong,  
teu katawis bangké saha-sahana mah.*

Mun ditilik tina wangunna, guguritan aya anu ditulis dina wangun:

1. Guguritan dina wangun sisindiran

Contona:

a. Pupuh kinanti

*Puyuh ngungkung dina kurung,  
titiran sareng waliwis,  
eunteup dina rangrang muncang,  
disumpitan teu katépi,  
haur héjo sapanggulan,  
pikeun kuring nyangcang munding.  
Isuk nguyung soré nguyung,  
mikiran nyai nu geulis,  
geus lami henteu patepang,*

*saban wengi sok kaimpi,  
kaimpi katojo bulan,  
panganggo teuing ku ginding.*

*Cikapundung caah kiruh,  
urut hujan peuting tadi,  
gedéna kabina-bina,  
ti beurang nepi ka peuting,  
sarahna kakara datang,  
teu beunang dipaké mandi.*

*Neda saur anu puguh,  
ulah matak nyeri ati,  
cik carios saenyana,  
diantos beurang jeung peuting,  
engkang sesah sakalintang,  
pasini hayang ngajadi.*

b. Pupuh sinom

*Koléang kalakay pandan,  
kaos handapeun pipinding,  
hayam katé sisi émpang,  
momonot sareng japati,  
parabna kembang gambir,  
nginumna gula jeung madu,  
obat disangling ruhak,  
kuciat jadi dipipir,  
pindang asem haneut anyar dijaitna.*

*Soréang sanés teu hayang,  
ngan rumaos sanés tanding,  
hayang mah ti barang tepang,  
sumedot hayang migusti,  
engkang wakca ku sindir,  
mugi nya ulah bendu,  
tobat teu pisan ngunghak,  
ngan teu kiat nahan pikir,  
ka nu santen geugeut teu aya hinggana.*

c. Pupuh asamarandana

*Pamuradan Jatipiring,  
terusna Désa Pagundan,*

*laju ka Kuningan baé,  
Ciangsana Panulisan,  
Cihideung Wanayasa,  
aya haur sisi sumur,  
kubang tengah pasawahan.*

*Juragan kumaha kuring,  
raraosan asa gundam,  
lalesu teu nangan baé,  
ari ras ku kawaasan,  
keukeuh nineung nalangsa,  
suka dicabut nya umur,  
tinimbang jeung pipisahan.*

2. Guguritan dina wangun wawangsalan

a. Dangdanggula

*Méga beureum surupna geus burit,  
ngalanglayung panas pipikiran,  
cikur jangkung jahé konéng,  
naha teu palay tepung,  
sim abdi mah ngabeunying leutik,  
ari ras cimataan,  
gedong tengah laut,  
ulah kapalang nya béla,  
paripaos gunting pameulahan gambir,  
kacipta salamina.*

*Kembang kawung teu ngareunah pikir,  
limus leutik jéngkél ku gamparan,  
damel téh mung ngabobodo,  
incu ménak téh éstu,  
dulur tatah satengah pikir,  
abong ka jalma hina,  
awi batur bitung,  
abdi dijieun lumayan,  
diri abdi manuk tegal kaput sisi,  
ukur keur kaulinan.*

b. Pupuh sinom

*Balandongan ngujur jalan,  
sok hayang los baé indit,*

*kendang gedé pakauman,  
dagdigdug rasaning ati,  
balé diréka masjid,  
nya pikir bati rumanjug,  
tegal tengah nagara,  
laun-laun sугan jadi,  
emas ancur sakieu nya karipuhan.*

*Pésó pangot ninggang lontar,  
tacan katuliskeun diri,  
jampana bugang dadakan,  
panasaran mun teu hasil,  
srangéngé biji peuting,  
rék sabulan rék sataun,  
mo weléh ngadagoan,  
sanajan kapegat pati,  
dadar tipung mun tacan kapidahi mah.*

c. Pupuh kinanti

*Jagong tuhur beunang ngunun,  
bagéa nyai nu sumping,  
kembang jambé nembé beukah,  
kumayangyang pikir abdi,  
cisuus kentel dimasak,  
ulah téga-téga teuing.*

*Di Cikajang aya gunung,  
asa paturay jasmani,  
jambu samarang di tegal,  
moal poho ka nu geulis,  
hayam campa lalayaran,  
matak teuing nyeri ati.*

3. Guguritan dina wangun sawér

Contona:

a. Pupuh Kinanti

*Kinanti kidung pangrungrum,  
hariring kawih pangjaring,  
haleuang tembang panrajah,  
pangrajah pamunah diri,  
titipan ti ibu rama,*

*papatah para pohaci.*

*Bongan geus cunduk ka waktu,  
hidep dua jaler istri,  
nunda mangsa lalagasan,  
alam papada mandiri,  
ngolah hirup rumah tangga,  
kumambang ka kersa Gusti.*

*Méméh jung ibu jumurung,  
hayang nepikeun pépéling,  
minangka tilam kamelang,  
anaking jimat awaking,  
tungkus dina jero manah,  
kaitkeun di jero ati.*

b. Sinom

*Rukun hirup babarengan,  
élmuning nu laki rabi,  
tutungkusan pra bujangga,  
ku hidep mangka kacangking,  
répéh-rapih silih asih,  
runtut raut silih asuh,  
ka darat jadi salogak,  
ka cai jadi saleuwi,  
lara bagja garaoeun hirup duaan.*

*Hirup kumbuh rumah tangga,  
ku hidep perlu diaji,  
runtut rukun jeung tatangga,  
layeut geugeut reujeung wargi,  
welas asih ka nu leutik,  
pacuan ulah adigung,  
sabab mulyana manusa,  
mungguh Pangéran ngan hiji,  
hina mulya dina martabat takwana.*

*Kadé lali ka wiwitan,  
nu jadi margi ngabukti,  
ti barang gubrag gumelar,  
ibu rama nu miasih,  
ngatik ngaping beurang peuting,  
ngamongmong jeung ngugug-ngugug,*

méménan ku kaiklasan,  
sungkeman bati gumati,  
papacuan ulah tideuha manahna.

Pamungkas rajah pamunah,  
muga hidep jaler istri,  
ginanjar marga nugraha,  
nampi sihing Maha Suci,  
raharja wibawa mukti,  
mulus nanjung panjang punjung,  
manjang panjang cumarita,  
nyebarkeun sari wawangi,  
mangka seungit lir kembang baranang siang.

(dicutat tina Lima Abad Sastra Sunda)

5. Guguritan dina tembang (di antarana lagu Mipit Béntang kénging Apung S.W. jeung Wengi Enjing Tepang Deui kénging Tatang Sastrawiria nu dijieun lagu ku Mang Koko)

Contona dina pupuh sinom:

#### **Lagu Mipit Béntang**

Asa kungsi ningal béntang,  
kucap-kiceup di wiati,  
duka ngiceupan ka saha,  
gereget ku hayang mipit,  
barang diteuteup deui,  
béntang geus kasaput awun,  
kiceup nu sajorélat,  
asa matak gandrung teuing,  
harianeun béntang teu lana ngiceupna.

Asa kungsi mipit béntang,  
nu ngiceupan di wiati,  
duka mipitna iraha,  
da asa geus lawas teuing,  
diteundeun dina ati,  
jadi pangrumruman kalbu,  
tingtrim nya rarasaan,  
tapi harianeun teuing,  
mipit béntang ngan ukur dina impian.



## Pangajaran 4: Sisindiran

Sisindiran téh geus aya ti abad ka-16 kénéh. dina naskah kuno Siksa Kandang Karesian geus kasabit-sabit, tapi dimimitian ku kecap kawih. Jadi disebutna kawih sisindiran. Bisa jadi ieu téh ngaran lagu, lain ngaran wangun sastra. Tapi bisa jadi ogé harita geus aya wangun sastra anu disebut sisindiran.

Sisindiran dina sastra Sunda sarua jeung pantun dina sastra Malayu. Sarua jeung pantun, aya dua bagian dina sisindiran téh, nyaéta bagian cangkang jeung eusi. Umumna mah diwangun ku opat jajar, dua jajar cangkang jeung dua jajar eusi, tapi aya ogé anu leuwih ti opat. Ngan anu jelas jumlah jajaranana jangkep.

Sisindiran gé sok disebut susualan, bangbalikan, paparikan, rarakitan. Disebut susualan meureun pédah aya cangkang téa anu kudu dijawab, sarta jawabanana aya dina eusi. Sedeng sesebutan bangbalikan leuwih nudukeun eusi, naon anu nyumput satukangeun (dibalik) cangkang téa. Ari paparikan mah asalna tina kecap parikan, ti basa Jawa. Asal kecapna parik, anu saharti jeung parek atawa deukeut. Kecap parek mah aya dina basa Sunda ogé sarta hartina sarua. Ngan ari sesebutan parikan Jawa mah teu bisa ditarjamahkeun jadi parekan dina basa Sunda, lantaran dina basa Jawa boga harti anu béda, nyaéta jalma anu deukeut jeung raja nu satuluyna robah hartina jadi selir. Tah mun rarakitan hartina papasangan. Dina rarakitan aya kecap anu papasangan, dina cangkang jeung dina eusi. Disebut papasangan téh lantaran aya kecap dina cangkang anu disebutna dibalikan deui dina eusi bari jeung sarua persis.

Istilah sisindiran nu remen dipaké mah, pangpangna dina pangajaran di sakola, asalna tina kecap sindir nyaéta kecap atawa ucapan anu dibalibirkeun, henteu dihartikeun sacéréwéléna. Antara cangkang jeung eusi aya patalina harti anu nyumput dina cangkang sarta “dikemas” dina padeukeutna sora.

Sawatara kitu, paraahli sastra Sunda ngasupkeun wangun séjén kana kelompok sisindiran anu disebut wawangsalan. Istilah wawangsalan tina basa Jawa nyaéta wangsalan. Wawangsalan mah ngan dua jajar, jajaran kahiji cangkang jeung jajaran kadua eusina, anu disumputkeun dina kecap anu sorana padeukeut jeung eusi nu sabenerna.

Istilah séjénna anu patali jeung sisindiran nyaéta sesebréd anu eusina heureuy atawa banyol. Jadi istilah ieu mah patalina jeung eusi, lian ti aya anu eusina silih asih jeung piwuruk/naséhat.

Lamun dina kakwihan loba kekecapan buhun anu carang dipaké dina kahirupan sapopoé, tah dina sisindiran mah henteu kitu. Kekecapanana loba anu dipikawanoh sarta biasa dipaké dina paguneman sapopoé. Hal ieu nuduhkeun

umur sisindiran leuwih ngora batak kakawihan. Tapi ari umur traidisi nyieunna mah bisa jadi leuwih kolot.

Bari jeung nyutat salasihiji pantun tina Sejarah Melayu, Djajadiningrat nétélakeun taun 1612, nyaéta taun dijieunna éta buku, sarta negeskeun pamadeganana yén dina waktu harita pantun geus aya. Tapi A Teeuw, dina panganteur Sejarah Melayu anu medal taun 1952, nétélakeun yén éta buku ditulis sabada taun 1511. Dina awal abad ka genep belas ieu di Pasundan geus aya naskah-naskah sastra, tapi can kapanggih anu wangun sisindiran (pantun) mah. ceuk pangira-ngira, wangun sisindiranana mah geus aya, ngan can ditulis lantaran tradisi sisindiran masih kagolongkeun sastra lisan.

Ngan nu jelas, tina sisindiran anu kapanggih, bisa kagambarkeun kaayaan masarakat waktu lahirna éta sisindiran. Upamana aya sisindiran:

*Trak-trék-trok jalan ka kontrak,  
gulutruk tumpak kérétek,  
mun embung lara balangsak,  
urang sing loba kadaék.*

*Isukan jalan Soréang,  
karéta api tiguling,  
isukan urang taréang,  
urang api-api ulin.*

*Aya listrik di masigit,  
caangna ka pabrik kina,  
aya istri jangkung alit,  
aya karang na pipina.*

Dina cangkang sisindiran pada kahiji, aya kecap kontrak, nyaéta istilah anu dipaké pikeun nuduhkeun “perkebunan”. Sesebutan kontrak téh nyaéta tanah anu dipaké perkebunan, éta sesebutan téh dipaké dina abad ka-19. Kecap éta bisa nuduhkeun waktu dijieunna éta sisindiran. Kitu deui tutumpakan kérétek, anu biasa dipaké dina jaman harita. Lian ti éta, aya deui kecap karéta api jeung pabrik kina anu nuduhkeun nu nulis sisindiran geus wawuh kan dua barang kasebut. Jalur karéta api jeung pabrik kina di Bandung ayana dina ahir abad ka-19 jeung awal abad ka-20.

Aya deui sisindiran anu nuduhkeun latar budaya waktu dijieunna éta sisindiran:

*Itu saha nungtun munding,  
digantélan saputangan,  
itu saha ginding-ginding,  
geuningan boga sorangan.*

Jalma anu nungtun munding jaman baheula, kaasup jalma boga. Sarua jeung tumpak mobil méwah dina jaman ayeuna. Jadi bisa dicindekkeun ieu sisindiran

dijieun dina jaman munding masih jadi lambang status hiji jalma.

Lian ti éta, aya deui sisindiran anu nuduhkeun waktu dijieunna, nyaéta:

*Melak jarak jeung kaliki,  
diatur di sisi jalan,  
keur harak sagala beuki,  
paré batur dikunjalan.*

Jéntré pisan ieu sisindiran dijieun dina jaman Jepang, jaman masarakat urang dipaksa melak jarak jeung kaliki. Jaman harita gé paré hasil tatanén patani téh diakutan kabéh, nepi ka rayat katalangsara kurang dahareun. Kecap *keur harak sagala beuki*, ngagambarkeun watek penjajah Jepang harita.

Mun niténan kana sisindiran anu dicutat di luhur, bisa dicindekkeun, sisindiran téh lain ngan sakadar omong kosong, tapi ngandung makna anu tangtu. Dina nulisna, lain ngan saukur nyaimbangkeun cangkang jeung eusi tina jihad padeukeutna sora wungkul, tapi ogé tina jihad kasaimbangan suasana anu digambarkeun dina cangkang jeung eusi.

Wangun sisindiran kacida dipikaresepna ku masarakat Pasundan. Lain ngan wungkul hirup di sakabéh wewengkon nu aya di tatar Pasundan, kaasup di Baduy, tapi ogé dipaké dina rupaning jenis kasenian. Upamana dina wayang golék, réog, calung, kliningan, tembang, jsb. anu ditepikeun dina rupa-rupa lagu. Malah ku Caraka Sundanologi mah dipidangkeunna henteu bari dikawihkeun. Pikeun ppangeuyeub-euyeub matéri, dipidangkeun sababaraha conto sisindiran:

### 1. Sisindiran Baduy Jero

*Hook teuing kebon kangkung,  
baréto ngalémbok héjo,  
kiwari ngaléang baé,  
hook teuing ka nu jangkung,  
baréto harémpoy émok,  
kiwari ngolémbar baé.*

*Tikukur turun ku ribut,  
pegat talina ti leumpang,  
catang ceuri nutug leuwi,  
sapupur satiyung simbut,  
megat-megat kami leumpang,  
ceurik nuturkeun pandeuri.*

*Panjang tanjakan ka Sajra,  
bungbulang parumpung peusing,  
kembang séréh hanjeroan,*

*nu nganjang kahaja-haja,  
mun dék pulang meungpeung peuting,  
bisi térah kanyahoan.*

*Na karinding kaung hideung,  
kalapah kaung saéran,  
pucuk pulus dilulunan,  
kasungka tali manjangan,  
kasungka pamali jagat,  
awi wuwung pirakiteun,  
ngirim tineung ka nu hideung,  
talatah ka nu saurang,  
sugan tulus lalamunan,  
teu suka teu dianjangan,  
lamun suka dijajaga,  
lamun burung pisakiteun.*

## **2. Sisindiran baduy Luar**

*Bulinggis Gunung Palénjo,  
Gunung Karang panindihan,  
nu geulis teu bisa ngéjo,  
kéjo wadang digigihan.*

*Ingkut-ingkut tujuh li,  
carang-carang lima belas,  
isuk-isuk nungkup tuur,  
mikiran nya mahal béas.*

*Susukan jalan cileuncang,  
dipéngkong dikakolongkeun,  
isukan urang rék leumpang,  
pacuan ulah ngomongkeun.*

## **3. Sisindiran Bratakoesoema**

*Mihapé sisir jeung minyak,  
kadé kaancloman leungeun,  
mihapé pikir jeung niat,  
kadé kaangsonan deungeun.*

*Koléang kalakay pandan,  
amismata di susukan,  
soréang lain teu hayang,  
cimata geura susutan.*

*Cukleuk leuweung cukleuk lamping,  
jauh ka sintung kalapa,  
lieuk deungeun lieuk lain,  
jauh ka indung ka bapa.  
Peupeujeuh ari ka dayeuh,  
meuli kupat jeung goréngan,  
peupeujeuh ari geus euweuh,  
ulah gupat kagoréngan.*

#### **4. Sisindiran Gondang**

*Jeruk paséh pipir balé,  
ulam peueut iwung bitung,  
nu kasép calik di balé,  
baeu disaur ka lisung.  
Ngala supa di Jumaah,  
ditalian ku sampora,  
neda suka neda maaf,  
kuring arék amit nyora.  
Juragan nu ngajul jeruk,  
kuring anu ngadéngdéngan,  
juragan ulah rék giruk,  
kuring anu ngagandéngan.  
Merak rambay di Pakuan,  
tutunggangan widadari,  
munding tilu hirup deui,  
midangdam henteu karuhan,  
rék ceurik ka teu-teu ari,  
seubeuh hirup nimu deui.  
Ngala supa di Jumaah,  
diwadahan na téténong,  
neda suka neda maaf,  
urut kuring loba omong.*

#### **5. Sisindiran Kiai Kurdi**

*Aya beurit dina gigih,  
kaséréd tuluy kokoréh,  
ku arit moal kapanggih,  
ku koréd moal kakoréh.*

*Kitri dipaké cipati,  
palita dianggo cuka,  
ku santri moal kapanggih,  
ku pandita moal kabuka.  
Nya lunglum diapké bantun,  
dipaké ku jalma pikun,  
mun rék katujum ku pantun,  
nu turun ti kun payakun.*

## **6. Sisindiran H. Hasan Mustapa**

*Jaksi belang jaksi hideung,  
pandan laut kukuncungan,  
Bisi melang bisi nineung,  
imut heula urang di panungtungan.  
Pileuleuyan urang cangkang béas,  
huut sajeroning kéjo,  
pileuleuyan urang bisi waas,  
imut heula urang sajeroning nénjo.  
Cau gunung kolé dayeuh,  
cadas ngampar meureun goléndangan,  
jauh ka gunung mending ka dayeuh,  
loba ketan dikacangan.  
Euleung euy, euleung,  
dikurkur di unggal lembur,  
disayangan kari cangkang,  
eureun euy, eureun,  
ditutur kalah malabur,  
ditéang kalah kalangkang.  
Euleung euy, euleung,  
salah baca salah maca,  
tibalik nyirianana,  
eureun euy, eureun,  
salah ngaca salah kaca,  
tibalik sarianana.*

## **7. Sisindiran Jaman Jepang**

*Cau ambon cau raja,  
cau lampung cau batu,  
boga raja urang nippon,  
urang kampung henteu nyatu.*

*Melak jarak jeung kaliki,  
 diatur di sisi jalan,  
 keur harak sagala beuki,  
 paré batur dikunjalan.*  
*Ngala acung ngala ileus,  
 diiring ku tatabeuhan,  
 gering nangtung badan leuleus,  
 katambah ku babareuhan.*  
*Sukaréla modél Jepang,  
 diiring serdadu Syantung,  
 mun béla ulah kapalang,  
 abdi eukeur nuju bingung.*  
*Gulali kuéh kelepon,  
 jawadah awur-awuran,  
 Ustrali éléh ku Nippon,  
 henteu weléh tatambalan.*  
*Hirup kumbuh gotong royong,  
 bekerja bersama-sama,  
 hirup ripuh beuteung kosong,  
 bujalna ka mana-mana.*

## 8. Sisindiran dina Tembang Sunda

### *Papatét*

*Ka mana jalan Téspong  
 ka Bandung da puguh jauh,  
 ka cai aim da tiris,  
 tiris sieun kahujanan,  
 ka mana abdi nya nepong,  
 ka indung da puguh jauh,  
 ka gusti abdi aringgis,  
 inggis sieun kaédanan.*  
*Ka mana abdi nya mandi,  
 mun walungan dipindahakeun,  
 ka gunung abdi teu wantun,  
 barala sieun berhala,  
 ka saha abdi nya ngabdi,  
 mun dunungan rék ninggalkeun,  
 ka indung puguh geus ngantun,  
 baraya taya nu béla.*  
*Nimang*

*Néléngnéngkung, néléngnéngkung,  
 geura gedé geura jangkung,  
 geura nyiar élmu luhung,  
 geura makayakeun indung.  
 Lunta ka tungtung Cipandak,  
 dugi kana babantarna,  
 cintana indung ka anak,  
 sesah milari pantarna.  
 Ngalanglang tungtung Cipandak,  
 lepas ningal sagarana,  
 melangna indung ka anak,  
 langkung ti ka salirana.  
 Geus subuh di Mégamendung,  
 isuk ka tungtung Cimanggu,  
 geus puguh waktu ngakandung,  
 diuk nangtung téh kaganggu.*

## 9. Sisindiran dina Kawih

### **Soloyong**

*Soloyong kapal udara,  
 ti Andir kakalayaan,  
 nu bohong pasti katara,  
 di ahir kawiwirangan.  
 Soloyong kapal udara,  
 ngapungna dikolécéran,  
 sok abong ka nu tunggara,  
 midamel baé lantaran.  
 Soloyong parahu layar,  
 labuh jangkar di basisir,  
 silih rojong jeung ihtiar,  
 urang téh wajib sapikir.  
 Soloyong parahu tilu,  
 majuna ka palabuan,  
 laku sombong cal-culu,  
 ku sasama dijauhan.  
 Soloyong parahu bargas,  
 nyiriwik majuna gancang,  
 mun patémbong sok kagagas,  
 da sidik teu datang-datang.*



## Pangajaran 5: Biantara

Biantara téh kaparigelan nyarita dina basa lisan, hareupeun balaréa (public speaking). Biasana pikeun kapentingan ngajéntrékeun hiji pasualan atawa mangaruhan balaréa ku gagasan-gagasan anu nyarita. Kamampuh nyarita hiji jalma gedé pisan pangaruhna. Nu matak ayeuna mah loba kursus-kursus husus diajar biantara (nyarita hareupeun balaréa).

Jalma anu ahli nyarita disebutna téh “orator”. Di Indonésia mah nu sohor disebut orator téh Présidén Soekarno alias Bung Karno présidén munggaran. Tapi ayeuna mah politikus au pinter biantara téh kacida balatakna, geuning dina unggal kampanye, ti mimiti milih présidén, anggota législatif, gubernur, bupati, nepi ka kapala désa, juru kampanye tiangarawong ngajual program calon anu didukungna. Geus puguheun atuh calon anu rék majuna mah, kudu pinter nyarita sangkan anu marilih kataji, nepi ka daék milih manéhna.

Dina unggal acara, boh nu sipatna resmi boh anu teu resmi, pasti kudu aya anu biantara heula. Biasana muka acara atawa sakadar pamapag ti pribumi ngabagéakeun ka anu datang. Geus puguheun dina acara resmi anu diayakeun ku dinas/instansi/lembaga pamaréntahan dalah dina acara muludan, rajaban, rapat RW/karang taruna/kalurahan, nepi ka nu hajat nyunatan atawa ngawinkeun.

Susunan (struktur) naskah biantara, umumna sarua waé. Bisa dititénan dina buku cecekelan murid. Tapi pikeun pangeuyeub-euyeub rupa-rupa naskah biantara anu biasa dipaké dina kahirupan sapopoé, aya buku *Biantara Basa Sunda* karangan Tatang Sumarsono. Ieu bisa dijieun cecekelan ku guru anu rék ngajarkeun biantara. Kitu deui rupa-rupa conto biantara dina seserahan (nyérénkeun) pangantén, lengkep dina buku *Modana* karangan R.H. Uton Muchtar jeung Ki Umbara.

## Pangajaran 6: Bahasan Budaya Sunda

Sakabéh tulisan anu dimuat dina média massa, disebutna artikel. Aya anu dina wangun warta, feature, bahasan, éséy, atawa kolom. Nepi ka kiwari, can aya téori anu bener-bener bisa misahkeun wangun tulisan antara bahasan, éséy, atawa kolom. Bisa jadi tulisanana mah éta-éta kénéh, ngan béda méré ngaran wungkul. Upamana istilah kolom, mimiti populérna sabada dipaké ku Majalah Témpo. Majalah Manglé ogé milu maké éta istilah pikeun méré ngaran kana artikel-artikel wangun éséy anu ditulisna leuwih pondok batan anu disebut bahasan ku éta majalah.

Bisa jadi, anu rada ngabédakeunana téh dina cara nulisna. Lamun bahasan, leuwih réa ditulis dina wangun narasi, déskripsi, jeung eksposisi. Sedeng éséy mah biasana eusina leuwih arguméntatif atawa disebut ogé wangun arguméntasi. Dina harti, loba nyodorkeun pamanggih anu nulis kana hiji perkara.

Nu disebut narasi téh nyaritakeun. Gaya nulisna wungkul nyaritakeun hiji perkara anu sipatna informatif. Kamampuh nulis pangarang bakal kaciri pisan dina wangun narasi mah. leuwih tapis ngolah basa, bakal leuwih matak ngirut nu maca eusi tulisanana.

Sedeng déskripsi mah natahan. Nyebutan sarupaning hal ditéték nepi ka bubuk leutikna, nepi ka nu maca meunang gambaran anu lengkep ngeunaan naon-naon anu ditepikeun ku anu nulis. Mun natahan hiji patempatan téa mah, nepi ka tembres kagambar dina pikiran anu maca kumaha kaayaan di éta tempat.

Dina tulisan éksposisi, biasana nu nulis téh nepikeun hiji perkara pikeun nambahan pangaweruh anu macana. Upamana kumaha carana nyieun endog asin. Hal-hal anu patali jeung endog asin, ti mimiti nyieunna nepi ka kumaha masarkeunana, dipedar gemet pisan. Nepi ka anu maca téh meunang pangaweruh anyar anu bisa dipraktékkeun ku sorangan. Bisa ogé ngeunaan hasiat tutuwuhan pikeun ubar, cara ngolah barang-barang urut sangkan aya mangpaatna, jsb.

Nu kaopat, wangun tulisan arguméntasi. Tah biasana dina média massa mah sok disebut éséy atawa kolom téa. Tulisanana leuwih kritis, biasana medar ngeunaan pasualan-pasualan aktual anu patali jeung kapentingan umum. Gagasan jeung pamadegan anu nulis leuwih kentel karasana, sarta méré pangaruh kana cara mikir anu maca. Inteléktual anu nulis bakal kagambar dina eusi tulisanana.

Sanajan wangun tulisan dipasing-pasing, tapi dina émprona mah sok gumulung baé. Komo ari narasi mah, da biasana dina unggal tulisan ogé pasti

aya. Ngan meureun loba saeutikna, anu bisa dipaké ciri téh. Mana anu leuwih dominan dina tulisan, éta bisa dipaké nyirian wangun tulisanana.

Di dieu moal dipidangkeun conto-conto tulisanana, lantaran ku niténan ciri-cirina ogé jigana guru bisa ngabédakeun artikel nu hiji jeung ju séjénna.

## Pangajaran 7: Surat

Nu sidik mah surat téh sarana komunikasi dina wangun tinulis. Najan dina keretas sacewir, jiga mémo, angger disebutna surat. Komo apanan mémo mah geus biasa dipaké pikeun komunikasi resmi di lingkungan dinas/instansi/ lembaga. Ngan meureun ayeuna mah médiana teu ngan keretas wungkul, lantaran geus aya sarana nulis surat dina wangun digital anu disebut surat éléktronik téa. Anapon jenis-jenis jeung conto-contona, dina buku cecekelan siswa tos dipedar kalawan gemet.

## Pangajaran 8: Carita Pondok

### A. Kamekaran Carita Pondok

Luyu jeung ngaranna, carita pondok téh mémang carita anu pondok. Istilah carita pondok beunang narjamahkeun sacéréwéléna tina basa Inggris, short story. Jadi bisa dicindekkeun, gelarna dina sastra Sunda mah éstuning sastra sampeuran, sabada aya pangaruh Eropa dina kasusastraan Sunda.

Disebut pondok téh lantaran mun dibaca bisa tamat saharita. Mun diukur ku waktu macana, kurang leuwih saparapat jam. Sok aya ogé anu ngukur ku jumlah kecap anu dipaké, biasana antara 5.000 nepi ka 10.000 kecap. Komo sanggeus aya komputer mah, ngukur jumlah kecap téh babari pisan, da sidik aya tampil itunganana dina layar. Lamun diketik mah antara 5 – 8 lambar kertas ukuran polio sarta anggangna dua spasi. Biasana rédaktur majalah atawa koran anu ngamuat carita pondok, sok maké ukuran jumlah kecap atawa lambaran kertas pikeun ngukur karangan anu bisa dikirim ka rédaksina.

Tina wangunna ogé geus kaciri mun carita pondok téh ditulis dina wangun lancar (prosa). Tangtu baé kaasup kana karangan fiksi nyaéta hasil rékacipta pangarangna. Najan ngagambarkeun kahirapan sapopoé, tapi da lolobana

lain lalakon anu enya-nya kajadian. Éta ogé sok loba anu nyokot bahan tina kajadian anu kaalaman ku pangarang atawa ku batur, ngan biasana tara ditulis sacéréwéléna, tapi diréka deui sangkan leuwih anteb jeung leuwih ramé. Najan kaasup carita rékaan, tapi angger baé dina carita pondok mah kudu napak dina réalita atawa kudu kaharti ku akal.

Lian ti éta, aya hiji ciri husus anu ngabédakeun carita pondok jeung karya sastra séjénna, nyaéta sifatna anu naratif. Jadi dina carita pondok mah loba nyaritakeun lain arguméntasi, analisa, atawa déskripsi. Najan sok aya ogé sabagian leutik, tapi gegedéna mah nyaritakeun.

Mun niténan wangunna anu pondok mah carita pontok téh méh sarua jeung dongéng. Sarua pondokna sarta bisa dibaca sakali tamat. Kitu deui dina strukturna, aya téma, palaku, setting, jalan carita (galur), jeung amanat. Ngan mun niténan eusina, tangtu baé béda pisan.

Geura titénan bédana:

No.	Carita Pondok	Dongéng
1.	hasil sastra béh dieu	hasil sastra heubeul
2.	caritana réalistik (kaharti ku akal)	Loba nu pamohalan (teu asup akal)
3.	sumebarna sacara tinulis (diumumkeun dina média massa)	sumebarna sacara tatalépa (lisan) ti omongan ka omongan.
4.	sok ditulis pangarangna	tara ditulis pangarangna

Dina taun 1929, di urang medal majalah Parahiangan anu dikaluarkeun ku Balé Pustaka sarta sok ngamuat carita pondok. Jadi bisa disebutkeun gelarna carita pondok dina sastra Sunda ogé sabada gelar majalah Parahiangan. Kakara dina taun 1930 medal buku kumpulan carita pondok munggaran anu dijudulan Dogdog Pangréwong karangan G.S. Jadi, leuwih ti heula genep taun mun dibandingkeun jeung buku kumpulan carita pondok munggaran dina sastra Indonésia nyaéta Teman Duduk karangan Muh. Kasim anu medal taun 1936.

Ceuyahna carita pondok téh sanggeus urang merdéka. Ti mimiti taun 1951 di urang medal majalah saperti warga (1951), Sunda (1952), Candra (1954), Kujang (1956), Manglé (1957), Kiwari (1957), Sari (1962), Langensari (1963), Mingguan Sunda (1966), Hanjuang (1971), Gondéwa (1972), Giwangkara (1973), Galura (1974). Di antara majalah di luhur, anu mayeng medal nepi ka ayeuna téh ngan Majalah Manglé, Koran Giwangkara, jeung Koran Galura. Kabéhdieunakeun aya deui média Sunda anu medal nyaéta Majalah Cupumanik, Majalah Sundanidang, jeung Koran Tribun Djabar. Sok sanajan Tribun Djabar téh koran nasional, tapi remen ngamuat carita pondok. Bisa jadi lantaran pimpinan rédaksina salasaurang pangarang carita pondok anu moyan; Cecep Burdansyah.

Lian ti anu dimuat dina koran jeung majalah, loba ogé carita pondok anu geus dibukukeun. Pangarang carita pondok anu karyana geus dibukukeun, di antarana:

1. R.A.F. (Rahmatullah Ading Affandi): Carita Biasa, Dongéng Enténg ti Pasantrén
2. Rusman Suriasumarga : Papacangan
3. Ayatrohaédi: Hujan Munggaran
4. Caraka (sandiasma Wiranta): Néangan
5. Tini Kartini : Jurig, Nyi Karsih, Paséa
6. Yus Rusyana: Di Luhureun Jukut Reumis, Jajatén Ninggang Papastén
7. Ki Umbara: Diwadakeun ka Siluman
8. I. Asikin: Nu Tepung di Imah Dukun
9. Godi Suwarna: Murang-maring, Serat Sarwasatwa
10. Taufik faturohman: Kun Fayakun
11. Abdullah Mustapa: Nu Teu Kungsi Kalisankeun
12. Eddy D. Iskandar: Tali Asih anu Nganteng, Lembur Singkur Panineungan
13. Iskadarwassid: Halimun Peuting
14. Karna Yudibrata: Kanyaah Kolot
15. Usép Romli: Jiad Ajengan, Ceurik Santri, Sapeuting di Cipawening
16. Maman MS. : Tamba Hanaang
17. Ahmad Bakri: Ki Marebot, Dina Kalangkang Panjara, Dukun Lepus
18. Aam Amalia: Panggung Wayang
19. Ningrum Djulaéha: Arca
20. Kis WS : Mirah Dalima
21. Duduh Durahman: Ajalna Sang Béntang Pilem
22. Saini KM. : Duriat
23. Yous Hamdan: Geus Surup Bulan Purnama
24. Cécép Burdansyah: Anak Jadah
25. Hadi AKS. : Oknum
26. Darpan : Nu Harayang Dihargaan, Rusiah ka Opat Belas
27. Risnawati: Haté Awéwé

Salian ti buku kumpulan carita pondok ti hiji pangarang, aya ogé buku kumpulan carita pondok ti sababaraha urang pangarang anu dihijikeun dina hiji buku. Disebutna téh antologi. Anu geus medah di antarana baé:

1. Kandjut Kundang (dihijikeun jeung puisi katut novel), beunang ngumpulkeun Ajip Rosidi jeung Rusman Sutiasumarga.
2. Sawidak Carita Pondok, beunang ngumpulkeun Duduh Durahman, Abdullah Mustapa, jeung Karno kartadibrata.
3. Guriang Tujuh, kumpulan karya parapangarang wanoja “Patrem”

4. Petingan, beunang ngumpulkeun Duduh Durahman
5. Salumar Sastra, (dihijikeun jeung puisi katut éséy), magrupa kumpulan pinunjul Hadiah sastra LBSS (Lembaga Basa jeung Sastra Sunda)
6. Kanagan 1, dikumpulkeun ku Duduh Durahman jeung Tatang Sumarsono (kumpulan carpon pinilih Manglé)
7. Kanagan 2, dikumpulkeun ku Duduh Durahman jeung Tatang Sumarsono (kumpulan carpon pinilih Manglé)
8. Kembang Kadengda, kumpulan 15 carpon ti 15 urang pangarang dikumpulkeun ku Hawé Setiawan jeung Etti R.S.
9. Heulang Nu Ngajak Béngbat, (dihijikeun jeung sajak katut drama), dikumpulkeun ku PPSS (Paguyuban Panglawungan Sastra Sunda)
10. Ti Pulpén ka Pajaratan Cinta, dikumpulkeun ku PPSS
11. Lir Cahya Nyorot Eunteung, kumpulan karya pangarang lulusan Universitas Pendidikan Indonésia (UPI) Bandung.
12. Campaka Mangkak, Antologi Karangan nu Ngarora, dikumpulkeun ku PPSS.
13. Berlian, karya 11 pangarang wanoja Sunda, dikumpulkeun ku Etti R.S.

Lian ti éta masih loba kénéh pangarang carita pondok anu karyana can dibukukeun upamana Syarif Amin, M.A. Salmun, M.O. Kusman, Wahyu Wibisana, Prijatna Affyatin, S.A. Hikmat, Dudu Prawiraatmaja, Ami Raksanagara, Min Resmana, Muh. Rustandi Kartakusuma, Achmad Roestandi, jsb. Sedengkeun pangarang anyar anu karyana can dibukukeun loba pisan, di antarana waé Dédén Abdul Aziz, Dian Héndrayana, Téddy A.N. Muhtadin, Dadan Sutisna, Dhipa Galuh Purba, Chye Retti Isnéndéz, Ai Koraliati, Usman Supéndi, Euis Balébat, Rosyid E. Abby, Rinrin Candraesmi, Ruhaliah, Tétti Hodijah, Déni Hadiansyah, Eriyandi Budiman, Hérmawan Aksan, Lugiena Dé, Nazaruddin Azhar, Sarabunis Mubarak, Wasta Ai, Imas Rohilah, jsb.

## **B. Papasingan Carita pondok**

Lamun ditilik tina eusi jeung gaya basana, carita pondok anu gelar dina sastra Sunda téh bisa dipasing-pasing jadi opat golongan, nyaéta

### **1. Carita Pondok Biasa**

Disebut biasa sotéh pédah éta carita ditulisna nurutkeun aturan-aturan anu ilahar. Eusina ngagambarkeun kahirupan manusa sapopoé anu bener-bener manusa, mangrupa kaayaan anu mindeng kajadian jeung kapanggih dina kahirupan sapopoé. Luyu jeung tradisi prosa Sunda modéren anu miang tina alam kamanusaan. Kitu deui palaku anu ngalalakonna mangrupa tokoh-tokoh anu biasa nyekel peran dina kahirupan sapopoé, ti mimiti golongan patani,

padagang, guru, mahasiswa, barudak sakola, nepi ka pajabat.

Umumna cariita pondok anu medal dina sastra Sunda kagolongkeun kana carita pondok biasa.

## 2. Carita Pondok Liris

Anu ngabédakeun carita pondok liris jeung carita pondok biasa, pangpangna dina gaya basana. Dina carita pondok liris mah basa anu digunakeun ku pangarang téh éstuning beunang milihan, leubeut ku mamanis jeung purwakanti, nepi ka mun dibaca téh karasa kaéndahan basana. Dina ngagambarkeun suasana téh éstu témbrés kana rasa, nepi ka nu maca téh sakapeung mah milu palid kabawa ku suasana. Romantis mun ceuk basa barudak ngora mah. Béda jeung carita pondok biasa, anu nulis carita pondok liris mah kawilang langka. Di antarana waé anu sok nulis carita pondok liris téh Yus Rusyana, Yous Hamdan, Min Resmana, sarta pangarang kaayeunakeun di antarana Dian Héndrayana, dadan Sutisna, jsb.

Sangkan kagambar kumaha gaya basa anu digunakeun dina carita pondok liris, di handap aya cutatan carita pondok beunang Dadan Sutisna anu dimuat dina buku kumpulan carpon Campaka Mangkak. Geura titénan cutatanana:

### **Bulan Wanci Sareupna**

*Bulan beuki pias di awang-awang. Ukur dibaturan ku tilu béntang anu tingkariceup. Geus teu kadéngé deui gebyurna lambak. Geus teu kaciri deui runggunukna pilemburan jeung ngamparna pasawahan. Bieu, pabuburit, kapal geus miang ninggalkeun palabuan. Ninggalkeun salaksa katineung di ditu, di bali geusan ngajadi.*

*Nya danget ieu pisan, lembur téh kari waasna. Sampalan pangangonan, pasir eurih pamikatan, jalan satapak ka mumunggang, boa moal kasampeur deui. Enya, biheung bisa balik ka lemah karuhun, tur geus dikayidkeun pamohalan balik deui.*

*Asa cikénéh, tur asa detik bieu pisan, kuring nénjo marakbakna kembang samoja di pipireun imah. Tangkal samoja gigireun kuburan bapa, anu ku ema mah dipiara pisan. Mamah saméméh ema ninggalkeun, nyusul bapa ka kalanggengan, ukur hiji anu diamanatkeun téh: pangmiarakeun tangkal samoja. Ayeuna, amanat ema téh kamomorékeun, lantaran kuring kaburu indit. Teuing saha nu bakal neruskeun miara éta tangkal samoja.*

.....

## 3. Carita Pondok Humoris

Tina ngaranna ogé geus kabadé, carita pondok anu humoris mah tangtu anu ngandung unsur pikaseurieun. Dina sastra Sunda, anu tapis ngarang carita pondok

humoris téh Ahmad Bakri. Ctulisan–tulisanna seger sarta pagunemanna kacida hirupna, nepi ka mun ngagambarkeun tokoh carita téh siga nu enya baé hirup dina pakumbuhan sapopoé. Lian ti Ahmad Bakri , R.A.F. ogé ngumpulkeun carita humorisna dina buku kumpulan carita pondok Dongéng Enténg ti Pasantrén. Atuh béh dituna, aya G.S. jeung Mohamad Amri.

Sangkan boga gambaran anu kumaha carita pondok humoris téh, di handap aya cutatan carita pondok karangan R.A.F. tina Dongéng Enteng ti Pasantrén.

## Niat

.....

*Sakali mangsa mah rék der gelut jeung Si Sakim. Si Sakim keur leleyepan pisan rék saré. Tas capé, tadarus kabagéan méh satengah surat. Ari gorowok téh Si Umar ngucapkeun niat saré, “...turu-turu aja lali, badan turu ati tanghi...” Da mani ngoréjat deui Si sakim téh. Marukan aya nanaon. Meujeuhna nepi ka rék der gelut ogé. Da cacakan mun teu dipisah ku Si Usup, taksiran kana galungan. Si sakim keukeuh nuding, yén Si Umar ngaheureuyan, ari Si Umar keukeuh teu rumasa heureuy, tapi keur ngucapkeun niat. Sedeng ari ngucapkeun niat téh éta sunnat. “Mun antum teu percaya yén éta sunnat, antum kafirun...” kitu cek Si Umar, ka santri-santri nu marisah. Teu barisa kumaha saréréa ogé ari dijawab kitu mah.*

*Mang Udin taksiran geus saré, nyaring ngadéngé ribut kitu. Na ari kuniang téh hudang, bari ngagorowok, “...Niat kaula nyabok Si Umar jeung Si Sakim, bongan ngaganggu ana keur saré...” gampleng-gampleng Si sakim jeung Si Umar dicabok sakali séwang. Goloyoh deui ka pangsaréanana. Teu jiga-jiga tas nampiling.*

*Jep sakeudeung mah répéh. Tapi gorowok deui Si Umar ngagorowok, “...Miat kaula males nyabok ka mang Udin, mangké mun kaula geus gedé,” cenah. Ger atuh kobong téh ramé deui ku nu gogonjakan. Mang udin nyéréngéh baé bari disimbut.*

*Keur ramé-ramé heureuy, na ari gorowok téh Si Acéng gigureun kuring, “...Niat kaula poé isuk néké sirah Ajengan nu lénang...” Atuh ger sareuri. Tapi.....”Ehm.... ehm....” di pipir sora nu ngadéhé. Tététla, déhé. Ajengan. Pus-pes cempor dipareuman. Tinggarojod disarimbut sarung. Saréréa sieun, boa geus ti tatadi Ajengan aya di pipir. Boa omongan Si Acéng kadangueun pisan. Karérét ku kuring, Si Acéng empés-empésan bangun pohara reuwasna.*

.....

## 4. Carita Pondok Absurd

Sabalikna tina carita pondok biasa, carita pondok absurd mah jalan caritana téh henteu napak dina réalitas. Sok karasa pamohalan, tapi teu jiga dongéng anu



ukur ngala raména. Dina carita pondok absurd mah struktur carita henteu pati dipaliré, kalan-kalan henteu puguh galurna. Témana beunghar ku silib jeung siloka anu kudu dimaknaan deui. Kalan-kalan tara langsung kaharti ku maca sakali, tapi kudu bulak-balik dibaca kakara kaharti maksudna. Ki kitu, maca carpon absurd mah kudu daria, kalan-kalan sok bari kerung.

Anu sok nulis carita ondok absurd dina sastra Sunda mah teu pati loba. Di antarana waé Godi Suwarna, Yoseph Iskandar, Aan Merdéka Permana, Béni Setia, Eddy D. Iskandar, Dédén Abdul Aziz, Ihung, Dhipa Galuh Purba, jsb.

Pikeun gambaran nu kumaha carita pondok absurd, ieu aya sempalang carita pondok “Angling Asih” beunangna Dhipa Galuh Purba:

.....  
“Héy, Cép Darma, geuning di dieu kénéh? itu geus ngadaragoan di imah! Hayoh geura mulang!” teuing ti lebah mana jolna, Hansip Baron geus ngajega hareupeun.

“Eh, Mang Baron. Kumaha damang, Mang?” pok téh bari nyolongkrong ngajak sasalaman.

“Pangésto. Enya, heug, dihampura pisan. Sok ayeuna mah geura mulang! Karunya nu ngadaragoan.....” témbal Hansip Baron bari leungeun katuhuna nampanan dampal leungeun. Sasalaman téh asa béda. Naon maksudna leungeun kénca Hansip Baron ngusapan sirah? Jeung deui, tadina mah réa nu rék ditanyakeun ka Hansip Baron. Boh kaayaan anu ngadaragoan di imah, atawa lembur nu opat taun ditinggalkeun ngumbara. Hanjakal Hansip Baron bangun ngarurusuh nitah balik. Antukan léos baé ninggalkeun Hansip Baron, muru jalan ka imah anu geus réa robahna.

Teu karasa, dampal suku geus ngagaléntoran lemah pakarangan imah. Ké, naha batur bet ngarumpul di imah? Naha? Jalma mani ngagimbung tur ngantay lebah lawang panto. Mang Amanta leumpang semu rurusuhan ka sisi jalan bari mawa bandéra hideung anu ditalikeun kana suluh. Ceb, ditancebkeun sisi jalan, teu pati jauh ti pakarangan imah. RT Lili nuturkeun bari mawa bandéra warna konéng. Srog, ka hareupeun Mang Amanta.

“Ulah ku warna hideung atuh! Tangara nu maot mah warnana kudu konéng!” pokna RT Lili, rada muncereng.

“His, di mamana ogé tangara nu maot mah kudu hideung. Bisi teu percaya, hayu urang lalajo sinétron. Lamun adegan ngalayad anu maot, pasti maké baju hideung!” témbal Mang Amanta.

“Lain! Salah kabéh ogé! Anu bener mah maké bandéra bodas! Bodas téh apan lambang kasucian. Sok wé cirikeun, nu maot mah pasti dibungkus boéh. Anu nu ngaranna boéh, tara aya nu rupana konéng di lembur urang mah!” teuing ti lebah mana jolna, Kadus Ukar ujug-ujug ngaronghéap bari mekel bandéra bodas.

*“Pa Kadus, di mamana ogé pami aya nu pupus mah sok nancebkeun bandéra konéng...” RT Lili keukeuh kana pamadeganana.*

*Panasaran. Anu keur hog-hag téh disampeurkeun.*

*“Pa Kadus, Mang RT, Mang Amanta, kumaha daramang? Punten badé tumaros, dupi anu maot téh saha?” tanya téh bari nyolongkrong ngajak sasalaman.*

*“Enya, heug, dihampura pisan. Geus ulah loba tatanya. Tuh, anu ngalayad geus narungguan ti isuk-isuk. Sok, ayeuna mah buru geura ngajepat di tengah imah!” témbal Kadus Ukar.*

*“Kumaha maksud Pa Kadus teh? Asa kirang ngartos abdi mah...”*

*“Ilaing pan geus maot, naha masih kénéh kulayaban?” pokna RT Lili bari mencrong seukeut naker.*

*“Maot? Abdi mah teu acan maot, Mang RT! Nu maot mah Asih! Sanés abdi...” témbal téh bari kerung. Teu di kota, teu di lembur, bet nyebut maot ka nu masih kénéh hirup.*

*“Enyaan, nu maot jaman ayeuna mah sok loba nyarita...” Mang Amanta ngagerendeng bari ngusap beungeut.*

## PABUKON

- Durahman, Duduh. 1991. *Sastra Sunda Sausap Saulas*. Bandung: Geger Sunten.
- Etti, R.S. 2012. *Jangjawokan*. Jawa Barat: Dinas Pariwisata dan Kebudayaan.
- Faturohman, Taufik, Drs. 1982. *Tatabasa Sunda*. Bandung: Djatnika.
- Faturohman, Taufik, Drs. 1983. *Ulikan Sastra; Pangajaran Sastra Sunda Pikeun Murid SMTP*. Bandung: Djatnika.
- Hadi, Ahmad, Drs. 1991. *Peperenan*. Bandung: Geger Sunten.
- Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah FPBS UPI. 2008. *Éjahan Basa Sunda*. Bandung: Sonagar Press.
- LBSS. 1980. *Kamus Umum Basa Sunda*. Bandung: Taraté.
- Muchtar, R.H. Uton. 1994. *Modana*. Bandung: P.T. Manglé Panglipur.
- PP-SS. 2003. *Campaka Mangkak; Antologi Karangan nu Ngarora*. Bandung: PP-SS.
- Rusyana, Yus, Drs. 1978. *Panyungsi Sastra*. Bandung: Gunung Larang.
- Satjadibrata, R., 2005, *Kamus Basa Sunda*. Bandung: PT. Kiblat Buku Utama.
- Setiawan, Hawé. 2007. *Kembang Kadengda; Antologi Carita Pondok*. Bandung: Dinas Kebudayaan dan Pariwisata Provinsi Jawa Barat.
- Sudaryat, Yayat, Drs. 1985. *Pedaran Basa Sunda*. Bandung: Geger Sunten.
- Tamsyah, Rahayu, Budi, Drs. 1991. *Kamus Undak Usuk Basa Sunda*. Bandung: Geger Sunten.
- Tamsyah, Rahayu, Budi, Drs. 1996. *Pangajaran sastra Sunda*. Bandung: Pustaka Setia.
- Wibisana, Wahyu. 2000. *Lima Abad Sastra Sunda; Sebuah Antologi*. Bandung: Geger Sunten.
- \_\_\_\_\_. 1979. *Misalkan Anda Seorang Wartawan Tempo*. Jakarta: Biro Pendidikan Majalah Berita Mingguan TEMPO.

